Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Shuhrat Ergashev, Begzod Xodjaev,**
**Jamshid Abdullaev**

# JÁHÁN TARIYXÍ

**(1918 – 1991-jıllar)**

***Orta bilim beriw mákemeleriniń 10-klası hám orta arnawlı, kásip-óner bilim beriw mákemeleriniń oqıwshıları ushın sabaqlıq***

Birinshi basılıwı

Ózbekistan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tastıyıqlaǵan

Tashkent
«TURON-IQBOL»
2017

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**UOʻK 94(100)(075.3)=512.121**
**KBK 63.3(0)ya721**

**E 82** **Ergashev, Shuhrat**
Jáhán tariyxı [Tekst]: Orta bilim beriw mákemeleriniń 10-klası hám orta arnawlı, kásip-óner bilim beriw mákemeleriniń oqıwshıları ushın sabaqlıq / Sh. Ergashev, B. Xodjayev, J. Abdullayev. – Tashkent: «Turon-Iqbol», 2017. – 144 b.

**KBK 63.3(0)ya721**

**Juwapker redaktor:**
Tariyx ilimleriniń doktorı, professor **M.Rahimov**

**Pikir bildiriwshiler:**
Tariyx ilimleriniń kandidatı **T. Bobomatov**
Tariyx ilimleriniń kandidatı **A. Abduqodirov**
Respublikalıq bilimlendiriw orayınıń bas metodisti **Sh. Safarova**
Tashkent qalası Sergeli rayonı 266-mekteptiń joqarı kategoriyalı tariyx páni fani muǵallimi **Z. Umarova**
Tashkent qalası Mırza Ulugbek rayonı 248-mekteptiń tariyx páni muǵallimi **F. Amanova**
Qarshı Mámleketlik universiteti janındaǵı 2-akedemiyalıq liceydiń tariyx páni muǵallimi **B. Rahimov**
Tashkent Transpot kásip-óner kolledjiniń tariyx páni muǵallimi **X. Matqurbonov**

## Shártli belgiler


Internet penen islewge baylanıslı tapsırma


Esleń


Karta menen islewge baylanıslı tapsırma


Dóretiwshilik jumıs tapsırması


Atamalar túsinigi


Tariyxıy shıǵarmalar menen islewge baylanıslı tapsırma



Yadta saqlań


Ózińizdi sınań

**Respublıkalıq maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı.**

ISBN 978-9943-14-477-4

© Sh. Ergashev hám basqalar. 2017.
© «TURON-IQBOL», 2017.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# KIRISIW

Isaniyat tarixında Birinshi Jáhán urısınıń juwmaǵı – 1918-jıldan baslanıp, házirgi kúńge shekemgi dáwiri «Eń jańa tariyx» dep ataladı.

«Eń jańa tariyx» insan jámiyeti rawajlanıwında **industrial sivilizaciyadan postindustrial sivilizaciyaga** ótiw dáwiri sıpatında qaraladı.

Eń jańa dáwir tariyxında salıstırmalı ǵárezsiz bolǵan úsh basqıshtı ajıratıp kórsetiw múmkin.

**Birinshi basqısh 1918 – 1945-jıllar** – industrial jámiyet sociallıq-siyasiy sistema krizisiniń baslanıw dáwiri. Bul krizis ekinshi Jáhán uruslarinda, socialistlik hám milliy-azatlıq revolyuciyaların da, Germaniya, Italiya, Yaponiya, SSSRda totalitar dúzimlerdiń ornawında, sociallıq qarama-qarsılıqlardıń keskinlesiwinde kórindi. **Bul basqıshtıń mazmunın jámiyet rawajlanıwınıń eki tiykarǵı modelleri – liberal-demokratiyalıq hám totalitar dúzimler arasındaǵı gúres quraydı.**

**Ekinshi basqısh 1945 – 1991-jıllardı** óz ishine aladı. Bul basqısh mazmunın koloniyalıq sistemanıń krizisi hám kóplegen ǵárezsiz mámleketlerdiń payda bolıwı, «salqın urıs», dúnyanı yadrolıq apatshılıq jaǵasına alıp kelgen qurallanıw jarısı quraydı. **Ekinshi Jáhán urısınan keyin payda bolǵan socialistlik lager menen Batıs mámleketleri ortasındaǵı global qarama-qarsılıq bul dáwirdiń xarakterli tárepi bolıp esaplanadı.**

**1991-jıldan baslanǵan úshinshi basqısh** xalıqaralıq qatnasıqlarda qáliplesken eki polyusli sistemanıń krizisi, sociyalistlik sistemanıń joq bolıwı, SSSRdıń tarqalıp ketiwi hám burınǵı sovet respublikalarınıń ǵárezsiz rawajlanıw jólına ótiwi menen baslanadı. **Bul dawir Jáhán sivilizaciyasınıń globallasıwı, «úshinshi dúnya» mámleketleri rawajlanıwınıń tezlesiwi, sivilizaciyalar ortasındaǵı qarama-qarsılıqlardıń kúsheyiwi menen xarakterlenedi.**



**Industrial civilizaciya** – bul sanaat hám ilim-texnika rawajlanıwına tiykarlanǵan civilizaciya.

**Posindustrial civilizaciya** – bul ekonomikada sanaattıń joqarı ónimli innovacion sektorı, jalpı ishki ónimlerde ilim jetiskenlikleri hám xabar texnologiyaları, ekonomikalıq hám basqa da xızmet tarawlarında báseki ústin bolǵan jámiyet. Bul civilizaciyaǵa xabar jámiyeti atamasıda qollanıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 1-TEMA. 1918 – 1939-JÍLLARDA XALÍQARALÍQ QATNASÍQLAR

Birinshi Jáhán urısı xalıqaralıq qatnasıqlarǵa hám dúnyanıń siyasiy kartasına úlken tásir kórsetti. Germaniya, Avstriya-Vengriya hám Usmaniylar imperiyaları tarqalıp ketti, Evropada jańa mámleketler payda boldı, Rossiyada monarxiya awdarıldı. Urıstıń tamamlanıwı menen jeńimpaz mámleketler xalıqaralıq qatnasıqlarda jańa tártip ornatıw, urıstan keyingi dúnyanıń kórinisin belgilew ushın Parijge jıynaldı.

**Birinshi jáhán urısınıńıń kelip shıǵıw sebepleri hám bánesi nelerden ibarat edi?**



Devid Lloyd Jorj, Jorj Klemanso hám Vudro Vilson (shepten).

**Parij tınıshlıq konferenciyası.** Parij jaqınındaǵı Versal sarayında **1919-jıl 18-yanvardan 1920-jıl 21-yanvarǵa** shekem 27 mámleket wákilleriniń qatnasında tınıshlıq konferenciyası bólıp ótdi. Konferenciyada sheshiwshi roldi «Úlken úshlik» – Ullı Britaniya hám Franciya bas wazirleri Devid Lloyd Jorj, Jorj Klemanso hám AQSH prezidenti Vudro Vilson atqardı. Konferenciya processindegi uzaq tartısıwdan soń Germaniya menen pitim shártleri kelisildi. **1919-jıl 28-iyunda** Germaniya **Versal tınıshlıq shártnamasına** qol qoydı. Shártnamaǵa kóre Germaniya Birinshi Jáhán urısınıń baslanıwı ushın jeke juwapker dep daǵazalandı. Ol jeńimpaz mámleketler paydasına júdá úlken – **132 mlrd. marka reparaciya (taban)** tólewi lazım edi. Keyin Germaniyanıńıń awqamlasları bolǵan basqa jeńilgen mámleketler – Avstriya, Bolgariya, Vengriya hám Turkiya menen de sonday shártnamalarǵa qol qoyıldı.

**Milletler Ligasınıń shólkemlestiriliwi. Mandat sisteması.** AQSH prezidenti Vudro Vilson baslaması menen Parij **tınıshlıq** konferenciyasında xalıqaralıq shólkem – **Milletler Ligası** shólkemlestirildi. Jáhánde tınıshlıq ushın gúres, xalıqlar ortasında birge islesiw hám qáwipsizlik máseleleri Milletler Ligasınıń tiykarǵı wazıypaları etip belgilendi. Dáslep jeńilgen mámleketler hám Sovet Rossiyası oǵan qabıl etilmedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Versal tınıshlıq shártnaması... «Úlken úshlik» bul ...**
**Milletler Ligası ... Mandat sisteması ...**

Germaniya koloniyaların hám Turkiyanıń Jaqın Shıǵıstaǵı jerlerin jeńimpaz mámleketler tárepinen bólip alıw ushın Milletler Ligası Nızamına mandat, yaǵnıy belgili bir aymaqtı basqarıw ushın tolıq huqıqqa iye bolıw túsinigi kiritildi. Milletler Ligası atınan **1919-jıl mayda** Ullı Britaniya hám Franciya Aziya hám Afrikadaǵı úlken aymaqlardı basqarıwǵa mandat aldı. Usı tárizde «mángilik tınıshlıq» quralı dep daǵaza etilgen Milletler Ligası jeńimpaz mámleketlerdiń dúnyanı ózara bólip alıwına nızamlı tús berdi, awqamlaslardıń urıstaǵı jeńisin bekkemledi.



Reparaciya zulımı. Nemis plakatı.

**Vashington konferenciyası.** Uzaq Shıǵıs hám Tınısh okeanındaǵı tartıslı mashqalardı sheshiw hám teńizdegi qurallardı sheklew maqsetinde **1921-jıl 12-noyabrden 1922-jıl 6-fevralǵa** shekem toǵız mámleket wákilleri qatnasında **Vashington konferenciyası** bolıp ótti. Konferenciya da tiykarǵı roldi AQSH, Ullı Britaniya hám Yaponiya atqardı. **1921-jıl dekabrde** Vashington konferenciyasında tórt mámleket – AQSH, Ullı Britaniya, Franciya hám Yaponiya órtasında shártnamaǵa qol qoyılıp, bul mámleketlerdiń Tınısh okeanı baseynindegi óz atawlarına iyelik etiw huqıqlarına kepillik berildi.

**1923-jılı** Lozanna tınıshlıq shártnamasına qol qoyılıp, onda Turkiyanıń urıstan keyingi shegaraları belgilenip berildi hám ǵárezsizligi tán alındı. Ol Birinshi Jáhán urısınan keyin júzege kelgen aymaqlıq ózgerislerge nızamlı tús berilgen sońǵı iri shártnama boldı.

1919 – 1923-jılları qol qoyılǵan shártnamalar hám jáhándeǵi kúshlerdiń jańa qatnası xalıqaralıq qatnasıqlardıń **Versal-Vashington sisteması** atın aldı. Versal-Vashington sisteması bir topar mámleketlerdiń dúnyaǵa húkimdarlıǵın ornattı, dúnya siyasatında AQSH tásiriniń sezilerli kúsheygenligin kórsetti. Bul usıl jeńimpazlar hám jeńilgenler ortasındaǵı qarama-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qarsılıqlar sistemasın payda etip, bul jeńilgenlerdiń ósh alıw, ádalatlı tártip ornatıw ushın umtılıwına, jańa urısqa alıp keldi.




Birinshi jáhán urısınan soń Evropa mámleketleriniń shegaraları. 1929-jıl.

Birinshi jáhán urısınan soń Batıstıń bir qatar mámleketlerinde oń radikal, ekstremistlik háreketler payda bolıp, ulıwmalıq at penen **fashizm** dep ataldı. Fashistlik háreketlerdiń liderleri sociallıq ezbelilikten keń paydalandı, adamlardıń milletshilik sezimlerine tásir ótkeriwge háreket etti, óz milleti ushın sociallıq ádalattı, «jańa jámiyet»tiń ózlerine maqul formasın qurıwına wáde etti.



**«Máńgi tınıshlıq» quralı ...**
**Versal-Vashington sisteması bul ...**
**Vashington konferenciyası ...**
**Fashizm bul ...**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Versal-Vashington sistemasınıń krizisi hám joq bolıwı.** Versal-Vashington sisteması amanat bolıp shıqtı. Ol da jeńimpazlar hám jeńilgenler ortasındaǵı óz-ara qarama-qarsılıqları sebepli jemirilip bardı. Áskeriy kúshke tayanıw kóp tárepten kapitalistlik mamleketlerdiń xalıqaralıq maydandaǵı poziciyasın belgilep berdi. Bunnan soń qurallanıw jarısın sheklew boyınsha ótkerilgen konferenciyalardıń birde-biri qanaatlandırarlı nátiyje bermedi, olarda da ulıwmalıq kelisimge erisilmedi.

Áqıbetinde 1930-jıllardıń aqırına kelip, Versal-Vashington sistemasına Evropada heshbir mámleket ámel qılmay qoydı. Bul sistemasınıń krizisi ullı mámleketler ortasında óz mápleri ushın gúresti háwij aldırıp jiberdi. Bir tárepten, Ullı Britaniya hám Franciya, ekinshi tárepten Germaniya, Italiya hám Yaponiya ortasında qarama-qarsı áskeriy-siyasiy awqamlar payda boldı. SSSR hám AQSH usı qarama-qarsılıqlardan óz mápleri jolında paydalanıw maqsetinde kútip turıwdı maqul kórdi.

Usı dawirde Yaponiya Uzaq Shıǵısta óziniń agressiyalıq rejelerin ámelge asırıwǵa kiristi. **1931 – 1932-jılları** Yaponiya Manchjuriyanı basıp aldı hám Manchjou-Go quwırshaq mámleketin dúzdi. **1933-jılı** Yaponiya Milletler Ligasınan shıqtı. Bunnan soń ol Qıtayǵa qarsı agressiyanı kúsheytti hám **1937-jıl iyulda** keń kólemdegi urıs háreketlerin baslap, Oraylıq Qıtaydı hám basqa bir qatar aymaqlardı basıp aldı. Usı tárizde Aziyada da jáhán urısı oshaǵı payda boldı, dúnya áste-aqırın, qádembe-qádem jańa jáhán urısına qaray jıljıy basladı.



**Konferenciya** (konferentia – bir orınǵa toplayman) — mámleket yaki partiya, jámáát hám alımlar wákilleriniń anıq bir máseleni qarap shıǵıw ushın jıynalısı.

**Milletler Ligası** – Birinshi jáhán urısınan keyin dúzilgen xalıqlardıń tınıshlıq hám qáwipsizlik jolındaǵı birge islesiwin ámelge asırıwshı xalıqaralıq shólkem.

**Fashizm** (birlespe) – Italiyada payda bolǵan siyasiy aǵım. Hákimiyat basına kelgennen keyin, fashistler zorlıq etiwdiń jawızlıq formaların qollanıwshı hám jámiyet ústinen jalpı qadaǵalaw ornatıwshı terroristlik diktaturanı payda etti.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Jeńimpaz mámleketler Parij tınıshlıq konferenciyasında qanday maqsetlerdi gózlegen edi?
2. Vashington konferenciyası qanday maqsette shaqırılǵan edi? Onıń juwmaqları haqqında aytıp beriń.
3. Versal-Vashington sisteması krizisiniń sebepleri nede edi?
4. Birinshi jáhán urısı hám onnan keyingi dáwir Aziya hám Afrika mámleketleriniń rawajlanıwında qanday dáwir boldı?
5. Milletler Ligası nege nátiyjeli xızmet kórsete almadı?

### Óz betinshe jumıs



Tekstte keltirilgen karta menen tanısıń hám birinshi jáhán urısınan keyingi Evropa mámleketleriniń siyasiy-aymaqlıq bóliniwin túsindirip beriń.



«Birinshi jahan urusınıń aqibetleri sonda...» temasında tiykarlanǵan esse jazıń.

## 2-TEMA. 1918–1939-JÍLLARDA ILIMIY-TEXNIKALÍQ RAWAJLANÍWDÍŃ TEZLESIWI, ILIM-FÁNDEGI JETISKENLIKLER

Bul dáwirde dúnyanıń sociallıq-ekonomikalıq kórinisin ózgertken eń áhmiyetli faktorlardıń biri ilimiy-texnikalıq rawajlanıw boldı. Ilimdi islep shıǵarıwshı kúshke aylandırıwdıń uzaq dawam etken processi juwmaqlanıp, XX ásir baslarında ilimiy-texnikalıq revolyuciyaǵa alıp keldi.

**Anıq hám tábiyiy pánlerdegi revolyuciya.** Teoriyalıq bilimlerdiń ámeliy áhmiyetke iye ekenligi, yadro energiyasınıń oylap tabılıwın da anıq kóriniste boldı. Amerikalıq Enriko Fermi hám fransuz Frederik Jolio-Kyuri uranniń bóliniwi processinde júz beretuǵın shınjırlı reakciya nátijesinde júdá úlken energiya ajıralıp shıǵıwı haqqındaǵı ideyanı payda etti.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**XIX asir aqırı XX asir baslarına shekem insaniyat ilim-pánde qanday jetiskenliklerge erisken edi?**

Usı dáwirde fizikanıń ayrıqsha bağdarı atom fizikası da payda boldı. **1938-jılı** nemis alımları uran yadroları ajıralıp shığıwınıń shınjırlı reakciyanı oylap taptı. Insaniyat aldında atom energiyasınan faydalanıwdıń quramalı mashqalası payda boldı.

Atom bombasın jaratıw ústinde izleniwler Germaniya, burunğı Sovet Awqamı hám basqa bir qatar mámleketlerde de dawam ettirildi. Biraq AQSH óz qarsılaslarınan bir qansha ilgerilep ketti. **1942-jıl** Chikagoda Enriko Fermi dáslepki atom reaktorın jarattı. Birinshi atom bombası **1945-jıl** AQSHtıń Nyu-Meksiko shtatındağı poligonında sınap kórildi.



Enriko Fermi atom reaktorınıń tiykarın salıwshı.

Fizika tarawındağı jańa teoriyalardıń ámeliyatqa engiziliwi kóplegen jańa texnikalıq oylap tabılıwlarğa alıp keldi. Tariyxta dáslepki hárekatleniwshi kórinisti elektron-nurlı trubka járdeminde aralıqqa uzatıwdı **1928-jılı** oylap tabıwshılar Boris Grabovskiy hám Ivan Belyanskiy **Tashkentte** ámelge asırdı. Tashkent tramvay tresti bazasında ótkerilgen bul tájiriybeni alımlar zamanagóy televideniyeniń payda boliwı, dep esapladı. Usı tárizde **televidenie ásiri** baslandı.

1920-jılları sesli kino ústinde islew dáwiri boldı. Kóplegen tájiriybelerden soń **1927-jılı** Nyu-Yorkda kórgizbe etilgen **«Djaz qosıqshısı»** filmin qánigeler tárepinen birinshi sesli kino dep tán alinğan. Tamashalar ishindegi eń keń tarqalğan sesli kino óz dáwirin usılay basladı.

XX ásirdiń baslarında biologiya ilimi de tezlik penen rawajlandı. **1922-jılı** fiziolog alımlar Jon Makleod hám Frederik Banting kóplegen tájiriybeler processinde ót qaltası gormonı bolğan insulindi alıwğa miyasar boldı. Qantlı diabet keselligi endi biydawa kesellik bolmay qaldı. Insulinniń oylap tabılıwı XX ásirdiń eń ullı ashılıwlarınıń biri dep tán alındı. Jon Makleod hám Frederik Banting fiziologiya hám medicina boyınsha Nobel sıylığına miyasar boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Atom bombası ...** **Birinshi sesli kino bul ...**

Usı dáwirde vitaminler, garmonlardıń oylap tabılıwı hám virusologiya tarawındaǵı jetiskenlikler de úlken áhmiyetke iye boldı. Bul ashılıwlar mikrobiologiya sanaatınıń payda bolıwı ushın tiykar jarattı. Biologiyanıń rawajlanıwı túrles ilimler – ximiya hám medecinaǵa úlken tásir kórsetti.


Pennitsillin oylap tabıwshısı Aleksandr Fleming.

**1928-jılı** britaniyalı alım Aleksandr Fleming óz laboratoriyasında bir qansha waqıttan beri toplanıp qalǵan ıdıslardı jıynastırıp atırıp, olardıń birewindegi piliske kózi túsedi. Tekserip kórilgende bul júdá biybaha **Penicillium** túrine kiriwshi pilis bolıp shıqtı. Penitsillin, keyin bolsa basqa antibiotiklerdiń ashılıwı juqpalı keselliklerdi emlewde haqıyqıy revolyuciya boldı. 1945-jılı **Aleksandr Fleming** Nobel sıylıǵına miyasar boldı. Kóplegen keselliklerdi Aleksandr Fleming oylap tapqan penitsillinısiz hám antibiotiklerdiń jańa áwladısız emlew búgingi kúnde múmkin bolmas edi.

1930-jıllarǵa kelip fizika, ximiya sıyaqlı tabiyiy pánlerdiń rawajlanıwı jańa júdá bekkem materiallardı jaratıw imkaniyatın berdi. **AQSH** hám **Germaniyada** kapron, perlon, neylon, sintetik qatron sıyaqlı jasalma talalardıń alınıwı jańa, júdá sıpatlı konstruktiv materiallar alıw imkaniyatın jarattı. Ekinshi jáhán urısınan keyin olardı massalıq islep shıǵarıw baslandı.

1930-jıllardıń aqırına kelip rawajlanǵan mámleketlerde sanaattıń úlken bólimi elektrlestirildi. Puqara aviatciyası, telegraf, radioesittiriwler keń tarqaldı. **1927-jılı** Ullı Britaniyanıń ataqlı radiokorporaciyası **Bi-bi-si** shólkemlestirildi.

**1928 jılda ...**
**Bi-bi-si ...**
**Penicillium ...**
**Nobel sıylıǵına múnásip tabılǵanlar ...**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ilim hám texnikadaǵı jańalıqlar adamlardıń kúndelikli turmısın ózgertip jiberdi. Xalıqtıń bay hám orta hal bóliminde jeke avtomobiller payda boldı. Kóplegen jumısshılar jumısqa motacikl hám velosipedlerde qatnay basladı. Turmıslıq texnikalar – muzlatqıshlar, shańjutqıshlar, kir juwıwshı mashinalardan, sonday-aq, telefon hám grammofonnan paydalanıw keń tarqaldı.

Qullası, bul dáwirde fizika hám basqa tábiyiy pánlerdegi úlken dúnyanı tań qaldırarlıq ashılıwlar hám de ilimiy-texnikalıq revolyuciya industrial sivilizaciyanıń keyingi rawajlanıwına tikkeley tásir kórsetti. Bul dáwirde ilimniń rawajlanıwı insan kámilliginiń eń joqarǵı jeńisi boldı.

## Bekkemlew ushın ushın soraw hám tapsırmalar

1. XX ásırde ilimiy-texnikalıq rawajlanıwdıń jedellesiwiniń sebepleri nelerden ibarat edi?
2. XX ásirdiń birinshi yarımında fizika tarawındaǵı ashılıwlardıń tiykarǵı natiyjesi nelerden ibarat boldı?
3. Zamanagóy elektron televideniyeniń payda bolıwı qanday ashılıwlarǵa baylanıslı boldı?
4. Insulin hám penicillinniń ashılıwı qanday keselliklerdi emlew imkaniyatın jarattı?

## Óz betinshe jumis



Internetten XX ásirdiń birinshi yarımında jaratilǵan ashılıwlarǵa baylanıslı súwretlerdi izlep tabıń hám súwretli klaster dúziń.



XX ásirdiń birinshi yarımında jaratılǵan ashılıwlardıń jańa úlgileri hám házirgi waqıtta gónergen dizimlerin jazıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 3-TEMA. 1918 – 1939-YÍLLARDA ULLÍ BRITANIYA

**Ekonomikalıq rawajlanıw hám sosiallıq háreketler.** Birinshi jáhán urısı Ullı Britaniyanıń húkimran sheńberine úlken siyasiy jeńis hám abıroy alıp keldi, koloniyalıq imperiya jáne de keńeydi, úlken reparaciya alındı. Biraq bul jeńis Ullı Britaniya ushın júdá qımbatqa tústi. Urıstan aldın kreditor (qarız beriwshi) bolǵan Ullı Britaniya AQShtan hám óz domininionlarınan qarızdar bolıp qaldı. Ekonomikalıq ósiw tezligi júdá tómen bolıp, krizis hám turǵınlıq ádettegi halǵa aylandı.

**Ullı Britaniyada ótkerilgen parlament reformalarınıń áhmiyeti nelerden ibarat boldı?**



Ullı Britaniya kartası.

Is taslaw háreketleri áhmiyetli tús aldı. Jumısshılar is haqınıń kóbeytiliwin hám jumıs kúniniń qısqartılıwın talap etti. Usınday sharayatlarda shaxtyorlar is haqısınıń kemeyttiriliwi Ullı Britaniya tariyxındaǵı eń úlken sociallıq kelispewshiliklerden biri – 1926-jıl mayda jumısshılardıń ulıwmalıq is taslawın keltirip shıǵardı.

Jáhán ekonomikalıq krizisi Ullı Britaniya ekonomikasına júdá úlken tásir etpedi. 1934-jıldan baslap mámleket krizisten shıǵa basladı. 1937-jılı Ullı Britaniya sanaattıń tiykarǵı tarawları boyınsha jáhán ekonomikalıq krizisinen aldıńǵı kórsetkishlerge jetip aldı.

Sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdıń ósiwi tiykarınan úy-jay qurılısınıń keskin ósiwi hám sanaattıń avtomobilsazlıq, samolyotsazlıq, dvigateller hám radio apparaturaların islep shıǵarıw sıyaqlı jańa tarawlardıń ósiwi esabınan júz berdi.

Ullı Britaniya ekonomikasınıń tikleniwinde áskeriy sanaattıń tez pát penen rawajlanıwıda úlken rol oynadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Siyasiy turmıs.** Ullı Britaniya uzaq jıllar **konservatorlar hám liberallar** mámleketti basqarıp, parlament saylawları nátiyjesinde bir-birin almastırıp keldi. Bul eki partiyalı siyasiy sistema jámiyette turaqlılıqtı saqlap turdı.




Ullı Britaniya imperiyası. XX ásirdiń 30-jılları.

Mámlekettegi quramalı siyasiy hám ekonomikalıq jaǵdaylarda, keń miynetkesh xalıqtıń sanasında áhmiyetli ózgerisler ńátiyjesinde 1918–1924-jılları dástúriy eki partiyalı sistema kúshli krizisti basınan keshirdi. Usı sebepli 1920-jıllarıń basında leyboristler Ullı Britaniya siyasiy sistemasında ekinshi partiya sıpatında ornalasıp aldı. Olar 1924-jılı yanvarda Ullı Britaniya tariyxında birinshi márte húkimetti basqardı. Jámáát palatasında



Uinston Cherchill.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kópshilik orınǵa iye bolmaǵan bul partiya da bir jılǵa jaqın hákimiyatta turdı, biraq jumıssızlar hám pencionerlerdiń awhalın jaqsılaw boyınsha bir qansha is-ilajlardı ámelge asırdı.

1937-1940-jılları húkimetti konservatorlar jetekshisi Nevill Chemberlen basqardı. 1938-jılı Myunxen kelisiwine qol qoyılıwı nátiyjesinde, Nevill Chemberlen 1940-jılı húkimet basındaǵı lawazımınan otstavkaǵa shıǵıwǵa májbúr boldı. Húkimetti XX ásir Ullı Britaniya tariyxında júdá úlken rol oynaǵan siyasatshı Uinston Cherchill basqardı.

**Koloniya hám dominionlar menen qatnas.** Ullı Britaniyanıń húkimet basındaǵıları koloniyalardaǵı milliy-azatlıq háreketlerin qural kúshi menen ayawsız bastırdı. 1919-jılı Hindstannıń Armitsar qalasında inglis armiyaları tınısh demonstraciyaǵa shıqqanlardı oqqa tuttı. Mısrda inglislerge qarsı kóterilisti bastırıw maqsetinde jaza operaciyası ótkerildi. Usıǵan qaramastan 1922-jılı inglisler Mısrdıń ǵárezsizligin tán alıwǵa, Ullı Britaniya Awǵanstan hám Irannıń sırtqı hám ishki siyasatın qadaǵalawdan bas tartıwǵa májbúr boldı. Aqırında, irlandlardıń azatlıq ushın alıp barǵan júz jıllıq güresi nátiyjeli juwmaqlandı. 1921-jılı dekabrde Ullı Britaniya dominion huqıqına iye bolǵan «Azat Irlandiya mámleketin» tán aldı.



**1919-jılda ...**
**1924-jıl yanvarda ....**
**1926-jıl mayda ....**

Bul dáwirde Ullı Britaniya menen onıń dominionları-Kanada, Avstraliya, Qubla Afrika awqamı, Jańa Zilandiya ortasındaǵı qatnaslardı **1931-jılı** qabıl etilgen **Vestminstr statuti** dep atalǵan hújjet belgilep berdi. Statutǵa kóre óz ishki ǵárezsizligine iye bolǵan dominionlar menen metropoliya birgelikte **Britaniya Milletler Doslıq awqamı** atamasındaǵı awqamdı shólkemlestirdi.

**Sırtqı siyasat.** 1930-jıllarda óziniń ekonomikalıq, áskeriy hám sociallıq jetiskeliklerin kórgizbe etip atırǵan Germaniyadan qorqıw sezimi Ullı Britaniya siyasatın belgilep berdi. Ullı Britaniya, ulıwma Evropanıń basqa mámleketleriniń de fashizmnen qorqıw sezimi bolajaq urısta fashistlerdiń kúshleri Sovet Awqamına qarsı qaratıladı degen úmit penen qosılıp ketken edi.

Usı úmit sebepli fashistlerdiń zulımlıq siyasatına belsendilik penen qarsılıq kórsetpedi. Bul siyasat tariyxta **«basqınshıǵa jan basıw» siyasatı** atın aldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ullı Britaniyada bul siyasat 1937-jılı hákimiyatqa kelgen bas wázir Nevill Chemberlen atı menen baylanıslı. Baslanıwı sózsiz bolıp qalǵan urıstı shıǵısqa qarap baǵdarlaw maqsetinde Nevill Chemberlen Adolf Gitler, Benito Mussolini hám Eduard Dalade menen birgelikte **1938-jılı Myunxen kelisimine** qol qoyıldı. Kelisiw nátiyjesinde Chexoslovakiyanıń tiykarınan nemis milletine tiyisli bolǵan xalıq jasaytuǵın Sudet wálayatı Germaniyaǵa berildi. Biraq Germaniya bunıń menen sheklenbedi. Ol 1939-jılı 1-sentyabr kúni Polshaǵa bastırıp kirdi hám Ekinshi jáhán urısın baslap jiberdi. 3-sentyabr kúni Polshanıń awqamlası bolǵan Ullı Britaniya Germaniyaǵa qarsı urıs daǵazaladı hám usı taqlette baslanıp ketken Ekinshi jáhán urısına qosıldı.



N. Chrmberlen, E. Daladye, A. Gitler va B. Mussolini Myunxen kelisimine qol qoyılǵannan keyin (shepten).



**Statut – tiykarınan Ullı Britaniya huquqıy mádeniyatına tán bolǵan bayanlawshı xarakterdegi huquqıy hújjet, qarar.**

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Ullı Britaniya Birinshi jáhán urısınan qanday nátiyjeler menen shıqtı?
2. Ullı Britaniya rawajlanıwındaǵı qanday mashqalalar 1926-jıl maydaǵı eń úlken is taslawdı keltirip shıǵardı?
3. Bul dáwirde siyasiy rawajlanıwındaǵı Ullı Britaniyaǵa tán bolǵan qanday tiykarǵı tареplerin ajıratıp kórsetiw múmkin?
4. Ullı Britaniyanıń koloniya hám dominionlar menen múnásibetinde qanday ózgerisler júz berdi?
5. Ekinshi jáhán urısınan aldın Ullı Britaniyanıń sırtqı siyasatınıń tiykarǵı maqseti neden ibarat edi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Óz betinshe jumis



Kartadan paydalanıp, Ullı Britaniya imperiyasına tiyisli aymaqların ornına qaray klassifikaciyalań hám túsindirip beriń.



1918-1939 – jıllarda Ullı Britaniya tariyxına baylanıslı tiykargı túsiniklerdi inglis tiline awdarma jasań hám dápterlerińizge jazıń.

## 4-TEMA. 1918 – 1939-JÍLLARDA FRANCIYA

**Ekonomikalıq rawajlanıw.** Birinshi jáhán urısın Franciya jeńis penen juwmaqladı. Ol óziniń tiykargı dushpanı bolǵan Germaniyanı qıyrattı, materikte basqa belgili dárejedegi qarsılası qalmadı. Biraq bul jeńis francuz xalqına júdá qımbatqa tústi. Tikkeley urıs háreketleri bolıp ótken Franciya aymaǵınıń úshten bir bólegindegi sanaat kárxanaları oyran etildi. Pul keskin qunsızlandı. Franciya AQSHtan qarızdar bolıp qaldı.

Urıs awıl xojalıǵı, sanaat hám kredit sistemasına úlken zıyan jetkerdi. Franciya dúndaǵı kreditorlıq poziciyasın jarım-jartı joǵalttı. Kapitaldıń úlken bólegi kredit tarawınan óndiris tarawına kóshti.

Versal shártnamasına muwapıq Franciya Elzas hám Lotaringiyanı qaytarıp aldı, 15 jılǵa Saar kómir kánin iyeledi, Germaniya koloniyaları esabınan óz imperiyasın keńeytip aldı. Germaniya Franciya ǵa úlken reparaciya tóledi.

Bulardıń hámmesi 1920-jılları sanaattıń ósiwi ushın qolay sharayat jarattı. Sanaattıń avtomobilsazlıq, samolyotsazlıq, neftti qayta islew, ximiya sanaatı sıyaqlı jańa túrleri payda boldı. Usı waqıtta awıl xojalıǵı turǵınlıq jaǵdayın bastan keshirip atırǵan bolıp, ónim jetistiriw urıstan aldıńǵı jaǵdayında edi.



**Ullı francuz burjuaziyalıq revolyuciyasınıń júzege keliw sebepleri nelerden ibarat edi?**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Franciya kartası.

1929–1933-jıllardaǵı jáhán ekonomikasınıń krizisi Franciyada 1930-jılı baslandı. Usı jılı islep shıǵarıwdıń ósiw tezligi azayıp, sanaat islep shıǵarıwı keskin páseyip ketti. Metallurgiya, mashinasazlıq, toqımashılıq hám azıq-awqat sanaatında krizis júz berdi. Óndiristiń páseyiwi jumıssızlar sanınıń artıwına hám is haqınıń kemeyiwine alıp keldi.

Krizisten xalıqtıń barlıq qatlamları úlken ziyan kórdi. Qalada mayda burjuaziyanıń dáramatları keskin túsip ketti, júz mıńlaǵan mayda sáwdegerler mal-múlkinen ayırıldı. Franciyada sanaattıń islep shıǵarıwı 1930-jıllardiń aqırında da krizisten aldıńǵı dárejesine jetpedi.

**Ishki siyasat hám sociallıq mashqalalar**. Birinshi jáhán urısınan keyingi awır awhalǵa qaramastan, Franciyanıń húkimran sheńberleri «Biz



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Parij kóshelerinen biri. 1930-jıllar.

tilegimizdiń hámmesine, hátte kóbiregine eristik» dep, xalıqtı tınıshlandırıwǵa urındı. Germaniya ústinen erisken jeńisten soń mámlekette shovinistlik keypiyatlar keń tarqaldı. 1919-jıl noyabrdegi saylaw kompaniyası milletshilik hám «bolshevikler qáwpi» menen qorqıtıw ruwxı astında ótti. Burjuaziya partiyalarınan ibarat Milliy blok toparı dúzildi. Milliy blok saylawlarda 2/3 bólekten kóbirek dawıs aldı. Bul Franciyadaǵı oń kúshlerdiń eń úlken jeńisi edi.



Parijde fashistler demostraciyası bastırılǵannan soń.

Biraq saylawlarda Milliy blok bergen wádelerin orınlamadı, Franciya 1930-jıllardıń ortalarına shekem sociallıq nızamshılıq tarawında bir qádemde alǵa ilgerlenbedi.

Sonday bolsada, 1926-1929-jılları húkimet puldıń qádirsizleniwin toqtatıwǵa, kún keshiriwdi arzanlastırıwǵa eristi. Sociallıq xızmetke itibar qaratıldı: jumıssızlıq, kekselik, kesellik, mayıplılıq hám hámledarlıq ushın penciyalar engizildi. Usınday jaǵdayda bolıp ótken 1928-jılǵı saylawlarda oń kúshler jeńiske eristi.



**1929 – 1933-jıllar ....**
**1919-jıl noyabr ....**
**Elzas hám Lotaringiya ...**
**1928-jıl ...**

Franciyada ekonomikalıq krizis 1930-jıl aqırında baslandı. Úshinshi respublika úlken qıyınshılıqlarǵa dus keldi. 1929-1932-jılları bir neshe húkimet almastı. Biraq olardıń birde birewi ekonomikalıq krizisti toqtata almadı.

1934-jılı hákimiyatqa jáne ońlar keldi. Franciyada fashistlik rejim ornatılıwı real qáwipke aylandı. Mámlekette fashistler aktivlesken bir paytta húkimet aralaspawshılıq siyasatın alıp bardı. Tek Xalıq frontı fashistlerge qarsı aktiv háreket etti. Biraq ońlar olardı Franciyanı «sovetlestiriwde» ayıpladı. Ońlar jetekshisi Per Laval: «Xalıq frontınan kóre



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Gitler maqul», – dep bayanat berdi. Bul urandı usı dáwir francuz siyasiy elitasınıń úlken bólimi qabıl qıldı. Tap usı jağday Úshinshi respublikanıń nabıt bolıwına alıp kelgen tiykarğı sebeplerdiń biri boldı.

**Sırtqı siyasat.** Versal shártnaması shártleriniń orınlanıwı ushın gúres Franciya sırtqı siyasatında oraylıq orındı iyeledi.


Eduard Dalade.

**1938-jıl gúzde Eduard Dalade** húkimeti Ullı Britaniya menen birge Chexoslovakiyanı fashisitlik Germaniyağa tapsırğan Myunxen kelisiwin maqulladı. Ámelde Myunxen kelisimi jańa jáhán urısına jol ashıp berdi. Bul urıstıń birinshi qurbanlarınıń biri Franciyanıń ózi boldı. 1940-jıl 14-iyun kúni nemis armiyası Parijge kirip keldi. Sol waqıtta kópshilik tek Chexoslovakiyağa – Franciyanıń isenimli, sadıq awqalasına bolğan satqınlıq boldı dep oylağan edi. Biraq bul tek Chexoslovakiyağa emes, pútkil dúnyadağı tınıshlıqqa bolğan satqınlıq bolıp shıqtı. Bul satqınlıq nátiyjesinde dáslepki jábir kórgenlerdiń biri francuz xalqı boldı.




**1919-jıl noyabrdegi saylawda Milliy blok dep atalıwshı burjuaziyalıq partiyalardan ibarat topar dúzildi.**

**1940-jıl 14-iyun kúni nemis armiyası Parijge kirip keldi.**

Óz jetekshileriniń keleshekti boljay almaw siyasatı úshinshi respublika ushın júdá qımbatqa tústi: Ol nemis armiyasınıń ayağı astında oyran boldı.



**Shovinizm** – bir rasanıń basqalardan ústinligin dawa etiwshi, milletler ortasında jánjel tuqımın shashıwshı júdá oń, jawız milletshilik.

**Ońlar** – bar bolğan sistemanı keskin ózgertpew, onı konstituciya sheńberinde rawajlandırıw tárepdarları.

**Sollar** – bar bolğan sistemanı ózgertiw, keskin reformalar tárepdarları.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Birinshi jáhán urısı Franciya ushın qanday nátiyjelerge alıp keldi?
2. 1929 – 1933-jıllarda jáhán ekonomikası krizisiniń Franciyaǵa tásiri haqqında aytıp beriń.
3. 1929 – 1933-jıllardaǵı ekonomikalıq krizis Franciya ekonomikası hám siyasiy kúshler teńsalmaqlıǵına qanday tásir kórsetti?
4. Jáhán urısları arasında Franciya sırtqı siyasatınıń tiykarı neden ibarat edi?
5. Onlar jetekshisi Per Laval bayanatı neden ibarat edi?

## Óz betinshe jumıs



Kartaǵa tiykarlanıp, Birinshi jáhán urısınan keyingi Franciya aymaǵın talqılań: aymaqlardı qaytarıp alıw hám joǵaltıwların bahalań.



Franciya mámleketi mısalında sociallıq qorǵawǵa zárúrlilikti júzege keltiriwshi sebeplerdi anıqlastırıń hám pikirleńizdi tiykarlaw ushın dálillerdi dápterińizge jazıń.



Internet qurılmasında 1918-1939-jıllarda Franciya ko'shelerine virtual ekskursiya uyımlastırıń. Oylarıńızdı dapterińizge jazıń.

# 5-TEMA. 1918–1939-JILLARDA AMERIKA QURAMA SHTATLARI

**Ekonomikalıq rawajlanıw hám sociallıq mashqalalar.** Urısqa basqa mámleketlerden keyin qosılǵan, áskeriy háreketlerden uzaqta jaylasqan AQSH bir qansha kem ásker joǵalttı, biraq urısta qatnasıw Amerika biznesi ushın júdá úlken payda keltirdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Dúnya kartasında Amerika Qurama Shtatları.

Urıstan aldın Evropadan qarızdar bolǵan AQSH endi onıń kreditorına aylandı. Urıstan keyin AQSH kambaǵallasqan hám wayran bolǵan Evropadan alımlar hám ilimiy ashılıwlardı jıynap aldı, jańa ashılıwlardı islep shıǵarıwǵa engizdi, jańa texnika hám texnologiyalardıń ájayıp jetiskenliklerin kórgizbe etti.



**AQSHta 1861 – 1865-jıllardaǵı puqaralar urısı qanday nátiyjeler menen tamamlandı?**

1924–1929-jılları tez rawajlanǵan AQSH ekonomikalıq tárepten dúnyanıń eń rawajlanǵan mámleketine aylandı. AQSHta ekonomikanıń eń jańa tarawları: elektrotexnika, ximiya, aviaciya, neft sanaatı, avtomobilsazlıq, kino sanaatı, radio texnika tez pát penen rawajlandı. Kir juwıw mashinaları, muzlatqıshlar, fotoapparatlar, patifon hám radiopryomnikler keńnen islep shıǵarıla basladı. 1920-jıllar aqırına kelip hár eki Amerikalıqtıń birewinde radiopryonik bar edi. Usı jılları jolawshı aviaciyası dáwiri basландı.



Gerbert Guver.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Jumıssızlar demonstraciyasınıń bastiriliwi. Washington, 1932 jil.

Usınday shárayatta **1928-jılı** kongresske bolıp ótken saylawlarda jáne respublikashılar jeńiske eristi. Olar partiyasınan prezidentlikke kandidatura **Gerbert Guverdi 1929-jıl yanvarda** AQSHtıń náwbettegi prezidenti etip sayladı.

Biraq Amerikalarsha gúllep-jasnaw hám aldıńǵı kapitalistlik mámleketler ekonomikasınıń bas tárepinde bolıp, ol bárhulla júz beretuǵın krizislerde belgili boladı. **1929-jılı 24-oktyabrde** Nyu-York fond birjasında baslanǵan krizis sebepli turaqlı rawajlanıw dáwiri tamamlandı. AQSH tıń artınan pútkil kapitalistlik dúnya jáhán ekonomikalıq krizistiń tereń iyrimine súńgidi. Bul krizis kapitalistlik xojalıq formasınıń XIX ásir aqırı XX ásir basları ushın tán bolǵan tariyxıy evolyuciyanı juwmaqladı



Náwbet kútip turǵan jumissızlar. Nyu-York. 1933 jıl.

**1930-jıllardıń** basına kelip AQSH kapitalistlik dúnyanıń tán alınǵan jetekshisine, texnikalıq rawajlanıwıdıń bayraq kóteriwshisine aylandı. Ekonomikalıq krizistiń pútkil qúdreti usı jerde kórinis berdi. Xojalıqtıń dástúriy tipi óz imkaniyatların juwmaqladı. **1929-1932-jılları** sanaattın islep shıǵarıw kólemi **50%ǵa** qısqardı, **13 mln.ǵa** jaqin adam óz jumıs orınlarınan ayırıldı.

AQSH prezidenti Gerbert Guver Amerikansha individualizm hám liberalizm principlerin qorǵap, hesh qánday sociallıq sharalar kóriwge razı bolmadı.



**1928-jılda ...** **1929-jıl 24-oktyabr ...**
**G.Guver iskerligi ...** **1929 – 1932-jıllar ...**

1932-jılı noyabrdegi saylawlarda Guverge qarsı demokratiyalıq partiyadan Franklin Ruzvelttiń kandidaturası qoyıldı. Júdá danqparaz bolǵan bul insan óz ómirin siyasiy xızmetke baǵıshladı. Ol AQSH prezidentligine qatarına tórt márte (1932, 1936, 1940, 1944) saylanǵan jalǵız shaxs.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sonıń ózi de onıń AQSH tariyxındaǵı júdá úlken rolinen guwalıq beredi.

Franklin Ruzvelt ulıwma ortalıq talabınan kelip shıǵıp, sózleriniń birinde. **«Men Amerika xalqına jańa kurs wáde etemen»**, dedi. **«Jańa kurs»** degen bul ózine tartıwshı sóz massalıq uran hám siyasattıń atına aylandı. «Jańa kurs» Amerika kapitalizminiń xarakterin ózgertirip jiberdi. Ol AQSH ekonomikasın jańa, ullı mámleketshilik umtılıwları háwij alǵan dáwirge saykeslestirdi.



Franklin Delano Ruzvelt.

Usı tárizde 1930-jıllardıń ekinshi yarımında AQSH hám onıń keyninen pútkil kapitalistlik dúnya ekonomikalıq krizisten shıǵıp aldı. Usı payıtta olar basqa bir, kóbirek sırtqı siyasat penen baylanıslı mashqalalarǵa dus keldi.



**Jańa kurs ...**
**1938-jıl ...**
**1932- jıldaǵı saylaw nátiyjeleri ...**
**1929- jıl yanvar...**

**Sırtqı siyasat.** 1920 – 1930-jılları AQSH-tıń sırtqı siyasatında júdá áhmiyetli waqıyalar aytarlıqtay kóp bolmadı. Biraq krizis tásiri sırtqı siyasatqa da tásir kórsetti. **1933-jılı** Sovet Awqamı menen diplomatiyalıq qatnasıqlar ornatıldı, usı jılları neytralitet haqqında hám de urısıp atırǵan mámleketlerge qural jetkerip beriw hám kredit ajıratıwdı qadaǵan etiw haqqında nızamlar qabıl etildi. Bul paytta Ispaniyada puqaralar urısı bolıp atır edi hám AQSH neytralitetti qattı saqladı. Ekinshi jáhán urısı baslanǵanǵa shekem izolyacionizm AQSH húkimetiniń ústin siyasatı bolıp qaldı. Tek ǵana **1941-jıl 7-dekabr** kúni Yaponiya flotı Pyorl-Xarborǵa, AQSH flotınıń Tınısh okeanındaǵı tiykarǵı bazasına hújim etkeninen soń ǵana AQSH Ekinshi jáhán urısına qosıldı.



1929-jıl 24-oktyabrde Nyu-York fond birjasında krizistiń baslanıwı.

Keyin ala Franklin Ruzvelt neytralitet haqqındaǵı nızam hám izolyacionizm siyasatınıń qáte bolǵanlıǵın tán alǵan edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Patifon** – plastinkaǵa jazıp alıngan muzıka hám qosıqtı qayta esittiriwshi qurılma.

**Individualizm** – bólek jeke adam máplerin jámiyet ma'plerinen máplerinen ústin qoyıwǵa qaratılǵan teoriya.

**Liberalizm** – parlamentarizm, demokratiyalıq erkinlikler hám jeke isbilermenlik tárepdarların birlestiretuǵın sociallıq-siyasiy aǵım.

**Neytralitet** – mámleketler ortasında alıp barılıp atırǵan urısqa qosılmaslıq imkaniyatın támiyinlewshi huquqıy dáreje.

**Izolyacionizm** – birde-bir mámlekettiń xalıqaralıq mashqalaların sheshiwge qatnasıwdan bas tartıw siyasatı. Kóbinshe AQShtıń ekinshi jahán urısına shekemgi bolgan siyasatına qarata qollanıladı.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Birinshi jáhán urısınıń nátiyjeleri AQSHtıń ekonomikalıq rawajlanıwı hám jáhán siyasatındaǵı ornına qanday tásir kórsetti?
2. 1929 –1933-jıllardaǵı ekonomikalıq krizis AQSH ekonomikası hám sociallıq siyasatında qanday iz qaldırdı?
3. AQSH krizisten shıǵıwdıń qanday jolın tańladı?
4. Krizisten soń AQSH sırtqı siyasatında qanday ózgerisler júz berdi?

## Óz betinshe jumıs



Birinshi jaha'n urısınan keyingi AQSH aymaǵına túsinik beriń.

Kartadaǵı anıqsızlıqlardıń sebebin túsindiriń.



Ruzvelt haqqındaǵı maǵlıwmatlardı tabıwǵa háreket etiń hám tariyxıy insannıń xızmetine baha beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 6-TEMA. 1918 – 1939-JILLARDA GERMANIYA



Kóteriliske shıqqan jumısshılar hám áskerler. Berlin, 1919 jıl.

**Germaniya revolyuciyası.** Germaniya Birinshi jáhán urısında jeńiliske ushıradı. Urıstan keyin bul jerde revolyuciyalıq waqıyalar júz berdi. Revolyuciya áskeriy teńizshilerdiń Kil qalasındaǵı kóterilisinen keyin baslandı. **1918-jıl noyabrge** kelip tártipsizlikler Germaniyaning barlıq iri qalalaların qamtıp aldı. **Noyabr revolyuciyası** jeńiske erisip, Germaniya respublika dep daǵazalandı. Fridrix Ebert basshılıǵındaǵı jańa húkimet dúzildi.

Shólkemlestiriwshi májiliske ótkerilgen saylawlarda tiykarǵı orınlardı liberal hám konservativ partiya wákilleri iyeledi.



**Birinshi jáhán urısında Germaniyanıń ulıwma joǵaltıwları nelerden ibarat edi?**

**1919-jıl 31-iyul** kúni Veymar qalasında Shólkemlestiriwshi májilisi revolyuciyalıq massanıń demokratiyalıq talapların qanaatlandırıwshı konstituciyanı qabıl etti. Germaniya tariyxında jańa – **Veymar respublikası** dáwiri baslandı

**Rur krizisi.** **1923-jılı** francuzlar Germaniyanıń Rur wálayatına bastırıp kirdi. Rur krizisi Germaniyanıń ózinde de siyasiy narazılıqlardı keltirip shıǵardı. 1923-jılıdıń aqırında Evropa mámleketleriniń ishindegi eń qádirsiz pul Germaniyada edi.



Charlz Daues.

Rur krizisinen soń reparaciya hám Evropa qarızları mashqalasınıń sheshimi sıpatında **«Daues rejesi»** qaralıp atırǵan edi. **1924-jılı** Amerikalı bankir Charlz Daues basshılıǵındaǵı komitet xalıqaralıq finans-kredit hám sawda qatnasıqların tiklewdiń strategiyalıq rejesin qabıl etti. Bul reje kapitalistlik dúnyada ekonomikalıq hám siyasiy turaqlılıqtı támiyinlew ushın tiykar boldı. **Charlz Daueske Nobel** sıylıǵı berildi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Germaniyada fashizmniń en jayıwı. 1930-jıllar.

**Germaniya fashizminiń ózine tán tárepleri.** Germaniyada Adolf Gitler basshılıǵındaǵı Germaniya nacional-socialistlik isshi partiyası **1919-jılı** payda boldı. Tiykarında bul partiyanıń Italiyada payda bolǵan fashizmge tuwrıdan-tuwrı baylanısı joq.

Aytıwımız kerek, fashizm sózi gitlershilerge salıstırǵanda tek ádet júzesinen qollanıladı. Ol dúnyadaǵı derlik barlıq xalıqlardıń tillerine kirgen. Biraq sonı inabatqa alıwımız kerek, Germaniyada italyan tipindegi fashizm emes, **nacizm** payda boldı.

**«Pivo qozǵalańı».** **1923-jıl 8-noyabr** kúni Myunxendegi júdá úlken pivoxanaǵa 3000 ǵa jaqın adam jıynaldı. Bunnan paydalanǵan Gitler basshılıǵındaǵı bir topar nacistler Bavariyada hákimiyattı iyelep, Berlinge júris uyımlastırıwǵa urınıp kórdi. Biraq policiya olardıń jolın tosıp, nacistlerdi quwıp jiberdi, onǵa jaqın nacist óltirildi. Gitler hám basqa shólkemlestiriwshiler túrli múddetke qamaqqa taslandı. Bul Germaniyada nacistlerdiń hákimiyatqa keliwi ushın birinshi urınıwı edi. Sátsizlik penen tamamlanıwına qaramastan, «pivo ǵozǵalańı» nacistlik partiyanı ulıwma Germaniya kólemindegi siyasiy kúshke aylandırdı.



**1919-jıl 31-iyul ....**
**«Daues rejesi» ...**
**Rur krizisi ...**
**1923-jıl 8-noyabr ...**

**1932-jıl aprelde** bolıp ótken prezidentlik saylawlarında Gindenburg jeńiske eristi, Gitler onnan sál artta qaldı. Reyxstagǵa bolıp ótken saylawlarda nacional-socialistler jeńiske erisip, eń iri parlament partiyasına aylandı.

**1933-jıl 30-yanvarda** prezident Paul fon Gindenburg reyxstagta (parlament) eń úlken frakciyaǵa iye bolǵan nacional-socialistler jol basshısı Adolf Gitlerdi reyxskansler (húkimet baslıǵı) lawazımına tayınladı.

Veymar konstituciyası biykar etildi, **1934-jılı** prezident Gindenburg qaytıs bolǵannan soń Gitler Germaniyanıń fyureri (kósemi) bolıp aldı. Prezident lawazımı biykar etildi, usı waqıttan baslap Veymar respublikası ámelde óz xızmetin juwmaqladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Gitler totalitar rejimnıń tiykarǵı maqseti «tolıq emes násillerdi» boysındırıw, úlken aymaqlardı iyelew ushın Germaniyanı urısqa tayarlawdan ibarat edi. **1936–1939-jılları** Germaniya ekonomikası tolıq urıs maqsetlerine boysındırıldı, áskeriy qárejetler 10 esege asırıldı, armiya sanı **1914-jıl** dárejesine jetkerildi, áskeriy teńiz flotı reforma etildi. **1935-jılı** ulıwma áskeriy minnet haqqındaǵı nızam kúshke kirdi. Germaniya úlken urısqa tayarlana basladı. Germaniyadaǵı totalitar rejimge Italiya hám Yaponiyadaǵı usınday rejimler awqamlas boldı.




1919-jılǵı Versal tınıshıq shártnaması boyınsha Evropadaǵı aymaqlıq ózgerisler.



**1932-jıl aprelde ...** **1933-jıl 30-yanvarda ...**
**Ulıwma áskeriy minnet haqqındaǵı nızam ...**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1937 – 1938-jılları ekonomikalıq ósiwde erisilgen tabıslar hám sociallıq siyasat gitlershilerdiń basshılarına Germaniyada ishki jaǵdaydı turaqlastırıw imkanın berdi. Bul tiykarǵı maqset – natcional-sotcializm ideyaları ruwxındaǵı jańa jáhán tártibin ornatıw jolındaǵı dáslepki qádem dep qaraldı. 1937–1938-jılları gitlershiler rejiminiń tiykarǵı siyasatı Germaniyanı total ráwishte urısqa tayarlaw, bar bolǵan miynet hám materiallıq resurslardı tolıq baǵdarlaw bolıp qaldı. Áskeriy kadrlardı tayarlaw tezlestirildi, qural islep shıǵarıw asırıldı. Ekinshi jáhán urısı baslanıwı aldında Germaniya Evropada eń úlken armiyanı dúzdi.

Germaniya sırtqı siyasatında da barǵan sayın agressiv xarakterdi kúsheytip bardı. 1938-jılı Avstriya anshlyus etildi, 1939-jılı Chexoslovakiyada Germaniyaǵa qosıp alındı. «Polshadaǵı nemislerdiń taǵdiri haqqında ǵamxorlıq» Ekinshi jáhán urısınıń baslanıwına sebep boldı.



Nemis áskerleri Polsha chegarasın buzıp oʻtpekte. 1939-jıl 1-sentyabr.




**1919- jıl 31-iyul kúni Veymar qalasında konstituciya qabıl etildi.**

**1934-jılı prezident Gindenburg qaytıs bolǵannan soń Gitler Germaniyanıń fyuryeri (kósemi) bolıp aldı.**

**1939-jıl 1-sentyabrde** Germaniya Polshaǵa bastırıp kirdi. Ekinshi jáhán urısı baslandı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Fraksiya** – qaysı bir partiyanıń parlamenttegi aǵzaları yaki siyasiy partiya ishindegi bólek topar.

**Totalitarizm** – (ulıwma, jalpı) – XX ásir hádiysesi bolıp, pútkil siyasiy sistemanıń mámleketke boysınıwı, jámiyet turmısı hám puqaralar ústinen tolıq mámleket qadaǵalawı ornatılıwın názerde tutadı.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Birinshi jáhán urısındaǵı jeńilis Germaniyada qanday ekonomikalıq hám sociallıq mashqalalardı keltirip shıǵardı?
2. Germaniyada fashistlerdiń birishi shıǵıwı – «Pivo qozǵalańı» qanday nátiyje menen juwmaqlandı?
3. «Daues rejesi» qanday maqsetke qaratılǵan edi? Ol kapitalistlik dúnyada ekonomikalıq hám siyasiy turaqlılıqtı támiyinlewge alıp keldi me?
4. Gitler basshılıǵındaǵı nacional-socialistler hákimiyat basına kelgennen keyin qanday siyasiy-ekonomikalıq is-ilajlardı ámelge asırdı? Italyan fashizmi hám German nacizmin salıstırıń.
5. Gitlerdiń totalitar rejiminiń tiykarǵı maqseti neden ibarat edi? Germaniyadaǵı totalitar rejimge túsinik beriń.

## Óz betinshe jumıs



«1919-jılǵı Versal tınıshlıq shártnamasınan soń Germaniya» kartasın talqılań hám Germaniyanıń shegaraların anıqlastırıń.



Tema tekstin «Insert» kestesi tiykarında talqılań hám eki bólimli kúndelik jazıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 7–8-TEMALAR. 1918 – 1939-JILLARDA SSSR

1917-jıl noyabrde Vladimir Lenin basshılığındağı bolshevikler húkimeti – Xalıq komissarları soveti dúzilgennen soń Rossiyanıń basqa aymaqlarında da sovet húkimetin ornatıw baslandı.



**Rossiya tariyxında Romanovlar dinastiyası qashan hákimiyat basına kelgen edi?**

Orınlarda jergilikli hákimiyatlar tarqatılıp jiberildi, basqarıw tolıq sovetler qolına ótti. Jańa hákimiyattıń áhmiyetli tárepi sonda edi, ol partiyalıq basqarıw tiykarında dúzildi hám bolshevikler partiyasınıń hár qanday qararı sovet qararı sıpatında qabıl etiliwi múmkin boldı. Partiya hám mámleket shólkemleriniń birigip ketiwi dúzilip atırğan bolshevikler totolitar dúziminiń áhmiyetli belgisi edi.

**1918-jıl martta** Brest-Litovsk qalasında Germaniya menen kelism dúzildi. Kelisim nátiyjesinde bolshevikler waqtınsha dem alıw imkaniyatına iye bolsada, Rossiya 56 mln. adam jasaytuğın júdá úlken aymaqtan hám Qara teńiz flotinan ayırıldı, Germaniyağa úlken kontribuciya tólew majbúryatın aldı Tariyxshılardıń kórsetiwinshe, kelisim Rossiyanıń pútkil tariyxı dawamındağı eń shermendeli shártnama boldı.



Bolshevikler hákimiyatqa kelgennen soń baslanğan tártipsizlikler puqaralar urısına alıp keldi.

Puqaralar urısı. Kópshilik tariyxshılar Rossiyada Puqaralar urısı 1917-jıl oktyabrde bolshevikler hákimiyatqa keliwi menen baslandı hám 1922-jıl gúzde Uzaq Shığısta «aq gvardiya»nıń qıyratılıwı menen tamamlandı dep esaplaydı.

Puqaralar urısınıń tiykarğı sebepleri jámiyetti qayta qurıwdıń unamlı maqsetleri menen olardı ámelge asırıwdıń radikal usılları arasındağı sáykes emesliginen ibarat edi. Bul urısta hár qılı sociallıq klasslar hám toparlar óz-ara mashqalalar hám qarama-qarsılıqlardı qural kúshi menen sheshti.

Puqaralar urısı dáwirinde shet el, dáslep Antanta mámleketleriniń Rossiyağa qarsı basqınshılıq háreketleri de bolıp, ol **shet el intervensiyası**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

atın aldı. Shet el áskerleri menen sovetlerdiń ishki dushpanları birlesip, **1918-jılı** Rossiyanıń Volga boyı, Ural, Sibir, Uzaq Shıǵıs aymaqlarında sovet húkimetin awdarıp tasladı. Usınday jaǵdayda bolshevikler júdá úlken shólkemlestiriwshilik usılların ámelge asırdı: áskerler sanı 1 mln. adamnan astı; armiyada qatań tártip ornatıldı, Patsha húkimetiniń kóplegen general hám oficerleri sovetler tárepine qatnastırıldı; mámleket «jeke áskeriy lager» dep daǵazalandı



**Brest-Litovsk shártnaması ...**
**1918-jıl ...**
**Rossiyada puqaralar urısı ...**
**1917-jıl oktyabr – 1922-jıl gúz ...**

1918–1922-jılları Sovetler respublikasında ekonomikalıq basqarıwdıń áskeriy usılı – **«áskeriy kommunizm»** siyasatı ornatıldı. Ol puqaralar urısında jeńiske erisiw ushın mámleket barlıq resurslardı baǵdarlawdıń ayrıqsha sisteması edi. Bul siyasattıń eń áhmiyetli tárepleri: jeke múlkshilikti biykar etiw; pul-tovar qatnasıqların toqtatıw hám sanaattı milliylestiriw; teń bólistiriwlerge tiykarlanǵan mámleket sistemasın ornatıw; is haqını azıq awqat ónimleri menen tólew; qala menen awıl ortasında tuwrıdan-tuwrı ónimlerdi almastırılıwın jolǵa qoyıw boldı. Diyqanlardan artıqsha azıq-awqat ónimlerin májbúriy hám tegin tartıp alıw – **azıq-awqat razvyorstkası** engizildi.

Siyasiy tarawda «áskeriy kommunizm» bir partiyalıq sistemanıń ústemshiligi, adminstrativlik-buyrıqpazlıq basqarıw usılınıń engiziliwi hám erkin pikirlewdi qattı quwdalaw menen túsindiriledi. Ruwxıy tarawda ústem ideologiya hám ádep-ikramlıq norması sıpatında marksizm ornatıldı. Bul ayawsız usıllar menen bolshevikler óz maqsetlerine eristi.

Puqaralar urısınıń juwmaqlawshı basqıshı burınǵı Rossiya imperiyasınıń shetki úlkeleri – Kavkazartı, Orta Aziya hám Uzaq Shıǵısta sovet hákimiyatınıń ornatılıwı menen xarakterlenedi. **1922-jıl noyabrde** Qızıl armiya Vladivostok qalasın alıp, Tınısh okeanına shıǵıwı menen Rossiyada Puqaralar urısı tiykarınan juwmaqlandı.

**SSSRdıń shólkemlestiriliwi.** 1922-jılı ámelge asırılǵan áhmiyetli isilajlardıń biri SSSRdıń shólkemlestiriliwi boldı. Milletlerdiń óz huqıqın ózi belgilew principlerinen kelip shıǵıp, barlıq respublikalar federativ mám-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

leketke teń huqıqlı aǵza bolıp kirdi. Nátiyjede, **1922-jıl 30-dekabr** kúni burınǵı Rossiya imperiyası aymaǵında Sovet Socialistik Respublikaları Awqamı (SSSR) shólkemlestirildi.




SSSRdiń shólkemlestiriliwi. 1922-jıl 30-dekabr.

Bul jańa mámlekette eski jámiyettiń tiykarları buzıp taslandı, «mámleket socializmi» (mámlekettiń ekonomikaǵa hám sociallıq qatnasıqlarǵa aralasıwı) ornatıldı hám ekonomika, jámiyet, mámleket misli kórilmegen pát penen reformalastırıldı. Sovet tipindegi «mámleket socializmi» jámiyetti industrlastırıwdıń kapitalistik usılına qarsı kelgen jol edi.

Dáslep SSSRǵa Rossiya, Ukraina, Belorusiya hám Kavkaz artı respublikaları kirdi. 1924-jılı mámlekettiń birinshi konstituciyası qabıl etildi. 1924-jılı Kavkaz artı hám Orta Aziyada milliy-aymaqlıq shegaralanıw ótkerilip, milliy sovet respublikaları shólkemlestirildi. Usı jılları SSSR Evropa mámleketleri tárepinen **1933-jılı** sońǵı iri mámleket – AQSH tárepinen tán alındı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Fritof Nansen.

**Jańa ekonomikalıq siyasat.** 1921-jılı sovet mámleketi kúshli ekonomikalıq hám siyasiy krizisti bastan keshirdi. Mámleket wayran bolǵan, sanaattıń islep shıǵarıwı keskin tómenlep ketken edi. Júz bergen qorqınıshlı qurǵaqshılıq Ukraina, Kuban hám pútkil Volga boyın qamtıp aldı. Bul aymaqlarda asharshılıq baslanıp, sovetlerge qarsı kóterisler boldı. Belgili norveg sayaxatshısı **Fritof Nansen** ashlarǵa ámeliy járdem kórsetiwdi shólkemlestirgenlerdiń biri boldı. Onıń húrmeti hám qattı ótinishi sebepli Batıs mámleketleri ash Rossiyaǵa járdem kórsetti, mıńlap adamlardı ólimnen qutqarıp qaldı.

Mámlekettiń awır krizisli jaǵdayı bolsheviklerdi «áskeriy kommunizm» siyasatınan waz keship, jańa ekonomikalıq siyasat (russha NEP) dep atalǵan kursqa ótiwge májbúr qıldı. NEPtiń áhmiyeti bazar ekonomikasın belgili dárejede tiklew, onı ekonomikalıq mápdarlıq hám xojalıq esabı tiykarında rawajlandırıwdan ibarat edi. NEP májbúriy hám waqtınsha is-ilaj bolıp, bolshevikler krizis tamamlanıwı menen biykar etiwdi gózlegen edi.

NEP jeke isbilermenlikti rawajlandırdı, ekonomikanıń ósiwine kómeklesti. NEP mámleket xalıq xojalıǵın tiklew, islep shıǵarıw hám sawdanı jolǵa qoyıw, awır ekonomikalıq jaǵdaydan shıǵıp alıw imkanın berdi. Biraq NEP SSSRda «bazar socializminiń» ornatılıwına alıp kelmedi. **1924-jılı** Vladimir Lenin qaytıs bolǵannan soń mámlekette Iosif Stalin hám onıń izbasarı tiykarǵı rol oynay basladı. Olar NEP óz rolin orınlap boldı, dep esapladı hám 1927–1929-jıllarda áste-aqırın onı biykar etiw baslandı. Ekonomikalıq evolyuciya, ekonomikalıq básekilik, ekonomikaǵa tásir etiwdiń ekonomikalıq usıllarınıń ornına jámiyetti basqarıwdıń adminstrativlik-buyrıqpazlıq, ayrıqsha, ekonomikalıq emes usıllar tańlandı. Stalin shaxsqa sıyınıw, onı sheksiz ullılaw processi baslanıp, keyin ala millionlap búygúná adamlar repressiya qılındı.



SSSRda industryallastırıw awır miynet esabınan ámelge asırılǵan.

**Industriyalastırıw.** 1920-jıllardıń aqırı – 1930-jıllar basında ámelge asırılǵan



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

eń áhmiyetli is-ilaj mámleketti industriyalastırıw boldı. 1928 – 1932-jıllarǵa mólsherlengen birinshi bes jıllıq sovet rejeli ekonomikalıq dáwirdi baslap berdi. Bes jıllıqtıń tiykarǵı wazıypası SSSRdı agrar mámleketten sanaatı rawajlanǵan hám kúshli áskeriy mámleketke aylandırıw edi. Júdá úlken kúsh hám qarjı awır sanaattıń rawajlanıwına sarıplandı. Usı jılları 1500 iri sanaat kárxanaları qurıldı. Birinshi bes jıllıqta sovet awır sanaatınıń tiykarı jaratıldı.



**«Áskeriy kommunizm» ...** **1922-jıl 30-dekabr ...**
**Azıq-awqat razvyorstkası ...** **1933-jılda ...**
**Jańa ekonomikalıq siyasat ...** **1928 – 1932-jıllarda ...**

**Kollektivlestiriw.** 1928 – 1933-jılları SSSRda kollektivlestiriw dep at alǵan siyasat ámelge asırıldı. Bunıń nátiyjesinde awıldaǵı ózine toq diyqanlar, jer iyeleriniń hámmesi múlkten ayırıldı, kópshiligi qulak sıpatında qamaldı, súrgin etildi, ólim jazası berildi. Kollektivlestiriw aqıbetinde **15 mln.** ǵa jaqın diyqan óz jerlerinen súrgin etildi, bir neshe millionı joq qılındı. Kollektivlestiriwdiń qorqınıshlı aqıbeti usınday bolıp, SSSR tariyxınıń aqırına shekem mámleket ózin-ózi azıq-awqat penen támiyinley almadı. 1933-jılǵı qorqınıshlı ashlıqta Ukraina, Kuban, Volga boyı, Qazaqstanda **7 mln.** nan aslam adam ashlıqtan óldi.

1933–1937-jıllardı qamtıp alǵan ekinshi bes jıllıqta sanaat tez pát penen ósip, SSSR sanaat óndirisi boyınsha dúnyada AQSHtan keyin ekinshi orınǵa shıǵıp aldı.

1938-jılı baslanǵan úshinshi bes jıllıqta tiykarınan áskeriy sanaat kárxanaların qurıw rejelestirildi.

**Mádeniy revolyuciya.** Sawatsızlıqtı tamamlaw, jańa túrdegi sovet mektepleri sistemasın jaratıw, xalıq ziyalıları kadrların tayarlaw, bolshevikler qadaǵalawı astında hám marksshe-leninshe tálimat tiykarında ilim, ádebiyat hám kórkem ónerdi rawajlandırıw, xalıqtıń turmıs mádeniyatın asırıw tariyxta **«mádeniy revolyuciaya»** atın aldı. Mádeniy revolyuciyanı ámelge asırıw processinde kóplegen milliy ziyalılar quwǵın etildi, milliy máde-



Sawatsizlıqti saplastıriw mekteplerınıń birindegi sabaq processi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

niyat zıyan kórdi, dinge qası gúres háwij aldı. Usı payıtta, óziniń barlıq qarama-qarsılıqlarına qaramastan, mádeniy revolyuciya kóplegen áhmiyetli mashqalalardı sheshti.

Xalıqtıń turmıs mádeniyatın asırıwǵa qaray áhmiyetli qádem taslandı. Sawatsızlıqqa qarsı gúreste úlken jetiskeliklerge erisildi. Bilimlendiriw sisteması tolıq reformalastırılıp, **1930-jılı** májbúriy baslawısh bilim beriw engizildi.

**Sırtqı siyasat.** 1920-jıllarda sovetler sırtqı siyasatınıń tiykarǵı wazıypası jańa hákimiyattıń xalıqaralıq kólemde tán alınıwına erisiw boldı.

1930-jılları jáhánde júz berip atırǵan processler SSSR qáwipsizligine úlken qáwip salıp atırǵan edi. **1931–1932-jılları** Yaponiya Manchjuriyanı basıp alıp, eki mámleket ortasında keskinlikti júzege keltirdi. 1938-jılı Hasan kóli átirapında yaponlar SSSR aymaǵına bastırıp kirdi. Qattı urıstan soń yaponlar sovet shegarasınan ılaqtırıp taslandı. 1939-jılı yaponlar Mongolstanǵa bastırıp kirgennen soń, onıń awqamlası bolǵan SSSR da Mongolstanǵa ásker kirgizdi. Xalxin-Gol dáryası janındaǵı urısta yaponlar jeńiliske ushıradı. **1941-jıl** Moskvada óz ara hújim etpeslik haqqında **sovet-yapon shártnamasına** qol qoyıldı.

Evropa baǵdarında Germaniyanıń salıp atırǵan qáwpin saplastırıw maqsetinde sovet húkimeti Ullı Britaniya, Franciya hám basqa mámleketler arasınan ózine awqamlaslardı izley basladı. **1934-jılı** Sovet Awqamı Milletler Ligasına aǵza boldı. Biraq bul waqıtqa kelip xalıqaralıq qatnasıqlardıń hám sovetler sırtqı siyasatınıń áhmiyetli faktorı tınıshlıq hám xalıqaralıq tártipke qáwip salıp turǵan Germaniya bolıp qaldı.


Vyacheslav Molotov hám Rudolf fon Ribbentrop (shepten).

**1922-jılı** qol qoyılǵan **Rapallo shártnamasınan** soń Sovet Awqamı menen Germaniya ortasındaǵı múnásibetler jaqsılanıp barıldı. Nátiyjede **1939-jıl 23-avgust** kúni Moskvada SSSR hám Germaniya ortasında óz-ara hújim etpeslik haqqındaǵı shártnamaǵa (Molotov – Ribbentrop pakti) qol qoyıstı. Shártnamaǵa qosımsha etilgen jasırın protokolda SSSRdıń geostrategiyalıq mápleriniń shegarası anıqlandı. Oǵan kóre Finlyandiya, Baltik boyı mámleketleri, Polshanıń shıǵıs bólimi, Bessarabiya SSSR mápleri zonası dep belgilendi. Jańa urıstıń baslanıwı menen SSSR usı aymaqlardı óziniki dep esaplawı múmkin edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




**1933-jılda Sovet Awqamın – AQSH tán aldı ...**
**1931–1932-jılları Yaponiya Manchjuriyanı basıp aldı ...**

Qullası, bolshevikler ótkergen júdá úlken kólemdegi sociallıq tájiriybe jáhán urısı aralığında millionlap adamlardı joq etti, on millionlap adamlardıń ádettegi turmısın buzıp tasladı, pútin bir milletlerdiń táǵdirine tásir kórsetti. Olar júdá úlken qurbanlar esabına, massalıq mobilizaciya hám zorlıq usılı menen ekonomikalıq hám áskeriy tárepten qúdiretli mámleketti qurdı.



**Radikal** (túpten) – keskin sharalar hám háreketlerge umtılıw tárepdarları.

**Intervenciya** – bir yaki bir neshe mámlekettiń basqa mámlekettiń ishki islerine zorlıq penen aralasıwı, onıń suverenitetin buzıwı.

**«Áskeriy kommunizm»** – Sovet mámleketiniń puqaralar urısı shárayatındağı sociallıq-ekonomikalıq siyasatı. Onda sawda qadaǵan etiledi, awıl xojalıq ónimleriniń artıqshasın mámleketke tapsırıw májbúriy etip qoyıladı.

**Pakt** – xalıqaralıq kelisiw, xalıqaralıq shártnama túri.

**Natsionalizatsiya** – jeke múlktiń, iri kárxanalar, jer, xalıq xojalığı tarawlarınıń mámleket múlkine aylandırılıwı.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. 1917-jıl Rossiyada bolshevikler hákimiyatınıń ornatılıwına mámlekette payda bolǵan qanday ekonomikalıq hám siyasiy jaǵdaylar sebep boldı?
2. SSSRdağı industiriyalastırıw hám kollektivlestiriw siyasatınıń maqsetleri neden ibarat edi? Olar qanday aqıbetlerge alıp keldi?
3. Mádeniy revolyuciya qanday maqsetlerdi óz aldına qoydı hám qanday nátiyjelerge eristi?
4. 1930-jılları sovetler alıp barǵan sırtqı siyasattıń agressiv tárepleri nelerde kórinis berdi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Óz betinshe jumıs



Kartadan Sovet Socalistlik Respublikaları Awqamınıń quramına kirgen mámleketlerdiń dizimin dúziń.



«Jańa ekonomikalıq siyasat»tıń unamlı hám unamsız tároeplerin T - kestesi tiykarında talqılań hám dápterińizge jazıń.

## 9-TEMA. 1918–1939-JILLARDA ITALIYA HÁM ISPANIYA

Italiya Birinshi jáhán urısında onsha úlken shıǵın kórmedi. Kerisinshe ol Avstriya-Vengriya jerleriniń bir bólegin iyelep, óz aymaǵın bir qansha keńeytip aldı. Biraq usıǵan qaramastan, urıstan keyin mámleket ishki qarama-qarsılıqlar sheńberinde qaldı. Bul qarama-qarsılıqlardıń tiykarın kóp sanlı jumıssızlar hám ekonomikalıq krizis quradı. Eń áhmiyetli reformalardı ámelge asırıw ushın húkimet jeterli kúshke iye emes edi.

**Fashistlerdiń hákimiyatqa keliwi.** Ulıwma krizis sharayatında Benito Mussolini basshılıǵında **1919-jıl martta** dúzilgen fashistler partiyası jedellesip ketti. 1921-jılı fashistler háreketi bir qansha rásmiy tús alıp, mámlekettiń siyasiy qúdiretin bekkemlewge qaratılǵan milletshilikti úgitlew jumısların alıp bardı. Olardı mámlekettegi áhmiyetli kúshler qollap quwatladı, xalıqtıń úlken bólegi tilekleslik bildirdi.

Fashistler 1921-jılǵı parlament saylawlarında 36 orınǵa iye boldı. **1922-jıl oktyabrde** fashistlik toparlardıń belgili **Rimge júrisinen** keyin korol Viktor Emmanuil III Mussolinidi húkimet baslıǵı etip tayınladı.



**1871-jılda Italiyada qanday nızam qabıl etildi? Parlament qashan payda bolǵan hám Ullı Britaniyada XIX ásirdegi parlament reformaları nelerden ibarat?**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Italiya hám Ispaniya.




«Jas fashistler» jurnalınıń kirispesi. Italiya.

**Fashistler siyasatı.** Fashistler hákimiyatta turǵan dáslepki jıllarda mámlekette turaqlılıq hám ekonomikalıq ósiw támiyinlendi. Mussolini dáslep bar bolǵan siyasiy partiyalar hám kásiplik awqamlardı qadaǵan etpedi. Parlament xızmet júritti, partiyalardıń gazetalarda shıǵıp turdı. Ekonomikaǵa tuwrıdan-tuwrı hám hár tárepleme aralasıw jolı menen Italiya fashistlik mámleketi mámlekettiń rawajlanıw pátin keskin asırıwǵa eristi. 1938-jılı Mussolini rasalıq nızamlar shıǵardı, 1939-jıldıń basında bolsa Deputatlar palatasın tarqatıp jiberip, onıń ornına Úlken fashistlik keńes dúzdi.

Italiyan fashizmi arnawlı totalitar diktatura sıpatında hám avtoritarlıq belgilerge iye edi. Onıń ideologiyalıq sisteması



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

katolicizm, dástúriylik, socializm ideyaları menen toltırılǵan milletshilik tırnaǵında dúzildi.



**1919-jıl mart ...**
**B.Mussolini ...**

**1921-jılda ...**
**Viktor Emmanuil III...**

Fashistler barlıq totalitar sistemalarǵa tán bolǵan agressiv siyasatın háwij aldırdı. 1927-jılı Albaniya Italiyaning protektoratına aylandırıldı, keyin bolsa basıp alındı. 1935–1936-jıllardaǵı Italiya-Efiopiya urısı nátiyjesinde Efiopiya, oǵan qońsı jaylasqan Eritreya hám Somalinidiń bir bólimi Italiyanıń koloniyasına aylandırıldı. **1937-jıl dekabrde** Italiya Milletler Ligasınan shıqtı. Italiya, Germaniya hám Yaponiya menen awqamǵa birlesip, óziniń agressiv siyasatın dawam ettirdi hám de Ekinshi jáhán urısınıń sebepshileriniń birine aylandı.




**1927-jılda Albaniya Italiyanıń protektoratına aylandırıldı.**

**1939-yilda Mussolini Deputatlar palatasın tarqatıp jiberdi, onıń ornına Úlken fashistlik keńes dúzdi.**

**1940-jıl 10-iyun kúni Franciyaǵa urıs daǵazalaǵan Italiya ekinshi jáhán urısına kiristi**

**Ispaniya.** Bul jerde waqıyalar rawajı basqasha joldan bardı. Dáslep Ispaniya óziniń Birinshi jáhán urısındaǵı neytraliteti menen basqa Evropa mámleketlerinen keskin ajıralıp turdı. Usıǵan qaramastan, Ispaniya urıstan keyin de bir qansha waqıt Batıs Evropanıń eń qalaq mámleketiniń biri bolıp qala berdi. Dúnyanı lárzege keltirgen Rossiyadaǵı revolyuciyalıq waqıyalar bul mámleketke de tásirin kórsetti. Kataloniya hám basqa wálayatlarda baslanǵan is taslawlar hákimiyattı reformalar ótkeriwge, 8 saatlıq jumıs kúni, sociallıq qamsızlandırıw, is haqı hám penciyalardıń asırılıwı tuwralı nızamlar qabıl etiwge májbúr qıldı.

**1923-jıl sentyabrde** general Migel Primo de Rivera mámleketlik awdarıspaq uyımlastırdı. Barlıq wázirler hám gubernatorlar áskeriy adamlardan tayınlandı, parlament tarqatılıp jiberildi, kóplegen partiyalardıń xızmetine tıyım salındı. De Rivera ekonomikalıq re-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Ispaniya respublikachıları xalıq armiyası puqaralar urısı jıllarında.

forma ótkerip, tap Italiyadağı fashistler sıyaqlı ekonomikağa mámlekettiń aralasıwın kúsheytiwge háreket etti. Biraq mámlekette baslanğan is taslaw háreketi, finanslıq krizis pútkil Ispaniya boylap diktatorğa qarsı narazılıqtıń kúshewine alıp keldi. 1930-jılı De Rivera otstavkağa shığıwğa májbúr boldı. Jańa húkimet konstituciyanı hám burjuaziya-demokratiyalıq erkinliklerin tikledi, biraq baslanıp ketken jáhán ekonomikalıq krizisi aldında bul húkimette ázzilik ettı.



Fransisko Franko – Ispaniya diktatorı.

**Ispaniya fashizmi.** Italiya fashistlerinen úlgi alğan oń partiyalar 1933-jılı **ispan falangasın** shólkemlestirdi. Usı dáwirden baslap bul falanga payda bolğan ispan fashizminiń tiykarı boldı. 1934-jılı fashistlerdiń bir neshe wákilleri húkimet quramına kirdi. Usınday sharayatta sol kúshler xalıq frontın dúzdi. Olar **1936-jılı** korteslerge (parlament) ótkerilgen saylawlarda jeńiske eristi. Mámleket prezidenti hám húkimet baslığı usı front wákillerinen saylandı. Mámlekette barlıq siyasiy tutqınlar azat etildi, burınğı erisilgen barlıq demokratiyalıq hám sociallıq jetiskenlilikler tiklendi. Biraq oń falanga qáwpi saplastırılmadı. Olar mámleketlik áwdarıspaqqa tayarlanıp, bunda tiykarğı roldi armiya hám generallar atqardı.

**1936-jıl 18-iyul** kúni falangashılar hámme orında áskeriy awdarıspaqtı baslap jiberdi. Olarğa qarsı Xalıq frontı urısqa shıqtı. Usı tárizde Ispaniyada **puqaralar urısı** baslanıp ketti.



**1923-jıl sentyabrde ...**
**1933- jılda ...**
**Ispaniyada puqaralar urısı ...**
**Kortes – ...**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Usınday sharayatta Franciya, Ullı Britaniya hám jáne kóplegen mámleketler Ispaniyaǵa qural jetkerip beriwdi toqtattı hám ózleriniń puqaralar urısına aralaspawların daǵazaladı. Dáslep bul kelisiwge qosılǵan SSSR keyin óz qararın ózgertip, respublikashılarǵa járdem bere basladı. Tap sonday Germaniya hám Italiya falangashılarǵa járdem kórsetti. Ispaniyadaǵı puqaralar urısı eki yarım jıl dawam etti. Onda derlik 1 mln. Ispanlar qaza taptı. Falangashılar jeńiske eristi hám **1939-jıl 1-aprelde** Ispaniyada general F.Franko diktaturası tolıq ornatıldı.




**1933-jılda ispan falangası shólkemlestirildi.**
**1936-jıl 18-iyul Ispaniyada puqaralar urısı baslandı.**

Ekinshi jáhán urısı baslanıwı menen gitlershiler diplomatiyasınıń háreketlerine qaramastan, Franko urısqa kirisiwge asıqpadı hám 1939-jıl sentyabrde neytralitet haqqındaǵı dekretke qol qoydı.



**Katolicizm** – xristian dinininiń tiykarǵı baǵdarlarınıń biri.

**Avtoritarizm** – siyasiy rejim, onda jámiyet, mámleket onıń baslıǵına boysındırıladı, hákimiyat basına shıqqan insan ózin-ózi usı hákimiyatqa haqılı dep daǵazalaydı.

**Kortes** – Ispaniya hám Portugaliyada parlamenttiń atalıwı.

**Dekret** (decretum – qarar, decernere – qarar etiw) – mámleket organı yaki lawazımlı shaxstıń huqıqıy akti, qararı.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Ne ushın Italiyadaǵı siyasiy krizis fashizmniń hákimiyatqa keliwi menen juwmaqlandı? Italyan fashizminiń tiykarǵı táreplerin táriyipleń.
2. B. Mussolini haqqında nelerdi bilesiz?
3. Italyan fashistleriniń milletshilik hám agressiv sırtqı siyasatı nelerde anıq kórinis berdi?
4. Birinshi jáhán urısınan keyin Ispaniyada ishki sociallıq-siyasiy qarama-qarsılıqlardıń kúsheyiwine ne sebep boldı? Ne ushın Primo de Rivera hákimiyattı ózinde saqlap qala almadı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

5. Ispaniyada Xalıq frontı húkimetiniń krizisine neler sebep boldı?

6. Ispaniyada falangashılar jeńisiniń hám Franko diktaturası ornatılıwınıń sebepleri nede edi?

### Óz betinshe jumıs



Kartadan Italiya tárepinen koloniyaǵa aylandırılǵan mámleketlerdi tabıń hám tariyxqa baylanıstırıp túsinik jazıń.



Venn diagramması járdeminde Italiya hám Ispaniya sırtqı siyasatındaǵı ulıwmalıq hám ayırmashılıq táreplerin talqılań hám dápterlerińizge jazıń.

## 10-TEMA. 1918–1939-JÍLLARDA LATÍN AMERIKASÍ MÁMLEKETLERI

Qubla Amerika hám Arqa Amerikanıń qubla bóliminde jaylasqan mámleketler, sonday-aq Karib teńizindegi atawlar Latın Amerikası mámleketleri dep ataladı. Bul atama evropalıqlar basqınıshılıǵınan keyin jergilikli xalıq latın tilinen kelip shıqqan ispan, portugal, francuz tillerinde sóylese baslaǵannan keyin berilgen.



**Latın Amerikası xalıqları quramında payda bolǵan metis hám mulat atamalarına táriyip beriń.**

Búgingi kúnde xalıqaralıq hújjetlerde bul aymaq «Latın Amerikası hám Karib basseyni mámleketleri» dep júritiledi.

**1920-jılları aymaqtaǵı jaǵday.** Birinshi jáhán urısı Latın Amerikası mámleketlerinde kapitalizmniń rawajlanıw progressin jáne de tezlestirdi.

Evropadan keletuǵın tovarlar hám kapital aǵımı waqtınsha kemeydi. Jáhán bazarında aymaq mámleketlerinde óndirilgen azıq awqat hám



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

shiyki zat ónimleriniń narqı, ásirese Kuba qantınıń narqı 11 ese arttı. Bul kapitaldıń toplanıwı, jergilikli óndiristiń rawajlanıwı, ekonomikanıń turaqlı pát penen ósiwi ushın imkaniyat jarattı Agroeksport, taw-kán hám jeńil sanaat tarmaqları tez rawajlandı. Biraq 1920-jıllar aqırına kelip ekstensiv tiykarda ekonomikanı nátiyjeli rawajlandırıwdıń imkaniyatları tamamlandı.



Latın Amerikası mámleketleri.

1920-jılları Latın Amerikası mámleketleri siyasiy tárepten tek atına ǵana respublika edi. Xalıqtıń úlken, ásirese iri ekonomikalıq hám mádeniy oraylarınan uzaqta jaylasqan, úlken bólimi sawatsız yaki kem sawatlı bolıp, saylawlarǵa qatnaspadı hám demokratiyalıq sistema ushın sociallıq tiykar bola almas edi.

1920-jıllardaǵı liberal reformalar Latın Amerikasında bir qansha ayaqqa turǵan jergilikli burjuaziyanıń, sonday-aq, xalıqtıń keń qatlamı máplerin kórsete aldı. Usı sebepli reformator hákimiyatlar sociallıq siyasatqa úlken áhmiyet qarattı. Argentinada **Ipolito Irigoyen** húkimetiniń xızmeti bul dáwir liberal-reformatorlıq siyasatına ayqın mısal bolıwı múmkin. Onıń húkimeti milliy sanaattıń rawajlanıwın qollap quwatladı, mámleket neft sanaatın dúzdi. Awılda kúshli fermerler qatlamı payda bolıp, ijarashılardıń awhalı jaqsılandı. Irigoen 8 saatlıq jumıs kúni haqqındaǵı nızam qabıl etiwge eristi. Is haqı asırıldı, jumısshı hám xızmetshilerdiń úlken bólimi ushın pensiya belgilendi, óspirimler hám hayallar miyneti sheklendi. Irigoen Argentinanıń milliy suverenitetin qattı qorǵadı.


Ipolito Irigoyen.

**1930-jıllarda Latın Amerikası. Ekonomikada mámleket roliniń ósiwi.** 1929 – 1933-jıllardaǵı jáhán ekonomikalıq krizisi Latın Amerikası mámle-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ketlerinde qarar tapqan sociallıq-ekonomikalıq sistemanıń keri táreplerin, ekonomikanıń sırtqı bazarǵa hádden tıs qaramlılıǵınıń awır aqıbetlerin ashıp tasladı. Krizis jılları Latın Amerikası mámleketleriniń dástúriy ónimlerine jáhán bazarında talap kemeyip ketti. Mıńlap plantaciyalar, zavod hám favrikalar toqtap qaldı. Óz qariydarın tappaǵan millionlap tonna kofe, ǵálle hám basqa da awıl xojalıq ónimleri joq qılındı. Kóplegen islep shıǵarıwshılar zatlarınan ayırıldı. Júz mıńlaǵan adamlar jumıssız qaldı. Miynetkeshler, xalıqtıń orta qatlamınıń ulıwma jasaw dárejesi tómenledi. Ekonomikalıq krizis aymaqtaǵı húkimlik etiwshi rejimlerdi jámiyettegi tayanıshınan ayırdı, sociallıq turaqsızlıqtıń ósiwine, qıyın siyasiy ózgerislerge alıp keldi. Usı payıtta hár bir mámlekette waqıyalar túrli rawajlandı.



**Latın Amerikası mámleketleri bul ...**
**1920-jıllar aqırı ...**
**Argentinada Ipolito Irigoyen húkimetiniń xızmeti ...**

Máselen, tap usınday jaǵday sebepli Argentinada 1930-jılı áskeriy awdarıspaq ámelge asırılıp, Ipolito Irigoenniń ekinshi húkimeti awdarıp taslandı, hákimiyatqa konservatorlar toparı qayttı.

Braziliyada kerisinshe, krizis bul jerde húkimlik etip atırǵan «kofe oligarxiyası»nıń poziciyasın hálsizlendirdi hám bunnan oppoziciyanıń burjuaziyalıq-milletshi sheńberindegiler paydalanıp qaldı. 1930-jılǵı burjuaziya revolyuciyası oligarxiya rejimin awdarıp tasladı.

Kolumbiyada da usı jılı konservativ oligarxiya rejiminiń ornına liveral-reformatorlar keldi. Chili hám Kubada massalıq revolyuciyalıq shıǵıwlar nátiyjesinde krizisten sál aldın hákimiyatqa kelgen diktatorlıq rejimler awdarıp taslandı.



**1929 – 1933-jıllarda ...**
**1930-jılda ...**
**Braziliyada ...**
**Kolumbiyada ...**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Usı tárizde, 1930-jılları Latın Amerikasınıń siyasiy kartasında kóbinese bir-birin almastırǵan hár túrli siyasiy rejimler – basqarıw forması boyınsha diktatorlıq hám konstituciyalıq, sociallıq mazmunı boyınsha konservativ, liberal-reformator, milletshi hám sol kúshler húkimlik etiwdi dawam ettirdi.



Jumısshılar kofeni okeanǵa taslamaqta. Braziliya, 1932-jıl.

Bul dáwirde mámleket ekonomikasınıń jedellesiwi Latın Amerikasında kapitalistlik rawajlanıw jolınan bir qansha ilgerilep ketken Argentina, Meksika, Braziliya, Chili hám Urugvay sıyaqlı mámleketler ushın tán process edi. 1930-jılları Latın Amerikası mámleketleriniń ekonomikalıq siyasatında júz bergen ózgerisler milliy islep shıǵarıwdıń ósiwine hám milliy kapitaldıń kúsheyiwine alıp keldi.

**Latın Amerikası hám AQSH múnásibetleri.** Jáhán urısları aralıǵında Latın Amerikası mámleketleri ushın áhmiyetli mashqala olardıń AQSH penen múnásibeti boldı. Birinshi jáhán urısı jıllarında Latın Amerikasına Evropa mámleketleri itibarınıń azayǵanlıǵınan paydalanǵan AQSH kapitalı Oraylıq hám Qubla Amerikaǵa kirip bardı. AQSHqa qarsı keypiyatlarınıń háwij alıwınan qáwipsirep hám aymaqtaǵı óziniń tásirin asırıw maqsetinde 1933-jılı AQSH prezidenti Franklin Ruzvelt óz húkimetiniń Latın Amerikası mámleketlerine intervenciya uyımlastırmawın hám basqa kóriniste bul mámleketlerdiń ishki islerine aralaspawın hám de olar menen «jaqsı qońsıshılıq» múnásibetlerin ornatıwın daǵazaladı.




**Latın Amerikası mámleketlerinde 1920-jıllar aqırına kelip ekstensiv tiykarda ekonomikanı rawajlandırıwdıń imkaniyatları tamamlandı.**

**1933-jılda prezident F.Ruzvelt Latın Amerikası mámleketlerine «jaqsı qońsıshılıq» múnásibetlerin ornatıwın daǵazaladı.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bul Latın Amerikasına qarata AQSH siyasatınıń ózgergenligin, ekspansiyanıń jumsaǵıraq formasına ótkenliginańlattı hám Amerika kontinenti mámleketleri ortasında óz-ara múnásibetleriniń jaqsılanıwına unamlı qadem boldı.



**Plantaciya** – arnawlı awıl xojalıq eginlerin jetistiretuǵın úlken xojalıq.

**Diktatura** – hesh qanday sheklewlersiz, húkimlik etiwshi klastıń kúshine tayanıp is júritiwshi hákimiyatı.

**Ekspanciya** – bir mámlekettiń ózge mámleketler aymaǵı hám bazardı iyelep alıw maqsetinde óziniń siyasiy hám ekonomikalıq tásirin taratıwǵa qaratılǵan siyasat.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Birinshi jáhán urısı Latın Amerikası mámleketleri rawajlanawına qanday tásir kórsetti?
2. 1920-jılları Latın Amerikası mámleketlerinde qanday siyasiy sistemalar payda boldı? Jámiyette avtoritar hám diktatorlıq rejimleri ushın qanday tiykarlar bar edi?
3. 1920-jılları Latın Amerikası mámleketlerinde ótkerilgen reformalar qanday baǵdarlarda alıp barıldı? Argentinadaǵı I. Irigoyen xızmetine baha beriń.
4. 1929 – 1933-jıllardaǵı jáhán ekonomikalıq krizisi Latın Amerikası mámleketlerine qanday tásir kórsetti?
5. 1930-jıllarda AQSHtıń Latın Amerikası mámleketlerine qaray múnásibetinde qanday ózgerisler júz berdi?

## Óz betinshe jumıs



Kartadan paydalanıp «Latın Amerikası hám Karib basseyni mámleketleri» atların dápterińizge jazıń hám de tekstte bul mámleketler menen baylanıslı waqıyalar bar bolsa túsinik beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Konceptual keste tiykarında Latın Amerikası mámleketleriniń rawajlanıwındağı ózine tán belgilerdi talqılań.

## 11-TEMA. 1918–1939-JILLARDA YAPONIYA

**Ekonomikalıq hám siyasiy rawajlanıw.** XX ásir baslarında Yaponiya jáhánniń jetekshi mámleketlerine ǵárezli bolıp qalmaǵan, salıstırmalı joqarı dárejedegi ekonomikalıq hám áskeriy rawajlanıwǵa jetisken Aziya aymaǵındaǵı jeke mámleket edi.

**Yaponiyada Meydzi reforması qashan bolıp ótti?**

Birinshi jáhán urısınıń juwmaqlanıwı Yaponiyada bir qatar ekonomikalıq mashqalalardı keltirip shıǵardı. Bul mashqalalar, ásirese azıq-awqat ónimleriniń qımbatlawı, ápiwayı adamlardıń turmısına úlken tásir kórsetti. Nátiyjede narazılıq kúsheyip bardı.

1920-jıllardıń ortalarına kelip mámlekette sanaat awdarıspaǵı júz berdi. 1925-jılı sanaat ónimlerin islep shıǵarıw dárejesi 1919-jılǵı dárejesinen asıp ketti. Islep shıǵarıwdı koncentraciyalaw processi dawam etti. Monopolistlik kapital xalıq xojalıǵınıń áhmiyetli tarawların iyelep ala basladı. Awır sanaatta «Micubisi» hám «Sumitomo» konsernleri óz poziciyasın bekkemlep aldı.

1929-1933-jıllardaǵı jáhán ekonomikalıq krizisi yapon ekonomikasına úlken zıyan keltirdi: ol tınıshlıq shárayatında rawajlanıwǵa sáykeslenbegen, ele júdá hálsiz edi. Is haqınıń tómenligi sebepli ishki bazar júdá ásten, sırtqı bazarda bolsa yapon ónimleriniń sıpatı tómenligi sebepli olar básekiles emes edi.

Yaponiya húkimeti krizisten shıǵıwdıń jolı sıpatında ekonomikanı militarizaciyalaw hám basqınshılıqtı tańladı. Yaponiya Qıtaydı, Uzaq Shıǵıstı, keyin bolsa pútkil Aziyanı basıp alıwdı, Tınısh okeanı baseyninde óz húkimdarlıǵın ornatıwdı rejelestirgen edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Yaponiya.



Giiti Tanaka.

Ishki siyasiy múnásibetler 1920-jılları jańa siyasiy partiyalardıń payda bolıwı menen hám de saylawshılar sanın áste-aqırın asırıp barǵan bir qatar reformalar menen xáreketlenedi. 1925-jıldan sovet-yapon múnásibetleri jolǵa qoyılıp, bul ekonomikalıq birge islesiwdiń rawajlanıwında hám yapon áskerlerin arqa Saxalinnen alıp shıǵıp ketiliwinde kórindi. **1920-jıllar** aqırına kelip húkimette áskeriy adamlardıń roli kúsheydi hám sol kúshler quwǵın astına alındı. Mámlekette áskeriy adamlar, ásirese «Jas oficerler»



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

dep atalıwshı radikal keypiyattağı toparlardıń tásiri keskin kúsheydi. Olar kóp partiyalı parlament sistemasınan waz keshiwdi, mámlekette diktaturanı ornatıwdı, sırtqı siyasiy ekspanciyanı kúsheytiwdi talap qıldı. Húkimet baslığı **general Giiti Tanaka** da olar tárepinde boldı hám bul 1920-jıllar aqırı – 1930-jıllar baslarında «Jas oficerler» tárepinen bir qatar siyasiy terrorlar ámelge asırılıwına hám hátte 1932-jıl mayda kóterilis jasalıwına alıp keldi. Kóterilis jeńiske erisipedi, biraq Yaponiya «Jas oficerler» tásiri astında basqınshılıq jolınan jedel ketti.



**1920-jıllar ortaları ...** **«Misubisi» hám «Sumitomo» ...**
**1925-jıldan ...** **1932-jıl may ...**

Yaponiyada payda bolǵan totalitar sistema ózine tán avtoritar-monarxistlik formaǵa iye edi. Aziyada húkimlik etiw ushın keń kólemdegi urıs sharayatında bul avtoritar-monarxistlik rejim jańa kórinis berdi. Mámlekettiń húkimran sheńberleri «jańa siyasiy hám ekonomikalıq sistema» jaratıw siyasatın daǵazaladı. «Jańa siyasiy sistema» degende jámiyet ústinen áskeriy-mámleket byurokratiyasınıń qattı siyasiy qadaǵalawı túsiniler edi.

Usı tárizde Yaponiyadaǵı húkimran rejim áste-aqırın totalitar xarakterdi bekkemlep bardı: parlament demokratiyası belgileri biykar etildi, ekonomika tolıq mámleket qadaǵalawı astına alındı, yapon milletiniń ullılıǵı haqqındaǵı ideyalar rejimniń ideologiyasınıń tayanıshı bolıp xızmet etti, xalıqtıń qollap-quwatlawın támiyinledi.

**Sırtqı siyasat.** Yaponiyada payda bolǵan militaristlik totalitar rejim onıń agressiv sırtqı sıyasatın belgilep berdi. Bul siyasat **1931-jılı** Qıtaydıń Manchjuriya provinciyasınıń basıp alınıwına hám bul jerde yaponlar tárepinen Manchjou-Go quwırshaq mámleketiniń dúziliwine alıp keldi. Milletler Ligası bul qurallı basqınshılıqqa keskin qarsı shıqqanlıǵı ushın Yaponiya 1933-jılı bul shólkemnen shıqtı. **1936-jıl noyabrde** Yaponiya hám Germaniya **antikomintern pakti** dep atalıwshı hújjetke qol qoyıstı hám 1937-jılı oǵan



Yaponiya áskeriniń Qıtayǵa bastırıp kiriwi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Italiyada qosıldı. Usı tárizde **«Berlin – Rim – Tokio»** úsh múyeshliligi dep atalıwshı basqınshı mámleketler awqamı payda boldı. 1937-jıl jazda yaponlar Qıtayǵa qarsı keń kólemdegi urıs háreketlerin baslap jiberdi. **1938-jılı** general Fumimaro Konoe húkimeti mámlekettiń wazıypası Shıǵıs Aziyada jańa tártip ornatıw ekenligin daǵazaladı.



**«Jańa siyasiy dúzim» ...**
**1936-jıl noyabrde ...**
**1931-jıl ...**
**«Berlin – Rim – Tokio» ...**

**1938-jıl iyul – avgust** ayında SSSRdıń Uzaq Shıǵıstaǵı Hasan kóli átirapında sovet-yapon shegara waqıyası keń kólemli urıs háreketlerine aylanıp ketti. Ayawsız urıstan keyin yaponlar SSSR aymaǵınan quwıp shıǵarıldı. 1939-jıl mayda yaponlar Xalxin-Gol dáryası janında Mongolstan aymaǵına bastırıp keldi. Sovet áskerleri qońsı mońgollarǵa járdemge keldi. 1939-jıl sentyabrge shekemgi dawam etken urıs kólemi boyınsha Hasan kóli átirapındaǵı urıstan bir qansha úlken edi. Bul urıs da yaponlardıń jeńilisi menen tamamlandı. Bunnan soń, **1941-jıl 5-aprelde**, Yaponiya SSSR menen neytralitet haqqında paktke qol qoyıstı.



**Militarizaciya** – jámiyettiń ekonomikalıq, siyasiy hám sociallıq turmısın áskeriy maqsetlerge boysındırıw.

**Byurokratiya** – xalıqtan ajralıp qalǵan, húkimran topar máplerin qorǵawshı hákimshilik túrdegi basqarıw sisteması.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Birinshi jáhán urısı Yaponiya ushın qanday nátiyjeler menen juwmaqlandı?
2. Yaponiyadaǵı «Jas oficerler» kóterilisi siyasiy rejim hám sırtqı siyasatqa qanday ózgerislerge alıp keldi?
3. Yaponiyadaǵı totalitar rejimniń ózine tán tárepleri nelerden ibarat edi?
4. Birinshi jáhán urısı Yaponiyanıń ekonomikalıq rawajlanıwına, urıstan keyingi ekonomikalıq kriziske hám 1920-jıllar ortalarındaǵı sanaat awdarıspaǵına qanday tásir kórsetti?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

5. Ne ushın Yaponiya sırtqı siyasatta basqınshılıq hám Evropadağı fashistlik mámleketler menen jaqınlasıw jolınan bardı?

### Óz betinshe jumıs

Kartadan Yaponiyanıń Qıtayǵa ásker kiritiw jónelisin anıqlań hám túsinik jazıń.

Internet qurılmasında Yaponiyaǵa virtual sayaxat uyımlastırıń hám temada úyrenilgen materiallar tiykarında tariyxıy bolǵan waqıyalardı talqılań.Internet penen islewge baylanislı tapsırma.

## 12-TEMA. 1918–1939-JÍLLARDA QÍTAY HÁM HINDSTAN

**Qıtay.** Birinshi jáhán urıs jıllarında Qıtay ámelde Yaponiyaǵa tolıq ǵárezli bolıp qaldı.

**1919-jıl** Parij konferenciyasında Qıtay óz talapları menen qatnastı. Bul talaplar yapon áskerleri tárepinen Qıtay aymaǵın basıp alıwdı toqtatıw, Shandun atawın azat etiw, Qıtaydıń suvereniteti hám aymaqlıq bir pútinligin tán alıwdan ibarat edi. Talaplarda Qıtay ilgeri Batıs mámleketleri menen qol qoyısıwǵa májbúr bolǵan shártnamalardıń da biykar etiliwi de názerde tutıldı. Batıs mámleketleri buǵan razı bolmadı hám Qıtayǵa rásmiy bas tartıw juwabı berildi.

**«Ixetuan» kóterilisi qashan bolıp ótken hám qanday uran astında kóterilgen edi?**

Bunnan ǵázeplengen qıtaylı studentler **1919-jıl 4-may** kúni Pekinde demonstraciya basladı. Studentler háreketi pútkil Qıtaydı lárzege saldı hám júdá úlken unamlı nátiyjelerge alıp keldi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Sun Yatsen.

**1920-jıl iyulde** Pekinde Húkimet awdarılıp, hákimiyatqa Ullı Britaniya hám AQSH tárepinen qollap quwatlanǵan **U Peyfu** keldi. Nátiyjede 1921–1922-jılları Vashingtonda bolıp ótken konferenciya da barlıq qatnasıwshı mámleketler Qıtaydıń suvereniteti hám aymaqlıq bir pútinligine kepillik berdi. Jekkelenip qalǵan Yaponiya Shandun wálayatın Qıtayǵa qaytarıwǵa májbúr boldı. Ulıwma konferenciya Qıtaydıń xalıqaralıq abıroyı asıp atırǵanlıǵına guwalıq berdi.




Qıtay hám Hindstan.

Qıtay revolyuciyasın shólkemlestiriwde **Sun Yatsenniń** roli sheksiz. 1921-jılı ol Qıtay Respublikası prezidenti lawazımına saylandı. Biraq mámleket arqası hám shet el mámleketleri Sun Yatsenniń húkimetin tán almadı. 1925-jıl martta Sun Yatsen qaytıs bolǵannan keyin mámleketti tınısh jol menen birlestiriw imkaniyatı joqqa shıqtı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**1920-jıllardaǵı «Ullı milliy revolyuciya».** 1925-jıl báharde shanxaylı burjuaziya, studentler hám jumısshılardıń wákilleri mámlekettegi inglislerge qarsı háreket basladı. Háreketke studentlerdiń tınısh demonstraciyası inglis policiyashıları tárepinen oqqa tutıwı sebep boldı. Bul watandı súyiwshilik háreketi **«30-may háreketi»** atın aldı hám Qıtaydıń suverenitetin tiklew uranı astında ótti. Revolyuciyaǵa **Gomindan** partiyası (Milliy partiya) basshılıq etti 1926-jılı general **Chan Kayshi** basshılıǵındaǵı gomindon milliy húkimeti Milliy revolyuciyalıq armiyanıń Arqaǵa júrisi baslandı. Bul júris dáwirinde Oraylıq Qıtaydıń kóplegen provinciyaları, sonnan, Uxan, Nankin, Nanchan, Shanxay sıyaqlı iri qalaları gomindonshılar qolına ótti.



Chan Kayshi.

Usı dáwirde gomindonshılar menen kommunistler ortasında ajıralıw júz berdi. Mámlekette real hákimiyattı qolǵa alǵan gomindonshılar revolyuciya juwmaqlanǵan dep esapladı, kommunistler bolsa Qıtayda socializim qurıw rejesin alǵa súrdi. Olar 1931-jılı Qıtay Sovet Respublikasın daǵazaladı hám **Mao Szedun** onıń baslıǵı etip saylandı. Gomindon menen kommunistler ortasında gúres jigirma jıl dawam etken puqaralar urısına aylanıp ketti.



**1919-jıl 4-may ...** **1920-jıl iyulde ...**
**1925-jıl martta ...** **«30-may háreketi» ...**

**Yaponiya basqını.** Yaponlar 1931-jıl sentyabrde Qıtayǵa qaraslı Manjuriyaǵa bastırıp kirdi, bir kúnde barlıq iri qalalardı iyeledi. Bul aymaqtı qorǵaǵan Gomindon armiyası mámleket ishkerisine ılaqtırıp taslandı. Chan Kayshi húkimeti Yaponiya ústinen shaǵım etip Milletler Ligasına múráját etti, biraq xalıqaralıq jámiyettiń itibarı onsha kúshli bolmadı. Birde iri mámleket Yaponiya menen jánjellesiwdi qálemedi.

1932-jıl 1-martta yaponlar Manjuriyada Manchjou Go mámleketi dúzilgenligin daǵazaladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




**1919–jıl 4-mayda qıtaylı studentler Pekinde demonstraciya basladı.**

**1921-jılda Sun Yatsen Qıtay Respublikası prezidenti lawazımına saylandı.**

**1926-jılda general Chan Kayshi basshılığındağı Gomindon milliy húkimeti Milliy revolyuciyalıq armiyanıń Arqağa júrisin basladı.**

**Hindstan.** Inglislerdiń koloniyalıq húkimeti Birinshi jáhán urısı jıllarında Hindstanğa ózin-ózi basqarıw huqıqın wáde etken edi. Biraq hind xalqınıń úmiti ámelge aspadı, Hindstannıń dárejesi ózgermedi. Bul jağday koloniyashılıqqa qarsı gúrestiń jańa dáwirin baslap berdi.



**Hindstan Milliy Kongressi qashan shólkemlestirilgen edi?**



Maxatma Gandi.

Qalalarda zamanagoy mádeniyat hám sanaat jedel rawajlanıp atırğan bolsa da, hind awıllarında kasta sisteması, qáwimshilik hám klaslarğa bóliw húkimran edi. Soğan qaramastan, jáhán urısları aralığında Hindstan milliy azatlıq háreketiniń tiykarğı kúshin hind diyqanları quradı. 1920–1940-jıllardağı hindlerdiń zorlıqlarsız massalıq shığıwın shólkemlestiriwde hind xalqınıń ullı perzenti **Maxatma Gandidiń** roli sheksiz boldı. Jáhán urısları aralığında Gandi Hindstan Milliy kongressi (HMK) partiyasınıń ideologiyalıq basshısı, xalıq háreketiniń jetekshisine aylandı. Ol islep shıqqan zorlıqlarsız qarsılıq kórsetiw taktikası quralli soqlığısıwlardan, millionlap adamlardı ólimnen saqlap qaldı.

Milliy azatlıq gúresiniń, zorlıqlarsız qarsılıq kórsetiwdiń «**Gandizm**» dep atalğan bul usılı Hindstan dástúrlerin hám diyqanlar psixologiyasın tereń biliwge tiykarlanğan. Bul usılda sabırlılıq hám narazılıq, konservatizm hám revolyuciyashılıq ájayıp bir tárizde birlesip ketken edi. Gandizm diyqanlardı, ónermentlerdi, milliy burjuaziyanı birlestirdi hám



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qan tógiletuǵın qurallı gúreslersiz kolonizatorlardıń Hindstannan shıǵıp ketiwin talap etti.



Hind aqsúyek shańaraǵı. 1930-jılları.



**1920 –1940-jıllarda ...** **Maxatma Gandi ...**
**Gandizm ...** **Hindstan Milliy kongressi ...**

1939-jılı Ekinshi jáhán urısınıń baslanıwı hám Ullı Britaniya Germaniyaǵa urıs daǵaza etiwi menen Hindstan vice-koroli mámleket urıs jaǵdayında dep daǵaza etti.




**1920–1940-jıllarda hindlerdiń zorlıqlarsız massalıq shıǵıwın shólkemlestiriwde hind xalqınıń ullı perzenti Maxatma Gandidiń roli sheksiz boldı.**

**1939-jılı Ekinshi jáhán urısınıń baslanıwı hám Ullı Britaniya Germaniyaǵa urıs daǵaza etiwi menen Hindstan vice-koroli mámleket urıs jaǵdayında dep daǵaza etti.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Suverenitet** – mámlekettiń ishki isler hám sırtqı siyasatındağı tolıq ǵárezsizligi.

**Provinciya** – bazı bir mámleketlerde hákimshilik birlik, wálayat.

**Konservatizm** – dástúriy qádiriyatlar, úrp-ádetler, sociallıq hám diniy tártipler tárepdarı bolǵan siyasiy aǵım.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Birinshi jáhán urısınan keyin Qıtayda baslanǵan studentler háreketiniń sebepleri nede hám qanday nátiyjelerge alıp keldi?
2. 1920-jıllardaǵı «Ullı milliy revolyuciya»nıń xarakteri hám ózine tán táreplerin táriyiplep beriń.
3. Qıtayda puqaralar urısınıń sebepleri nede edi? Ne ushın XX ásirdiń birinshi yarımındaǵı Qıtay tariyxı – toqtawsız urıslar dáwiri dep ataladı?
4. Birinshi jáhán urısınan keyin hindistanda kalonizatorshılıqqa qarsı kúshlerdiń jańa dáwiriniń baslanıwına neler sebep boldı?
5. Zorlıqlarsız ǵárezsizlik ushın gúres hám koloniyalıq húkimet penen birge islespewshilik háreketi nátiyjesinde qanday nátiyjelerge erisildi?
6. HMK Hindstan ǵárezsizligi ushın gúreste qanday baǵdardı iyeledi?

## Óz betinshe jumıs



Kartadan 1918–1939-jıllarda Qıtay tariyxında tiykarǵı orındı iyelegen wálayatlardı tabıń hám túsinik jazıń.



Maxatma Gandi tárepinen aytılǵan tómendegi pikirdi talqılań hám ol qanday waqıyaǵa múnásibet bildirgenin túsindiriń: «Men úyimniń dárwaza hám esiklerin bekkem bekitip otıra almayman. Sebebi oǵan taza hawa kirip turıwı kerek. Usınıń menen birge esik hám áyneklerimnen kirip atırǵan hawa dawıl bolıp úyimdi awdarıp, ózimdi jıǵıp taslawında qálemeymen»



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 13-TEMA. 1918–1939-JÍLLARDA TURKIYA HÁM IRAN

Usmaniyler imperiyası Germaniya hám onıń awqamlasları qatarında turıp Birinshi jáhán urısına qatnastı hám jeńiliske ushıradı. Imperiya aymaǵı okkupaciya qılındı. Antanta mámleketleri Usmaniyler imperiyasına qaraslı jerlerdi basıp alıw rejesin dúze basladı. Imperiyanıń óz aymaǵınan sırttaǵı barlıq jerleri annekciya etildi hám 1919-jılı Parij konferenciyası qararına muwapıq Milletler Ligasınıń mandatı astına ótti. Batıs mámleketleri Turkiya aymaǵına kóz tige basladı. 1920-jılǵı Sevr shártnamasına muwapıq Turkiya aymaǵı bir topar Evropa mámleketleri ortasında bólip alınıwı kózde tutıldı. Olardıń unamsız háreketi túrk xalqınıń ǵázebin asırdı. Mámlekette qarsılıq háreketi baslandı. Hareketke **general Mustafo Kamal poshsha** basshılıq etti.



**Seljukiyler mámleketi qaysı aymaqtı óz ishine aladı?**

Batıs mámleketleri tárepinen qollap quwatlanǵan Greciya armiyası Turkiya aymaǵına kiritildi. Usı jol menen Turkiya-Greciya urısı baslandı. Uzaq dawam etken urıstan keyin **1922-jıl oktyabrge** kelip M.Kamal áskerleri pútkil Turkiya aymaǵın azat etti.

**1922-jıl 1-noyabr** kúni Turkiya Ullı Millet májilisi sultan hákimiyatın biykar etiw haqqında qarar qabıl etti. Sultan Mexmed VI taxttan awdarıldı hám mámleketti tárk etti. **1923-jılı Lozannada** Ullı Britaniya, Franciya hám basqada bir qatar mámleketler menen M.Kamal húkimeti qol qoyısqan juwmaqlawshı shártnamaǵa muwapıq Turkiya óz supereniteti hám aymaqlıq birligin saqlap qaldı.



Mustafo Kamal Atatúrk.

**1923-jıl 29-oktyabrde** Turkiya respublika dep daǵaza etildi, M.Kamal respublika prezidenti etip saylandı. Mámlekette uzaqtı gózlep ámelge asırılǵan reformalar baslandı.

Reformalardıń bas maqseti– mámleketti modernizaciya etiw, dep daǵaza etildi. Bul Evropa civilizaciyasınıń alǵa ilgerilep baratırǵan tareplerin qabıl etiw hám olardı Turkiya sharayatına



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

iykemlestiriwdi ańlatatuǵın edi. Reformanıń birinshi principi dúnyalıq, dindi mámleketten ajıratıw boldı. Arab álipbesinen waz keshilip, latın álipbesi engizildi. Evropasha at (familiya) kirgizilip, Ullı Millet májilisi M.Kamolǵa rásmiy «**Ata túrk**» (turkler atası) degen ataq berildi.

1920-jılları ekonomikalıq siyasatınıń tiykarǵı baǵdarları shet elli múlk iyelerinen sanaat kárxanaları, infradúzilis obektleri, temir jollardı satıp alıw, milliy sanaattı jaratıwdı shólkemlestirdi.




1920-jılǵı Sevr shártnamasına muwapıq Turkiyanıń bólistiriliwi.



**1922-jıl 1-noyabr ...**
**«Atatúrk» ...**

**1922-jıl oktyabr ...**
**1923-jıl 29-oktyabr ...**

**Sırtqı siyasat.** Ata túrk sırtqı siyasatınıń tiykarǵı wazıypası Turkiyanıń xalıqaralıq abıroyın asırıwǵa qaratıldı. **1932-jılı** Milletler Ligasına aǵza



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bolǵan Turkiya barlıq mámleketler menen doslıq múnásibetlerdi ornatıwǵa háreket ettı.

M.Kamal Germaniya menen qatnasıqlarǵa ayrıqsha itibar qarattı. Turkiya sırtqı sawdasınıń úlken bólimi Germaniyanıń úlesine tuwra keldi. **1941-jılı** Germaniya menen doslıq shártnamasına qol qoyıstı. Turkiya Ekinshi jáhán urısında rásmiy biytárep qalǵan bolsa da, húkimran sheńbelerdiń úlken bólimi Germaniyaǵa tilekles edi.

**Iran.** 1918-jıl avgustqa kelip inglis áskerleri pútkil Irandı óz qadaǵalawına aldı. 1919-jıl qol qoyısqan Angliya-Iran shártnamasına muwapıq Iran ámelde Ullı Britaniyanıń protektoratına aylandırıldı. Bul Iranlılardıń ǵázebin keltirdi. Pútkil mámlekette tártipsizlik hám kóterilisler baslanıp ketti. Waqıyalarǵa armiya aralasıp, 1921-jıl fevralda kazaklar polkı sárdarı polkovnik Rizoxan húkimetti awdarıp tasladı. **1925-jıl dekabrde** shaqırılǵan Shólkemlestiriwshi májilis Rizoxandı **Pahlaviyler dinastiyasınıń** shaxı dep daǵazaladı.



**Túrkmenshay shártnamasına qashan qol qoyılǵan hám onıń áhmiyeti neden ibarat?**

M.Kamaldan órnek alıp shax Iranda 1928-jıldan Evropa kórinisinde kiyiniwdi engizdi, feodallıq ataq hám múrájáát formaları biykar etildi, kelip shıǵıw engizildi. **1935-jıldan** mámlekettiń atı ózgertildi: burınǵı Pars ornına **Iran** dep atalatuǵın boldı. Hayal-qızlardıń huqıqları haqqındaǵı nızam qabıl etildi, olar meketeplerde, joqarı oqıw orınlarında oqıw, mámleketlik shólkemlerde islew huqıqına iye boldı. 1935-jılı párenjede júriwdi biykar etiw haqqında nızam qabıl etildi.

Bilimlendiriw tarawında úlken ózgerisler júz berdi. 1927–1934-jıllardaǵı reformalar dáwirinde biypul májbúriy baslawısh bilim beriw hám de pullı orta hám joqarı bilim beriw haqqında nızamlar qabıl etildi. Jańa mektepler qurılıp, oqıwshılar sanı bir neshe esege arttı. Joqarı oqıw jurtlarınıń pútin baslı sisteması jaratıldı, Tegeran universiteti ashıldı. Júzlep Iranlı jaslar hár jılı shet ellerge, dúnyanıń eń jaqsı universitetlerine óqıwǵa jiberildi.

Agrar siyasatta Rizo shax keskin ózgerisler islemedi. Qáwim basshıları hám basqa jer iyelerinen jer-múlkleri, sonnan, waqım jerleri tartıp alınıp,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

saray xızmetkerlerine hám oficerlerge bólip berildi. Biraq diyqanlardıń awhalı ózgermedi, olar burıńǵıday júdá joqarı ijara haqı tóley berdi.



Iran. 1930-jıllarda.



**1928-jılda ...**
**Tegeran universiteti ...**
**1935-jılda ...**
**1927–1934-jıllarda ...**

Húkimet sanaat sektorınıń rawajlanıwın xoshemetledi. Mámleketke mashina hám úskenelerdi licenziyasız alıp keliwge ruxsat etildi, bajı salıǵana jeńillikler berildi. Mámlekette inglislerdiń tásirin azaytıw maqsetinde shax Germaniya menen birge islesiwdi kúsheytti. Iranǵa kóplegen nemis qánigeleri hám texnikası kirip keldi.

**Sırtqı siyasat.** Shaxtıń sırtqı siyasatı SSSR menen Batıs mámleketler ortasındaǵı qarama-qarsılıqlardı esapqa alıp, ustalıq penen óz máplerin saqlap qalıwǵa qarattı.




**1923-jıl 29-oktyabrde Turkiya respublika dep daǵaza etildi.**

**1922-jıl oktyabrdege kelip M.Kamal áskerleri pútkil Turkiya aymaǵın azat etti.**

**Iranda 1927–1934-jıllardaǵı reformalar dáwirinde biypul májbúriy baslawısh bilim beriw hám de de pullı orta hám joqarı bilim beriw haqqında nızamlar qabıl etildi.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

SSSR Ekinshi jáhán urısına qosılǵannan keyin 1941-jıl avgustta sovet hám inglis áskerleri Iranǵa kiritildi. Taxtqa kelgen Muhammed Rizo Pahlaviy 1942-jılı SSSR hám Ullı Britaniya menen shártnamaǵa qol qoyıstı. Pútkil mámleket aymaǵı urıs dáwirinde sovetler hám inglisler ıqtiyarına ótti.



**Annekciya** – bir mámleket aymaǵınıń yaki bir bóliminiń basqa mámleketke zorlıq penen qosıp alınıwı.

**Modernizaciya** – óndiris, texnika, texnologiyalıq process sıyaqlılardı zamanagóy talaplarǵa sáykeslendiriw, jańalaw processi.

**Infradúzilis** – jámiyet yaki onıń qandayda bir tarawı xızmetin támiyinlewshi mekeme, basqarıw sisteması, baylanıs quralları hám sol sıyaqlı toplam.

**Polk** – áskeriy bólim.

**Párenje** – bir qatar musılman mámleketlerinde hayallar jawınıp júretuǵın diniy kiyim.

**Sektor** – ekonomikanıń ulıwma sıpatlaması, maqsetleri hám wazıypaları bir-birine jaqın tarawlardan ibarat bolǵan iri bólimshe.

**Licenziya** – belgili múddetke belgilengen xızmet túri menen shuǵıllanıw ushın beriletuǵın huqıqtı tastıyıqlawshı rásmiy hújjet.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Birinshi jáhán urısınıń juwmaǵı Turkiya ushın qanday aqıbetlerge alıp keldi?
2. Mustafa Kamaldıń hákimiyatqa keliwi Turkiyanıń tariyxıy táǵdirinde qanday rol oynadı?
3. Mustafa Kamal Ata túrk reformalarınıń tiykarǵı maqseti neden ibarat edi? Ata túrk sırtqı siyasatta qanday tiykarǵı maqsetlerdi kózde tutıp háreket etti?
4. Shax Rizo Pahlaviy reformaları Irandı zamanagóy mámleketke aylandırıwda qanday rol oynadı?
5. Irannıń sırtqı siyasatında SSSR menen múnásibetleri qanday orındı iyeledi?
6. Turkiya hám Iranda ámelge asırǵan reformalar haqqında aytıp beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Óz betinshe jumıs



Kartadan paydalanıp 1918–1939-jıllarda Turkiya hám Iran tarıyxındaǵı waqiyalar xronologiyasın dúziń.



Turkiya hám Iranda ámelge asırılǵan reformalar menen 1930-jıllarda.

Ózbekistanda ótkerilgen reformalardı salıstırıń. Uqsas hám ayırmashılıq táreplerin Venn diagrammasında kórsetiń.

## 14-TEMA. 1918–1939-JILLARDA AFFRIKA MÁMLEKETLERI

Afrika kontinentin keń mániste eki poyasqa bóliw múmkin: Arqa hám Tropikalıq Afrika. Afrika kontinentiniń arqa bólimi arab-islam civilizaciyasınıń bir bólimine aylandı. Bul aymaq bárháma Jaqın Shıǵısqa umtılıp jasaydı hám sonıń menen birge Afrikanıń qalǵan bóliminen ayırılıp turadı. Arqa Afrikada Mısr, Aljir, Tunis, Marokash, Liviya jaylasqan.



**Afrikada jaylasqan qaysı áyyemgi mámleketlerdi bilesiz?**

**Mısr.** 1922-jılı Ullı Britaniya Mısr ústinen óz protektoratın biykar etip, onıń tolıq ǵárezsizligin tán aldı. **1923-jılı** qabıl etilgen konstituciyaǵa muwapıq Mısr monarxiya dep daǵaza etildi.

**1941-jılı** Mısr aymaǵına Germaniya hám Italiya áskerleri kiritildi.

**Aljir, Tunis hám Marokash** Franciyanıń koloniyası bolıp, Birinshi jáhán urısınan keyin de usı jaǵday saqlanıp qaldı. Jáhán urısları aralıǵında Aljirde – Farhod Abbos, Tunisda – Habib Burǵiba, Marokashda – Abdul Karim basshılıǵındaǵı milliy azatlıq háreketleri háwij aldı. Bul háreketler jeńiske erispegen bolsa da, aymaqtaǵı arab xalıqlarınıń milliy hám siyasiy sanasınıń ósiwińde úlken rol oynadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Arqa Afrika hám Jaqın Shıǵıs kartası.

Ekinshi jáhán urısı jıllarında kóplegen musılmanlar Franciyanı qollap quwatladı, francuz armiyası qatarına kirdi. 1940-jılı Franciya jeńiliske ushıraǵannan keyin Aljir hám Tunis Germaniya hám Italiyanıń shiyki-zat bazasına aylandırıldı.

**Liviya.** Birinshi jáhán urısınan keyin Italiya Liviyaǵa kóp mıń sandaǵı ásker kiritti. Liviya qarsılıq háreketi otryadları Italiya áskerlerine qársı gúres alıp bardı. **1931-jılı** qarsılıq háreketi bastırılıp, onıń jetekshileri óltirildi. Liviya Italiyanıń koloniyasına aylandırıldı.

Ekinshi jáhán urısı jılları Italiya Liviyanıń qolay strategiyalıq jaylasıwınan paydalandı: portlar, aerodromlar, jollar quryldı. Mámleket aymaǵı urıs háreketi maydanına aylandırıldı.



**1922-jıl fevralda ...** **1931-jıl Liviyada ...**
**Milliy – azatlıq háreketleri jetekshileri ...**

**Tropikalıq Afrika.** Jaqınǵa shekem kópshilik Evropalılar Afrika tariyxın pisent etpesten, bul tariyx ulıwma bolmaǵan dep esapladı. XX ásirdiń baslarına shekem Afrika tariyxı evropalılar názerinde tek qul sawdası hám ekonomikalıq talawshılıq penen baylanıslı edi. **1926-jılı** Milletler Ligası tárepinen qabıl etilgen «**Qullıq haqqında**» konvenciyada qullıq hám qul sawdasına táriyip berilip, olar qaralandı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Afrikanıń Evropa mámleketleri tárepinen bólip alınıwı.

Birinshi jáhán urısınan keyin Afrikanıń qubla hám oraylıq bóliminde jaylasqan aymaqlar Ullı Britaniyaǵa qaraslı bolıp, onıń koloniyalarında Afrikanıń ulıwma xalqınıń úlken bólimi jasaytuǵın edi.

Franciya Afrika materiginiń úlken bólimin iyelep alǵan bolsa da, Franciya koloniyalarınıń tiykarǵı bólimi Batıs hám Ekvatorial Afrikada jaylasqan hám kópshilik bólimi Sahrayı Kabirge tuwra keledi.

Qalǵan aymaqlardı Belgiya, Portugaliya, Ispaniya hám Italiya óz-ara bólisip alǵan edi.

**Afrikada metropoliyalar siyasatınıń ózine tán tárepleri.** Birinshi jáhán urısınan keyin Afrikada infradúzilis obektleri: temir jollar, portlar, baylanıs sisteması, sonday-aq, Evropa tipindegi hákimshilik shólkemler,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mektepler, emlewxanalar qurıldı. Missionerlik xızmeti arqalı xristian dini tarqaldı. Nátiyjede Afrikanı modernizaciyalaw ushın umtılıwlar payda boldı, dástúriy jámiyetke evropasha elementler kirip bardı.

Ekonomikada xalıqtıń úlken bólimi burıngıday dástúriy usılda kún kóriw menen bánt edi, awıl xojalıǵı alǵashqı usılda alıp barılıp, bir bólimi xalıq ónermentshilik, awshılıq penen bánt bolıp, turaqlı túrde miynet etiw tájiriybesine iye emes edi.

Sociallıq tarawda eski sistema (úlken shańaraq, ruw, jámáat, qáwim), qáwim hám jámáát baslıqlarnıń dáslepki Erarxiyası, ruw hám qáwimlerdiń ortasındaǵı múnásibetlerdiń quramalı sisteması, qulshılıq saqlanıp qaldı. Jámiyette jergilikli táwip hám ruwxaniylerdiń abıroyı ele de júdá joqarı edi.

Siyasiy tarawda hátte jańa siyasiy institutlar payda bolǵan orınlarda da olar eski siyasiy sistema tiykarında qurıldı, olarda qawim baslıqları, ruxaniyler sol sıyaqlılar tiykarǵı rol oynadi.

Mádeniy tarawdaǵı jetiskenlikler kóbinshe tek sırtqı kórinis ǵana bolıp: xristianlıq rásmiylik ushın qabıl etildi, jergilikli xalıqtıń sanası hám minez-qulqında dáslepkidey dástúriy mádeniyat hám alǵashqı túsinikler húkimran bolıp qala berdi.



**1926-yilda ...** **1940-yilda ...**
**Afrikada infratuzilma obyektlari ...**

**1920-jılı** Afrikada birinshi siyasiy partiya – Afrika Milliy kongressi (AMK) shólkemlestirildi. Bunnan soń materiktiń barlıq aymaqlarında partiyalar hám kásiplik awqamlarına uqsas shólkemler payda boldı.



Uilyam Dyubua.

Afrika xalqınıń siyasiy jedellesiwinde Panafrika kongressleri úlken rol oynadı. Panafrika háreketi jergilikli xalıqtıń rasalıq kemsitiwshiliklerge shek qoyıw, tán jazasın hám májbúriy miynetti biykar etiw sıyaqlı talaplardı aldına qoydı. Bul dáwirde Panafrika háreketiniń kózge kóringen iskerleri, panafrikanizmniń «ata»ları Uilyam Dyubua hám Markus Garvi edi.

1930-jıllardıń ekinshi yarımınan Afrikada ekonomikalıq rawajlanıw pátleri jedellesti. Usı waqıtları jergilikli xalıqtı májbúriy miynetke qatnastırıw tártipke salındı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**1926-jıl Milletler Ligası tárepinen «Qullıq haqqında» konvenciya qabıl etildi.**

**1920-jılı Afrika Milliy kongressı (AMK) shólkemlestirildi.**


Markus Garvi.

1939-jılı Ekinshi jáhán urısınıń baslanıwı menen Afrika urıs qatnasıwshılarınıń rejelerinde zárúrli strategiyalıq áhmiyetke iye boldı. Júz mıńlaǵan afrikalılar Arqa Afrika, Batıs Evropa hám basqa aymaqlardaǵı urıs háreketlerine qatnastı. Afrikalılardan shólkemlestirilgen milliy áskeriy bólimler keyinirek ǵárezsizlik ushın gúreste áhmiyetli orın iyeledi.

**Civilizatciya** – sociallıq rawajlandırıw hám materiallıq mádeniyat dárejesiniń belgili bir sociallıq-siyasiy sistemaǵa tán bolǵan basqısh.

**Konvenciya** – ayrıqsha máseleler boyınsha xalıq aralıq kelisiw, xalıq aralıq shártnama túri.

**Missionerlik** – ózge din wákilleri ortasında xristiyan dinin úgitlewge baǵdarlanǵan xızmet.

**Iyerarxiya** – tómennen joqarıǵa qaray ámel dárejesi boyınsha boysınıw tártibi.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. XX ásir baslarında Afrika xalıqları tariyxı haqqında nelerdi bilesiz?
2. 1926-jılı Milletler Ligası tárepinen qanday mazmundaǵı konvenciya qabıl etilgen?
3. Birinshi jáhán urısınıń baslanıwı aldınan Afrika kontinenti tiykarınan qaysı mámleketler tárepinen bólip alınǵan edi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

4. Evropalıqlar kirip keliwi menen Afrikada modernizaciyalaw tendenciyalarınıń payda bolıwı nelerde kórinis berdi?

5. Xalıq arasında dástúriylik qaldıqlardıń kúshliligi ekonomikalıq, sociallıq hám siyasiy tarawlarda qanday kóriniste boldı?

6. Afrika Milliy kongressi hám Panafrika háreketi haqqında nelerdi bilesiz?

**Óz betinshe jumıs**



Kartadan paydalanıp, Afrikanıń Evropa mámleketleri tárepinen basıp alınıwın talqılań hám maǵlıwmatlardı dápterińizge jazıń.



Tema tekstin oqıw processinde sizge tanıs bolmaǵan sózlerdi dápterińizge jazıń hám de sózlikler járdeminde túsiniklerdi talqılań.

## 15–16-TEMALAR. EKINSHI JÁHÁN URISI HÁM ONIŃ JUWMAQLARI

**Germaniyada fashistlerdiń hákimiyatqá keliwi hám xalıqaralıq qatnasıqlar.** 1933-jıl yanvarda Germaniyada A.Gitler basshılıǵındaǵı nacional-socialistler jumısshı partiyası hákimiyatqa keldi. Ol Germaniyanıń Birinshi jáhán urısındaǵı jeńilisi ushın ósh alıwdı óz aldına maqset etip qoyǵan urıs partiyası edi.



**Birinshi hám ekinshi jáhán urısların keltirip shıǵarǵan ulıwmalıq tárepler nelerden ibarat?**

**1938-jılǵı Myunxen kelisimi.** Avstriya anshlyus etilgennen soń Germaniya Chexoslovakiyanı basıp alıwǵa tayarlana basladı. Chexoslovakiyanıń Sudet wálayatı xalqınıń kópshiligin nemis milletine tiyisli adam-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

lar quraytuǵın edi. Gitler bul wálayattıń Chexoslovakiyadan alınıp, Germaniyaǵa beriliwin talap etti.

Ullı Britaniya hám Franciya basımı astında Chexoslovakiya húkimeti Germaniyanıń talabın orınlawǵa májbúr boldı. Chexoslovakiyanıń kapitulyaciyası **1938-jıll 29-sentyabr** kúni Myunxende rásmiylestirildi.




Evropa mámleketleriniń shegarası. 1939-jıl 1-sentyabr jaǵdayı.

Myunxen kelisiminen keyin eki frontta urıs alıp barıwdı qálemegen SSSR menen Germaniya mápleri waqıtsha sáykes keldi. Bul **1939-jıl 23-avgustta** 10 jıl múddetke óz-ara urıs etpew haqqında Sovet-German paktiniń (Molotov – Ribbentrop pakti) qol qoyılıwına alıp keldi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ekinshi jáhán urısınıń baslanıwı. 1939-jıl 1-sentyabr kúni Germaniyanıń Polshaǵa bastırıp kiriwi menen Ekinshi jáhán urısı baslandı hám **1945-jıl 2-sentyabrge** shekem dawam etti. Polshaǵa járdem beriwdi wáde etken Ullı Britaniya hám Franciya 3-sentyabr kúni Germaniyaǵa urıs daǵazaladı.

Sovet basshıları payıttan paydalanıp qaldı. **1939-jıl 17-sentyabr** kúni Polshaǵa sovet áskerleri kiritildi. Germaniya menen SSSR ortasındaǵı doslıq shártnamasına qol qoyılıp, onda Polsha mámleketi siyasiy kartadan pútkilley óshirip taslandı.



Nemis bombalarınan jasırınǵan sovet balaları. 1941-jıll, iyul.

**1939–1940-jıllarda** sovet-fin urısı bolıp ótti. Sovetler júdá úlken joǵaltıwlar esabınan Kareliyanı Viborg qalası menen birge SSSR quramına qosıp aldı. Biraq tez jeńiske erisiw hám Finlyandiyanı ózine tiyisli mámleketke aylandırıw rejesi ámelge aspadı. SSSR basqınshı mámleket sıpatında Milletler Ligasınan shıǵarıldı. **1940-jıl martta SSSR** Finlyandiya menen pitim dúziwge májbúr boldı.

**1940-jıl sentyabrde** Germaniya, Yaponiya hám Italiya ortasında áskeriy birge islesiw haqqında kelisim – Úshler paktine qol qoyısıldı. Tez arada bul paktke Vengriya, Ruminiya, Slovakiya hám Bolgariyada qosıldı.

**Germaniyanıń SSSRǵa bastırıp kiriwi.** Germaniya menen SSSR ortasındaǵı urıs sózsiz bolıp, Batıs Evropanıń iyeleniwi Gitler óziniń tiykarǵı rejesi – Shıǵısqa júrisi ushın tayarlıq sıpatında qarap atır edi. Gitler SSSRdı tezlik penen qıyratıwdı názerde tutqan «Barbarossa» rejesin tastıyıqladı.



Antigitler koalitsiya. Urıs dáwuri plakatı.

**1941-jıl 22-iyunda** Germaniya SSSRǵa bastırıp kirdi. Germaniyanıń hújimi SSSR ushın kútilmegende júz bergenligi I.Stalinniń eń úlken qátelerinen biri boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Ekinshi jáhán urısınıń sebepleri hám sıltawları ...**

**1933-jıl yanvarda ...** | **1938-jıl 29-sentyabr ...**
**1939-jıl 23-avgustta ...** | **1939-jıl 1-sentyabr ...**
**1939 – 1940-jıllar ...** | **1940-jıl martta ...**
**1940-jıl sentyabrde ...** | **1941-jıl 22-iyunda ...**

Urıstıń tosattan baslanıwı soğan alıp keldi, sovet aviaciyasınıń úlken bólimi hawağa kóteriliwge úlgermestenen aerodromlarda joq etildi, áskerlerdi basqarıw hám támiyinlew sisteması izden shıqtı.

**Antigitler koaliciyanıń dúziliwi.** Germaniya SSSRğa hújim baslawı menen Ullı Britaniyanıń bas wáziri U.Cherchill hám AQSH prezidenti F.D.Ruzvelt sovetler menen tilekleslikti dağaza etti.

1941-jıl avgustta AQSH hám Ullı Britaniya urıs dáwiri hám onnan keyingi birge islesiw principleri haqqındağı deklaraciyanı – **Atlantik xartiyasına** qol qoyıldı. Bul hújjetti qol qoyısqan tárepler aymaqlıq hám basqa baylıqlardı iyelep almawshılıq, xalıqlardıń óz basqarıw formasın erkin tańlaw huqıqın húrmet etiw, zorlıq jolı menen suverenitetinen ayırılğan xalıqlardıń óz huqıqların tiklewge umtılıwdı qollap-quwatlaw minnetlemesin ózine aldı. **1941-jıl sentyabrde** SSSR Atlantik xartiyasınıń tiykarğı principlerin qabıl etti.



Frontqa gúzetip salıw. Rossiya.

Tınısh okeanında Yaponiya baslağan áskeriy háreketler AQSHtıń urısqa qosılıwın hám antigitler koaliciyanıń tolıq dúziliwin tezlestirdi.

**1941-jıl dekabrde** AQSHtıń urısqa qosılıwı menen antifashistik koalitsiya shólkemlestiriliw tárepten rásmiylestirildi. Koaliciya ağzaları hám Úshler awqamına qarsı urısıp atırğan basqa mámleketler húkimetleri Deklaraciyağa qol qoyıstı. Onda dushpan ústinen jeńiske erisiw ushın barlıq imkaniyatlardı mobilizaciya etiw, separativlik kelisim dúzbewshilik minnetlemesi júklendi, urıstan keyin dúnya tártibi Atlantik xartiyası principleri tiykarında ornatılıwı belgilenip qoyıldı.

**Urıstıń barısı.** AQSHtıń urısqa qosılıwı menen antigitler koaliciya mámleketleri materiallıq hám insaniylıq resurslarda sózsiz ústinlikke eristi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Biraq, urıstıń barısında burılıs birden júz bermedi. 1941-jıl dekabrde nemis áskerleri Moskva bosaǵalarında urısta jeńiliske ushıradı hám urıstaǵı dáslepki úlken jeńiliske ushıradı. Biraq olardıń basqınshılıq ruwxı ele sındırılmaǵan edi. **1942-jıl báhár-gúzde** nemis áskerleri Volga dáryasına hám Arqa Kavkazǵa shıqtı. Afrikada German-italyan áskerleri ele Mısrǵa qáwip salıp turǵanda, Yaponiya Malayziya, Birma, Filippin, Indoneziyanı basıp aldı, yapon áskerleri Hindstan hám Avstraliya bosaǵasında turǵan edi.

1942-jıl noyabrde sovet áskerleri Stalingrad bosaǵalarında qarsı hújimge ótip, Volgaǵa shıqqan German áskerleriniń úlken toparın – 22 diviziyasın qorshap aldı hám qıyrattı. 1943-jıl fevralda qorshawdaǵı nemis áskerleri táslim boldı.



U. Cherchill, F. Ruzvelt, I. Stalin Qrim (Yalta) konferenciyasında. 1945-jıl, fevral (shepten).

Stalingrad bosaǵalarındaǵı jeńilis Úshler awqamı mámleketleri ushın nabıt etiwshi urıs boldı. Germaniya óz armiyasınıń jawıngerlik qábiletin



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

tiklew ushın jalpı mobilizaciyanı dağazaladı. Germaniyanıń rezervtegi barlıq áskerleri Shığıs frontqa jiberildi, nátiyjede awqamlaslar 1943-jıl may ayında Italyan-German áskerlerin Afrikadan tolıq quwıp shığarıwğa eristi.

1944-jılı Sovet Awqamı óz aymağın tolıq azat etti, sovet áskerleri Shığıs Evropağa kirip keldi. 1944-jılı awqamlaslar Franciyanıń arqa-batısına ásker túsirip, Franciya hám Belgiyanı azat etti. Urıs Germaniyanıń óz aymaqlarına jetip keldi.

Fashizmge qarsı gúreste Italyan-German áskerleri tárepinen basıp alınğan aymaqlardağı milliy-watandı súyiwshi kúshler–general de Goll basshılığındağı «Azat Franciya» Qarsılıq háreketi, **I.B.Tito** basshılığındağı Yugoslaviya azatlıq háreketi úlken rol oynadı.

Urıs jılları gitlershilerge qarsı koaliciya mámleketleriniń óz-ara múnásibetlerine baylanıslı tiykarğı máseleler SSSR, AQSH hám Ullı Britaniya liderleriniń ushırasıwlarında sheshildi. Urıs dawamında usınday ushırasıwlar úsh jerde –Tegeranda (1943), Qırım (Yalta)da (1945-jıl, fevral), Potsdamda (1945-jıl, iyul-avgust) bolıp ótti.

**Germaniyanıń táslim bolıwı.** **1945-jıl 16-aprelden 2-mayğa shekem** Berlin operaciyası ámelge asırılıp, usı waqıt ishinde Úshinshi reyxtiń paytaxtı orap alındı hám shturm menen basıp alındı. Reyxstagtıń ústinde sovetlerdiń qızıl bayrağı ornatıldı.

1945-jıl 8-may kúni Joqarı bas komanduyuchiy orınbasarı G.K.Jukov Sovet Awqamı atınan Germaniyanıń sózsiz táslim bolğanlığı haqqındağı aktke qol qoydı. **9-may SSSRda «Jeńis kúni»** dep dağaza etildi.

Urıs jılları SSSR quramında bolğan Ózbekistan da fashizmge qarsı urısqa jedel qatnastı. Áskeriy xızmetke shaqırılğanlardıń bir bólimi qurban boldı, on mıńlap adamlar biydárek joğaldı, mayıp bolıp qayttı. Frontta qaharmanlıq kórsetken júzlegen Ózbekistanlılar Sovet Awqamı Qaharmanı dárejesine, orden hám medallarğa miyasar boldı. Urıs jılları front aldı aymaqlarınan 1 mln. nan aslam adamlar Ózbekistanğa evakuaciya etildi, sonnan 200 mıńnan aslamı balalar edi. Olar ózbek shańaraqlarında baspana hám miyrim taptı. Bunnan tısqárı, SSSRdıń frontqa jaqın aymaqlarınan bir qansha sanaat kárxanaları Ózbekistanğa kóshirip alıp kelindi. Olar front ushın áskeriy ónimler jetkerip berdi. Urıs jılları ózbek xalqı júdá úlken mártlik úlgisin kórsetti.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Atlantik xartiyası ...**
**1941-jıl dekabrde ...**
**1942-jıl báhár-gúzde ...**
**1943-jıl may ...**
**1945-jıl 16-aprelden 2-mayǵa shekem ...**
**1945-jıl 8-may ...**

**Yaponiyanıń qıyratılıwı. 1945-jıl 6-avgust** kúni AQSH Yaponiyanıń Xirosima hám **9-avgust** kúni Nagasaki qalalarına atom bombaların tasladı. Atom bombaları jarılıwı nátiyjesinde tiykarınan tınısh xalıq qurban boldı.

1945-yil Sovet Awqamı Yaponiyaǵa qarsı urısqa kiristi. **1945-jıl 2-sentyabr** kúni Yaponiya sózsiz baǵınıwı haqqındaǵı paktke qol qoydı. **Ekinshi jáhán urısı tamamlandı**. Tiykarın fashistlik Germaniya, Italiya hám militaristlik Yaponiya quraǵan basqınshı mámleketler blogi qıyratıldı.

**Ekinshi jáhán urısınıń aqıbetleri.** Ekinshi jáhán urısı altı jıl dawam etti hám insaniyatqa júdá úlken apatshılıq keltirdi. 110 mln. adam urısqa mobilizaciya etildi. 60– 65 mln. adam qurban boldı, olar arasında áskeriy xızmetkerler menen birge millionlaǵan tınısh xalıq ta bar edi.



Fashist jınayatshıları Nyurnberg sud processinde.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Birlesken Milletler Shólkeminiń dúziliwi.** Antifashistlik koaliciya mámleketleri urıstan keyingi dúnya dúzilisi principleri haqqındaǵı óz qarasların Birlesken Milletler Shólkemi (BMSH) Ustavında bayan etti. BMSH Ustavı xalıqlar gúresiniń mazmunına aylanǵan hám Jer júzindegi bárshe xalıqlardıń tınıshlıq hám teńlikte jasaw principleri bolǵan ulıwma insaniylıq qádiriyatlar daǵaza etildi.

**Nyurnberg hám Tokio sud processleri.** Germaniyanıń Nyurnberg qalasında **1945-jıl noyabrden 1946-jıl oktyabrge** shekem fashist basshıları ústinen sud processi bolıp ótti. Onda Germaniyanıń tiykarǵı siyasiy hám áskeriy basshıları jazaǵa húkim etildi. Tribunal nacistler partiyasınıń basshıları, SS, SD sıyaqlı agressiv otryadların hám gestaponı (siyasiy policiya) jınayatshı shólkemler dep daǵazalandı.

**1946-jıl maydan 1948-jıl noyabrge shekem** Yaponiya paytaxtı Tokio qalasında yapon agressiyasınan azap shekken mámleket wákillerinen quralǵan Xalıqaralıq áskeriy tribunal urısta ayıplı dep tabılǵan yapon áskeriy jınayatshıları ústinen húkim shıǵardı.




**1940-jıl sentyabrde Germaniya, Yaponiya hám Italiya ortasında áskeriy birge islesiw haqqındaǵı kelisim – Úshler paktitine qol qoyıldı.**

**1945-jıl 2-sentyabr kúni Yaponiya sózsiz baǵınıwı haqqındaǵı paktke qol qoyılıwı menen Ekinshi jáhán urısı tamamlandı.**

**Germaniyanıń Nyurnberg qalasında 1945-jıl noyabrden 1946-jıl oktyabrge shekem fashist basshıları ústinen sud processi bolıp ótti.**

Nyurnberg hám Tokio sud processleri jawızlıq, urıslar hám de tınıshlıq hám insanıylıqqa qarsı basqa jinayatlarda ayıplı bolǵan bas áskeriy jinayatshılar ústinen ótkerilgen tariyxta birinshi sud process boldı. Jawızlıqtı, áskeriy jinayatlardı, tınısh xalıqqa qaratılǵan terrordı qaralaǵan sud qararları tek bas áskeriy jınayatshılardı jazalap qalmastan, xalıqaralıq huqıqtıń da áhmiyetli deregine aylandı. Tariyxta birinshi márte mámleket, húkimet yaki armiya baslıǵı dárejesindegi adamlardıń jınaiy juwapkershilikten azat etilmeytuǵınlıǵın xalıqaralıq kólemde tán alındı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Kapitulyaciya** – urısıp atırǵan tóreplerdiń birewiniń urıs háreketlerin, quralllı qarsılıq kórsetiwdi dawam ettiriwden waz keshiwi.

**Koaliciya** – ulıwma maqsetke erisiw ushın ayırım insanlar, siyasiy partiyalar, mámleketler ortasındaǵı dúziletuǵıń awqam.

**Xartiya** – májbúriy kúshke iye bolmaǵan xalıqaralıq akttiń ulıwma qaǵıydaları hám maqsetlerin ańlatıwshı hújjet.

**Deklaraciya** – qandayda bir áhmiyetli maǵlıwmatlar bayan etilgen ayırım rásmiy hújjetlerdiń atalıwı.

**Diviziya** – iri áskeriy bólim.

**Evakuaciya** – urıs háreketleri bolıp atırǵan aymaqtan adamlar, mákemeler, kárxanalar hám basqalardıń urıs háreketi bolmay atırǵan qáwipsiz aymaqlarǵa kóshiriliwi.

**Gestapo** – mámleket jasırın policiyası; fashistler Germaniyasında ózgeshe pikirlewshilerge qarsı gúresiw ushın dúzilgen kúsh isletiwshi shólkem.

**Tribunal** – ayrıqsha, kópshilik jaǵdaylarda áskeriy sud.

**Anshlyus** – qosıp alıw, awqamlas. Tariyxta tiykarınan 1938-jıl Germaniyanıń Avstriyanı qosıp alıwına salıstırmalı qollanıladı

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Fashistlik Germaniyanıń qıyratılıwında dúnya mámleketleriniń ornı qanday?

2. SSSRdıń Yaponiyaǵa qarsı urısqa qosılıwı Ekinshi jáhán urısınıń juwmaqlanıwında qanday rol oynadı? Xirosima ham Nagasaki qalalarına taslanǵan atom bombaları urıstıń juwmaqlanıwına sheshiwshi tásir kórsettime?

3. Ekinshi jáhán urısınıń tiykarǵı nátiyjeleri haqqında aytıp beriń.

4. Urıs nátiyjeleri onnan keyingi on jıllar dúnya rawajlanıwınıń qanday jólenislerin belgilep berdi?

5. BMShniń dúzilisi urıstan keyin dúnyada tınshlıqtı saqlawǵa qanday rol oynadı?

6. Nyurnberg hám Tokio xalıqaralıq sudlarınıń qararları qanday siyasiy hám tariyxıy áhmiyetke iye boldı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ózbetinshe jumıs



Kartadan Ekinshi jáhán urısı baslanıwı qarsańında Evropa mámleketleri aymaǵına tu'sinik jazıń.



Said Ahmadtıń «Kók jiyek» romanınıń «Ayralıq ku'n-lerinde» dep atalǵan bólimin oqıń hám «Dáwir menen dialog» temasında shıǵarma jazıń.



Ótkir Qoshimovtıń «Dápter jiyegindegi bitikler» kitabınan alınǵan tómendegi qatarlardı oqıń hám dápterińizge tema menen baylanısqan halda esse jazıń: «Urısta jenimpaz hám baxıtlı patsha, jeńimpaz hám baxıtlı ásker, jeńimpaz hám baxıtlı mámleket, jeńimpaz hám baxıtlı sistema bolıwı múmkin. Biraq jeńimpaz hám baxıtlı adam bolmaydı. Nege deseń, urıs adamdı adam óltiriwge májbúr etedi. Adam óltirgen adam hesh qashan baxıtlı bolmaydı».

## 17-TEMA. EKINSHI JÁHÁN URISINAN KEYINGI XALIQARALIQ QATNASÍQLAR: «SUWIQ URIS»TIŃ BASLANIWI

Antigitler koaliciya aǵzaları urısta jeńiske erisip, insaniyat civilizaciyası tariyxında jańa betti ashqanında, bul bette neler jazıladı, onıń mazmunı qanday bolıwın ele hesh kim ayta almas edi. Biraq barı-joǵı 30 jıl ishinde insaniyat tariyxındaǵı eń qorqınıshlı eki urısqa tikkeley guwa bolǵan dúnya xalıqlarınıń tınısh-tatıw jasaw tilegi, tınısh rawajlanıw ármanı birlestirip turar edi.



**Birinshi jáhán urısınan keyin xalıqaralıq qatnasıqlar qaysı shártnamalar tiykarında tártipke salınǵan edi?**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**«Suwıq urıs»tıń baslanıwı.** Dúnyanı aymaqlıq qayta bóliw ushın alıp barılǵan eki jáháń urıslarınan keyin dúnyadaǵı kúshler qatnasında úlken ózgerisler júz berdi. Batıstıń liberal-demokratiyalıq mámleketleri menen SSSR ortasında qarama-qarsılıqlar kúsheyip bardı. Urıstan soń AQSH sovet-Amerika múnásibetleri tariyxta birinshi márte SSSRǵa qarsı yadro quralın qollaw múmkinligi menen qáwip saldı. Otstavkada bolsa da urıs jılları úlken abıroy arttırǵan U.Cherchill **1946-jıl martta** AQSHtıń Fulton qalasında Vestminster kolledjiniń tıńlawshıları aldında sózge shıǵıp, AQSHqa «tınıshlıq súyer xalıqlardıń sovet basqınshılıǵına» qarsı gúreste basshılıq etiwdi usındı. U.Cherchill usı shıǵıp sóylewinde qollanǵan «temir perde» sózi uzaq waqıt Batıs hám Shıǵıs arasındaǵı tımsalıy shegara bolıp qaldı.

**1947-jıl iyun ayında** AQSHtıń mámleketlik xatkeri J.Marshall Evropa mámleketlerine urıs aqıbetlerin saplastırıwǵa járdem kórsetiw ideyasın alǵa súrdi. Sovet diplomatiyası «Marshall rejesi»nen bas tarttı. Sovetler «Marshall rejesi» SSSRdıń Shıǵıs Evropadaǵı tásirine náwbettegi qáwip, Amerika kapitalınıń Evropanı iyelewi ushın urınıwı, dep bahaladı. Waqıyalardıń keyingi rawajlanıwında bul baha onsha durıs emesligin kórsetti. Evropanı eki toparǵa, bir tárepten, «Marshall rejesi»n qabıl etken hám AQSH penen jaqınlasıw jolın tańlaǵan mámleketler, ekinshi tárepten, rawajlanıwdıń socialistlik jolın hám SSSR menen birge islesiwdi tańlaǵan mámleketlerge bóliniwi uzaq dawam etken qarama-qarsılıqtı baslap berdi. Evropa kontinentinde, keyin bolsa pútkil dúnya kóleminde bir-birine qarama-qarsı turǵan áskeriy-siyasiy hám ekonomikalıq awqamlar sisteması payda boldı. Dúnyanıń eń úlken eki mámleketi – AQSH hám SSSR bul awqamlardıń oraylarına aylandı.

**1949-jıl yanvarda** SSSR hám Shıǵıs Evropanıń kóplegen mámleketleri ekonomikalıq awqam– ózara Ekonomikalıq Járdem Keńesi (ÓEJK) dúzilgenligin daǵaza etti. Óz náwbetinde Batıs mámleketleri **1949-jıl aprelde** Arqa Atlantika shártnaması shólkemi (NATO) dep atalatuǵın áskeriy-siyasiy shólkemdi dúzdi. NATOǵa juwap retinde **1955-jılı** SSSR hám Shıǵıs Evropa mámleketleriniń áskeriy-siyasiy awqamı– **Varshava Shártnaması Shólkemi** dúzildi.



**U.Cherchill shıǵıp sóylewiniń túp mánisi ...**
**«Marshall rejesi» ...** **1949-jıl yanvarda ...**
**1949-jıl aprelde ...** **1955-jılda ...**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



AQSH hám SSSR: dúńyanı bólisip alıw ushın gúres. Karikatura

**Koloniallıq sistemanıń qulawı.** Kaloniallıq sistemanıń qulawı hám jańa, ǵárezsiz mámleketlerdiń shólkemlesiwi dúnyanıń rawajlanıwındaǵı eki polyusli sistemaǵa berilgen kúshli soqqı boldı. 1950-jıllardan-aq bul mámleketler ózine tán rawajlanıw jolın tańlaw ushın xalıqaralıq maydanǵa shıqtı hám keyinirek **«úshinshi dúnya mámleketleri»** atın aldı. Bul jaǵday qosılmaslıq háreketiniń payda bolıwı ushın tiykar jarattı.

Jańa mámleketlerdiń kópshiligi óz rawajlanıw jolın SSSR menen de hám AQSH penen de qattı baylanısıwdı qálemedi. Keyin bul tendenciya jáne de rawajlandı: Iosif Broz Tito, Javoharlal Neru, Jamal Abdul Nasır baslamalarına muwapıq koloniyalıqtan azat bolǵan mámleketler **1961-jılı Qosılmaslıq háreketin shólkemlestirdi.**

**1970–1980-jıllardaǵı xalıqaralıq qatnasıqlar.** 1970-jılları xalıqaralıq múnásibetlerde keskinlik biraz jumsardı. 1972-jılı SSSR menen AQSH ortasında strategiyalıq qurallardı sheklew boyınsha birinshi shártnama **(SQSH-1)** hám **1975-jıl** Evropada Qáwipsizlik hám birge islesiw keńesiniń Juwmaqlawshı aktine qol qoyıldı. Bul hújjet shártnama emes edi, biraq úlken ádep ikramlılıq-siyasiy áhmiyetke iye boldı, ol xalıqaralıq



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qatnasıqlarda jańa alǵa ilgerlewshilik normaların ornattı. Usınday jaǵdayda **1979-jıl** SSSR hám AQSH ortasında **SQSH-2** shártnamasına qol qoyıldı.

**1979-jıl dekabrde** Awǵanstanǵa sovet áskerleri kiritildi hám xalıqaralıq qatnasıqlarda jáne keskinlik baslandı. Bul keskinlikti jumsartıw, eki tárepti de qanaatlandıratuǵın qatnasıqlarda formasın tabıw ushın dáslepki háreketler SSSR hám AQSH liderleri M.S.Gorbachev hám R.Reygenniń **1980-jılları** Jeneva hám Reykyaviktegi ushırasıwlarında baslandı. Bul ushırasıwlar birde-bir shártnamaǵa qol qoyılıwı menen juwmaqlanbaǵan bolsa da, eki tárептiń hám insaniyattı yadro urısı qáwpinen qutqarıwǵa bolǵan talpınıwınıń kórinisi boldı.




Dunyanıń kapitalistik hám socialistik mámleketlerge bóliniwi. XX ásirdiń 80-jılları.

**1949-jıl yanvarda Óz ara Ekonomikalıq Járdem Keńesi (ÓEJK) dúzildi.**

**1949-jıl aprelde Arqa Atlantika Shártnaması shólkemi (NATO) dep atalıwshı áskeriy-siyasiy shólkemi dúzildi.**

**1955-jılı SSSR hám Shıǵ'ıs Evropa mámleketleriniń áskeriy-siyasiy awqamı – Varshava Shártnaması Shólkemi dúzildi.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1980-jıllardıń ekinshi yarımınan baslap 1990-jıllardıń baslarına shekem xalıqaralıq qatnasıqlarda jedellilik hám jıllılıq dáwiri boldı.



**Marshall rejesi** – ekinshi jáhán urısınan keyin AQSHtıń mámleketlik xatkeri J. Marshall tárepinen Evropa mámleketlerin tiklew boyınsha usınıs etilgen reje.

**NATO** – Arqa Atlantika shártnaması shólkemi. Ayrım Evropa hám Arqa Amerika mámleketleri tárepinen ekinshi jáhán urısınan keyin dúzilgen áskeriy-siyasiy awqam.

**Varshava shártnaması** – ekinshi jáhán urısınan keyin SSSR hám Shıǵıs Evropadaǵı socialistlik mámleketler tárepinen dúzilgen áskeriy-siyasiy awqam.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Urıstan keyin SSSR hámAQSH ortasındaǵı tiykarǵı qarama-qarsılıqlar nelerden ibarat edi?
2. «Marshall rejesi» hám AQSH penen SSSRdıń Evropadaǵı ekonomikalıq básekilesiwi qanday nátiyjelerge alıp keldi?
3. 1970 – 1980-jıllarda xalıqaralıq múnásibetlerdegi tiykarǵı waqıyalar nelerden ibarat edi? AQSH hám SSSR ortasındaǵı qol-qoyısılǵan shártnamalar jáhánde tınıshlıq ornatıwda qanday rol oynadı?
4. «Suwıq urıs»qa juwmaq jasaǵan jańasha siyasiy oylawlardıń principleri nelerden ibarat edi?

## Óz betinshe jumıs



Kartadan dúnyanıń kapitalistlik hám socialistlik lagerlerge qatnası bar mámleketlerdiń dizimin jazıń hám túsinik beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



n.ziyouz.com saytınan Ernest Xemingueydiń «Xosh bol, qural!» romanın kóshirip alıń, oqıń hám ǵárezsiz túrde «Tınıshlıq» temasında bes qatarlı qosıq (sinkveyn) jazıń.



Ótkir Qoshimovtıń «Dápter jiyegindegi bitikler» kitabınan alınǵan «Urıs penen bes kúnde pitetuǵın mashqala tınıshlıq penen bes jılda pitse, ekinshi joldı tańlaw kerek!», degen úzindisin dıqqat penen oqıń hám dápterińizge tema menen baylanıslı bolǵan halda tiykarlanǵan esse jazıń:

## 18-TEMA. 1946 – 1991-JILLARDA AMERIKA QURAMA SHTATLARI

Ekinshi jáhán urısınan keyin basqa rawajlanǵan mámleketlerge salıstırǵanda AQSH ushın júdá qolay sharayat júzege keldi. Payda bolǵan qolaylı imkaniyatlardan paydalanǵan AQSH jańa bazarlardı iyelep aldı. Tovarlardı eksport etiwdı, onnan da kóbirek ilimiy-texnikalıq imkaniyatların asırdı. AQSH Batıs dúnyasınıń siyasiy, ekonomikalıq hám áskeriy jetekshisine aylandı.



**Birinshi jáhán urısınan keyin xalıqaralıq múnásibetlerde AQSh qanday tárizde áhmiyetli orın tuta basladı?**

**Ekonomikalıq rawajlanıw.** Urıstan keyingi jıllarda dáslepki ret AQSH-ta áskeriy óndiristiń **konverciyası** ámelge asırıldı. 1940-jıllardıń aqırınan baslap turaqlı hám toqtawsız ósiw AQSH ekonomikalıq sistemasınıń ózine tán tárepleri bolıp qaldı. 1950-jılları AQSH ekonomikası Batıs mámleketleriniń ekonomikasına salıstırǵanda áste óskenligine qaramastan, ol barlıq kórsetkishler boyınsha haqıyqıy ekonomikalıq jetekshi bolıp qala berdi.

**1960-jılları** prezidentler **Jon Kennedi hám Lindon Jonson** hákimshilikleri ekonomikalıq ósiwdi tezlestiriwge qaray jol tuttı. Óndiristi massalıq



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Jon Kennedi.

avtomatlastırıw ámelge asırıldı. Ekonomikanıń energetika, elektronika hám ximiya sanaatı, avtomatlastırıw hám baylanıs quralların hám de túrli ásbaplardı islep shıǵarıw jetekshi tarawlarǵa aylandı.

**1970-jıllar** basına kelip ekonomikalıq ósiw pátleri páseydi. Amerika valyutasına salıstırǵanda isenimsizlik kúsheydi. Batıs mámleketleri kúshli ekonomikalıq krizisti basınan keshirdi. Bul krizis basqa rawajlanǵan mámleketlerge salıstırǵanda AQSHta bir qansha awır keshti.



Ronald Reygan.

**1980-jılǵı** prezidentlik saylawlarda jeńiske erisken **R.Reygan** hákimshiligi krizisten shıǵıw sheshimin tabıwǵa urınıp, mámlekettiń ekonomikaǵa aralasıwın shekledi, kapital kirgiziw ushın úlken salıq jeńilliklerin engizdi. Jekke baslamalar xoshemetlendi. Bul hám basqada bir qatar is-ilajlar «Reyganomika» atın aldı. **«Reyganomika»** AQSH ushın jaqsı nátiyjelerge alıp keldi. Inflyaciya páseydi, jumıssızlıq kemeydi, tutınıw buyımlarına talap arttı. Shet el kapitalınıń kirip keliwi bir qansha kóbeydi.



**1940-jıllardıń aqırınan ...**
**1960-jılları prezidentler J.Kennedi hám L.Jonson ...**
**1980-jıl ...**

**1990-jıllar** basında AQSH ekonomikasında qısqa múddetli recessiya baqlandı. Ósiw pátleriniń tómenlewi xojalıqtıń barlıq tarawların qamtıp aldı.

**Siyasiy rawajlanıw.** 1940-jıllar aqırı – 1950-jıllar bası AQSHta siyasiy reakciya háwij alıwı menen xarakterlenedi. Bul kóp tárepten baslanǵan «suwıq urıs» penen baylanıslı edi. **1952-jılǵı** saylawlarda respublikashılar partiyasınan kandidat **Duayt Eyzenxauer** jeńiske eristi. AQSH húkimetin ol basqarǵan dáslepki jıllarda reakciya jánede kúsheydi. Mámlekette **makkartizm** háwij aldı. Senator Jozef Makkarti mámleketlik organlar-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

da jansızlar hám kommunistlerdi anıqlaw ushın tekseriwler alıp bardı. J.Makkarti xızmetin kóplegen reakciyalıq shólkemler qollap-quwatladı.




Amerika kartası.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Martin Lyuter King.

1960-jılları puqaralar teńligi ushın háreket óziniń eń joqarǵı shegine jetti. Kóplegen orınlarda qara denelilerdiń qozǵalańıları bolıp ótti. Buǵan qarsı júdá oń háreket wákilleri siyasiy óltiriwlerdi ámelge asıra basladı. **1963-jılı** AQSH prezidenti **Jon Kennedi, 1968-jıl** qara deneliler teńligi ushın hárekettiń eń belgili ǵayratkeri, Nobel tınıshlıq sıylıǵı laureatı, ruwxaniy **Martin Lyuter King** óltirildi. 1960-jıllardaǵı puqaralar huqıqları ushın hárekettiń ózine tán tárepi sonda, ol massalıq sociallıq narazılıq háreketleri menen bir payıtqa tuwra keldi. Bul háreket wákilleri ásirese AQSH Vetnamda alıp barıp atırǵan urısqa qarsı keskin narazılıq demonstraciyaların uyımlastırdı. Solay etip, 1960-jıllar sociallıq-siyasiy burılıslar dáwiri boldı.



**1952-jılda ...** | **J.Makkarti xızmeti ...**
**1963-jıl ...** | **Martin Lyuter King ....**

Respublikashılardıń hákimiyatqa qaytıwı Amerika jámiyetine tolıq turaqlılıq alıp kelmedi. Demokratlar partiyasınıń Uotergeyt miymanxanasındaǵı saylaw aldı shtabına respublikashılar wákilleri tárepinen qupiya esittiriw quralları́nıń ornatılıwı **«Uotergeyt isi»** atı siyasiy jánjelge aylanıp, prezident **Richard Niksonnıń** impichmentine (otstavkaǵa) alıp keldi. Hákimiyattıń joqarǵı qatlamında korrupciya jaǵdayları kóbeydi. Bulardıń barlıǵı orınlawshı hám nızamshılıq hákimiyatına Amerikalılardıń isenimin sóndirdi.

1980-jıllar- 1990-jıllardıń basları neokoncervatizm ideyasınıń saltanatı dáwiri boldı. Bul jılları AQSH ishki rawajlanıwında da, xalıqaralıq maydanda da úlken jetiskenliklerge eristi.

**Sırtqı siyasat.** Jáhánde jetekshilik orındı iyelep alǵan AQSH Ekinshi jáhán urısınan keyingi dáslepki jıllarda eki baǵdardıń uyǵınlıǵına tiykarlanǵan belsendi sırtqı siyasat alıp bardı. Birinshiden, AQSH kúsh járdeminde ózlerine maqul bolmaǵan ózgerislerge qarsılıq qıldı. Ekinshiden, qarsılıq qılıw múmkin bolmaǵan jaǵdaylarda olarǵa sáykesle-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

siw, bul ózgerislerden sabaq alıwǵa umtıldı. Jáhánde óz gegemonlıǵın ornatıwǵa urınǵan AQSH, jer júziniń barlıq poyaslarında xalıqaralıq qatnasıqlarǵa jedel aralastı. Kóp márte óz máplerin támiyinlew ushın Batıs demokratiyasın qorǵaw bánesinde basqa mámleketlerge qarsı áskeriy kúshten paydalandı. Máselen, **1965–1973-jılları** AQSH Vetnamda jedel urıs háreketlerin alıp bardı.




**1968-jıl Memfista Martin Lyuter King óltirildi.**

**1952-jıl AQSHta prezident saylawlarında respublikashılar partiyasınan kandidat D.Eyzenxauer jeńiske eristi.**

**1990-jıllar basında AQSH ekonomikasında qısqa múddetli retcessiya baqlandı.**

SSSRdı óziniń tiykarǵı idealogiyalıq, siyasiy hám áskeriy qarsılası dep esaplaǵan AQSH «suwıq urıs» jıllarında uzaq waqıt SSSRǵa hám onıń awqamlaslarına qarsı háreket islep, kóplegen ekonomikalıq, siyasiy hám áskeriy awqamlardı shólkemlestirdi.

SSSRda M.S.Gorbachyov basshılıǵındaǵı jańa siyasiy basshılardıń hákimiyatqa keliwi menen sovet-Amerika múnásibetlerinde áhmiyetli jaqsı ózgerisler baslandı. Ásirese Strategiyalıq qurallardı sheklew hám qısqartırıw haqqındaǵı shártnama júdá áhmiyetke iye boldı. Basqa kóplegen tarawlarda da sovet-Amerika qatnasıqları jaqsılandı. Usınday jaǵday 1991-jıl SSSR tarqalıp ketiwine shekem dawam etti.



**Inflyaciya** – qaǵaz puldıń qadirsizleniwi.

**Recessiya** (sheginiw) – bul atama ekonomikada óndiriske salıstırǵanda azı-kem páseyiwi yaki ekonomikalıq ósiw pátleriniń páseyiwin bildiredi.

**Gegemon** (basshılıq, húkimranlıq etiwshi) – húkimranlıq etiwge, basqa mámleketler hám xalıqlar ústinen húkimranlıq etiw ushın umtılıwǵa tiykarlanǵan siyasat.

**Konverciya** (aylandırıw, ózgertiw) – áskeriy sanaat kompleksi kárxanaların xalıq tutınıw tovarların islep shıǵarıwǵa ótkeriw Urıstan keyin sanaattı tınıshlıq dáwirge sáykeslendirip qayta qurıw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Urıstan keyin AQSH ekonomikalıq rawajlanıwınıń ózine tán tárepleri haqqında aytıp beriń.
2. AQSHta makkartizm siyasatı nege qaratılǵan edi?
3. Prezident R.Nikson qanday reformalardı ámelge asırdı?
4. «Reyganomika» ne hám R.Reygan dáwirindegi ekonomikalıq ósiwlerdiń sebepleri nede edi?
5. Ekinshi jáhán urısınan soń AQSHtıń sırtqı siyasatı qanday tiykarǵı principlerge tayandı?
6. XX ásirdiń 80-jıllarında Sovet Awqamı hám AQSH qatnasıqları haqqında nelerdi bilesiz?

## Óz betinshe jumıs



Amerika Qurama Shtatlarınıń siyasiy kartasın menen tanısıń hám tariyxıy waqıyalar menen baylanısta túsinik jazıń.



Temaǵa baylanıslı tiykarǵı túsiniklerdi sózlik járdeminde inglis tiline awdarma jasań hám dápterińizge jazıń.



n.ziyouz.com saytınan Teodor Drayzerdiń «Amerika tragediyası» romanın kóshirip alıń hám oqıń hám de ǵárezsiz túrde «Amerika» temasında bes qatarlı sinkvein jazıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 19 – 20-TEMALAR. 1946 – 1991-JÍLLARDA SOVET AWQAMÍ

**Urıstan keyin SSSRda totalitar dúzimniń kúsheyiwi.** Sovet xalıqlarına júdá úlken músiybet alıp kelgen Ekinshi jáhán urısı juwmaqlandı. Urısta 27 mln. Sovet puqaraları nabıt boldı 12,5 mln adam mayıp bolıp qaldı, mámleket júdá úlken materiallıq ziyan kórdi.

Xalıqaralıq maydanda SSSRdıń roli keskin kóteriliwine, ol dúnyanıń qúdiretli mámleketleriniń birine aylanǵanına qaramastan, urıs sovet xalqı ushın júdá qımbatqa tústi. Júdá kóp aymaqlar wayran qılındı, olardı tiklew bir neshe on jıllarǵa sozılıwı múmkin edi. Derlik hárbir sovet shańaraǵı ózleriniń jaqın adamlarınan ayırıldı.



**Birinshi jáhán urısınan keyin Sovet Awqamı mámlekettiń ishki siyasiy turmısında qanday reformalardı ámelge asırdı?**

«Marshall rejesi» boyınsha AQSHtan járdem alǵan Batıs mámleketlerinen ózgesheligi SSSR ekonomikanı tolıq ishki resurslar esabınan, óz kúshi menen tikledi. Sovet adamlarınıń turaqlı miyneti arqasında wayran bolǵan zavodlar, qalalar qayta qurıldı, infradúzilis tiklendi. Xalıqtıń miynetke bolǵan kúshli telegi shın kewilden bolıp, olar perzentleri ushın tınısh hám olardıń salamat turmısın támiyinlew jolında turmıs qıyınshılıqlarına da tayar edi.

Júdá úlken siyasiy-hákimshilik basım, jeńil sanaat hám awıl xojalıǵın talaw esabınan hám de miynetkesh xalıqtıń baslamasın ideologiyalıq xoshemetlew esabınan 1950-jılı óndiristiń kólemi urıstan aldıńǵı dárejesinen asıp ketti.



Nikita Xrushchyov.

**«Jıllılıq» dáwiri. 1953-jıl 5-mart** kúni I.Stalin qaytıs boldı. Stalinniń óliminen soń hákimiyat ushın gúreste **Nikita Xrushchyov** jeńiske eristi.

N.Xrushchyov hákimiyatta turǵan jıllar (1953–1964) tariyxta **«jıllılıq»** dáwiri degen at alǵan. Bul dáwirde sovet totalitar dúzimin



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

reformalaw boyınsha bir qatar jumıslar ámelge asırıldı. Ekonomikalıq tarawda sovet mámleketi tariyxta birinshi márte jeńil sanaattıń, xalıq tutınıw zatların islep shıǵarıwdın ústemliligi belgilendi. Xalıq tutınıw buyımların islep shıǵarıw kóbeydi, úy-jay qurılısı jedellesti, is-haqılar asırıldı. Azıq-awqat mashqalasın sheshiw ushın awıl xojalıǵı salıǵın azaytıw, salıqtan burınǵı tólenbegen qarızlardan waz keshiw, kolxozshılardıń úy qaptalı jerlerin keńeytiw, awıl xojalıq ónimlerine mámlekettiń satıp alıw bahaların hám kolxoz bazarı imkaniyatların asırıw, sonday-aq, awılǵa texnika jetkerip beriw ushın kapital qarjıların kóbeytiw názerde tutıldı. Qazaqstan, Sibir hám Volga boyındaǵı qurǵaq hám boz jerlerdi ózlestiriw ǵálle jetistiriwdi tez kóbeytiwdiń áhmiyetli sebepleri sıpatında qaraldı. Nátiyjede 1950-jıllardıń ekinshi yarımında awıl xojalıǵı ónimlerin óndiriw keskin artıp, kolxozshılardıń dáramatları 3 eseden kóbirek ósti.

Jámiyetti siyasiy liberallastırıw baslandı. 1956-jıl fevralda KPSS XX sezdinde N.Xrushchyov «Shaxsqa sıyınıw hám onıń aqıbetleri haqqında» bayanatı menen shıqtı. Bul bayanat óziniń barlıq kemshiliklerine qaramastan, sovet totalitar mámleketiniń xarakterin, Stalin hám onıń sheriklериniń ámelge asırǵan jinayatları ashıp taslandı, shaxsqa sıyınıwdıń mazmunın hám kólemin ańlaw processin baslap berdi. Jámiyette júdá ashıq bolmasada, bul mashqalalar keń kólemde dodalana basladı. Stalin dáwirinde quwdalanǵanlardı aqlaw processi massalıq tús aldı. Usı payıtta XX sezd xalıqaralıq kommunistlik hárekettiń krizisin baslap berdi hám socialistlik sistema aqırına shekem bul krizisten shıǵa almadı.

Usı tárizde, 1950-jıllardıń ortalarına kelip mámlekettegi totalitar dúzim bir qansha liberallastırıldı. Biraq bul háreketler ótiw dáwirine tán xarakterge iye edi.

1958-jıl martta N.Xrushchyov KPSS OK Birinshi sekretarı lawazımına SSSR Ministrler Sovetiniń Baslıǵı lawazımın da qosıp aldı. Usı tárizde N.Xrushchyov mámlekette jeke liderge aylanıp qaldı. I.Stalin óliminen soń baslanǵan mámleket turmısın demokratiyalastırıw da waqıtsha toqtatıldı.

1950-jıllar aqırında awıl xojalıq ónimlerin óndiriwdiń ósiw pátleri bir qansha tómenledi. Aqıbetinde azıq-awqat ónimleriniń jetispewshiligi júzege kelip, SSSR barǵan sayın shetten kóbirek ǵálle satıp alıwǵa májbúr boldı. Awıl xalqı, birinshi náwbette jaslardıń qalaǵa kóship ketiwi kúsheydi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



«Jıllılıq» dáwir jasları.

**Golobal krizis jolında: SSSR 1964-84-jıllarda.** Mámleketdegi awhal N. Xrushchyovtıń abıroyın túsirdi. 1964-jıl oktyabrde bolıp ótken KPSS OK Plenumı onı bir qatar qáte hám kemshiliklerde ayıplap, lawazımınan azat etti. N.Xrushchyov ornına KPSS OK Birinshii sekretarı etip Leonid Brejnev, SSSR Ministrler Soveti Baslıǵı etip Aleksey Kosigin saylandı.

L.Brejnev hákimiyatta turǵan jıllar (1964–1982)dıń dáslepki on jılı ekonomikalıq reformalardı dawam ettiriw hám jedel rawajlanıw jılları boldı. Biraq 1970-jıllardıń ekinshi yarımınan jámiyette baslanǵan krizis sovet mámleketi tariyxında **«turǵınlıq» dáwiri** atın aldı.



**Sovet Awqamı ushın Ekinshi jáhán urısı joǵaltıwları ...**
**1953-jıll 5-mart ...** **1956-jıl fevralda ...**

N. Xrushchyovtan ózgesheligi L.Brejnev óz hákimiyatınan júdá ıqtıyatlılıq penen paydalandı. Ol qıyın mashqala menen dus kelgende eń jaqsısı hesh nárse islemewdi maqul kóretuǵın edi. Onda basqalalardıń xoshe-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Leonid Brejnev.

metine, hár túrli ataq hám ordenlerdi jıynawǵa meyilligi kúshli edi. Onı maqtaw, ullılaw processi 1970-jıllardan baslandı hám keyingi jıllarda barǵan sayın kúlkili tús alıp bardı. Ásirese onıń túsinip bolmaytuǵın shıǵıp sóylewleri xalıqtıń keń qatlamları arasında kúlki aralas jek kóriw, ullı mámleket ushın ashınıw hám uyat sezimlerin oyattı.

1980-jıllarda SSSR jámiyeti tereń krizis jaǵdayına kirip keldi. N.S.Xrushchyovtıń 1980-jılları kommunizm qurıw haqqındaǵı rejesi joq bolǵan, adamlar endi kommunizm haqqındaǵı mánissizlikke derlik isenbey qalǵan edi. Usınday jaǵdayda **1982-jıl 10-noyabrde** L.Brejnev qaytıs boldı. Onnan keyin hákimiyatqa kelgen Yuriy Andropov hám Konstantin Chernenko kekse, kesel adamlar bolıp, olardıń hákimiyatqa keliwi joq bolıp baratırǵan sovet sistemasınıń belgisi edi.

**Qayta qurıw.** 1985-jıl marta KPSS OK Plenumı Mixail Gorbachyovtı Bas sekretar etip sayladı. KPSS OKniń 1985-jıl aprel Plenumında mámleketti sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwdı jedellestiriw kursı jańa hákimshiliktiń hám pútkil sovet jámiyetiniń maqseti dep daǵaza etildi. Ilimiy-texnikalıq rawajlanıw, mashinasazlıqtı texnikalıq qayta qurallandırıw hám insan faktorın jedellestiriw, yaǵnıy miynet intizamın hám jumısshılardıń baslawshılıǵın asırıw bul kurstıń tiykarǵı háreketke keltiriwshi kúshi sıpatında qaraldı.



Mixail Gorbachyov.

1987-jıl M.Gorbachyov daǵaza etken «qayta qurıw», socialıq turmıstı demokratizaciyalaw hám «áshkaralıq» siyasatı xalıqtıń siyasiy jedelligin keskin asırdı. Áshkaralıq sebepli ózgerislerdiń áhmiyetli faktorına, ideyalar hám arzıwlarınıń kórinisine aylanǵan baspasóz jámiyettiń ruwxıy azat bolıwında, ótmishti hám júz berip atırǵan hádiyselerdi ańlawda júdá úlken rol oynadı. Usı waqıtta, bul hádiyseler sovet xalqınıń milliy ózligin ańlaw, milliy ǵárezsizlikke umtılıw processin jedellestirdi, SSSR¬dıń tarqalıp ketiwin tezlestirdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Sırtqı siyasat.** Ekinshi jáhán urısındaǵı jeńis SSSRǵa júdá úlken xalıqaralıq abıroy keltirdi. SSSR basshılıǵındaǵı socialistlik sistema payda boldı. Bul dáwirdegi sovet sırtqı siyasatınıń tiykarın AQSH penen dúnyada gegomonlıq ushın gúres quradı.

**1959-jılı** revolyuciya nátiyjesinde Kubada hákimiyatqa kelgen F.Kastro rejimge qarsı AQSH alıp barǵan dushpanlıq siyasatı hám oǵan SSSRdıń aralasıwı eki ullı mámleket ortasında yadro urısınıń qáwipin keltirip shıǵardı. Bul qáwip **«Karib krizisi»** atın aldı hám tek AQSH prezidenti J.Kennedi menen sovet basshısı N.Xrushchyov ortasındaǵı kelisiw dúnyanı yadro urısı apatshılıǵınan asırap qaldı.

«Jıllılıq» dáwirinde kapitalistlik mámleketler menen tınısh-tatıw jasaw pirncipi alǵa qoyılıp, bul SSSR menen kapitalistlik mámleketler, dáslep AQSH ortasında qatnasıqlardıń da jaqsılanıwına alıp keldi.

«Turǵınlıq» dáwirinde de kapitalistlik mámleketler menen tınısh jarısıw dawam ettirilip, bul process 1979-jılı Awǵanstanǵa sovet áskerleriniń kirgizilgenge shekem dawam etti.

«Qayta qurıw» dáwirinde M.Gorbachyov ilgeri súrgen «jańasha siyasiy oylawlar» baslaması SSSRdıń AQSH hám pútkil kapitalistlik dúnya menen qatnasıqlarında keskin qanaatlanarlı ózgerislerge alıp keldi.



**1960-jıllar aqırında ...**
**1987-jılı M.Gorbachyov ...**
**1984-jıl martta ...**
**1991-jıl 19-avgust ...**

**Abgust krizisi. SSSRdıń tarqalıwı.** 1991-jıldıń 19-avgustına ótetuǵın túnde Ayrıqsha jaǵdaylar mámleketlik komiteti (GKCHP) dúzilgenligi tuwralı daǵaza etilip, oǵan SSSRdıń vice-prezidenti, bas wáziri sıyaqlı joqarı lawazımlı adamlar kirdi. GKCHP mámlekettiń bir neshe aymaqlarında ayrıqsha jaǵdaylardı daǵaza etti, 1977- jılǵı konstituciyaǵa qarama-qarsı keletuǵın xızmet júritip atırǵan hákimiyat sistemaların tarqatıp jiberdi, qarsı partiya hám háreketler xızmeti toqtatıldı, ǵalaba xabar quralларınıń ústinen qatań qadaǵalaw ornatıldı. Moskvaǵa ásker kirgizildi.

GKSHPǵa qarsı háreketke demokratiyalıq kúshler jetekshilik etti. Olar 19-avgust kúni Rossiya puqaralarına múrájáát etip, GKCHP háreketleri konstituciyaǵa qarsı awdarıspaq, onıń qararları nızımlı emes dep, daǵaza etildi. 19-avgust kúni mıńlap moskvalılar Rossiya Joqarı Soveti imaratın qorǵawǵa kiristi. Tanklerde kiyatırǵan áskelerdi toqtatıwǵa háreket etken



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




SSSRdıń bólshekleniwi.

bir neshe jaslar nabıt boldı. 21-avgust kúni Rossiya Joqarǵı Sovetiniń ayrıqsha sessiyası ashıldı. 22-avgust kúni GKCHP aǵzaları qamaqqa alındı. Avgust waqıyalarınan keyin abıroyı túsip ketken KPSStiń xızmeti toqtatıldı. Onıń múlikleri nacionalizaciya etildi.




**1953-jılı 5-mart kúni I.Stalin qaytıs boldı.**
**1979-jılı Awǵanstanǵa sovet áskerleri kiritildi.**

Avgust mámleketlik awdarıspaǵınan keyin barlıq respublikalar biriniń izinen biri óz ǵárezsizliklerin daǵazaladı. 1991-jıl 8-dekabr kúni Minsk qalasında Rossiya, Ukraina, Belorussiya basshıları 1922-jılǵı Awqamlıq shártnamasın biykar etip, Ǵárezsiz Mámleketlerdiń Doslıq Awqamı (ǴMDA) dúzilgenligin daǵazaladi. Oǵan Gruziya, Latviya, Litva hám Estoniyadan basqa barlıq burınǵı sovet respublikaları aǵza boldı. Usı tárizde SSSR tarqalıp ketti.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Syezd** – shólkemler, partiyalar, xalıqtıń belgili bir toparları wákilleriniń jıynalısı, ánjuman.

**Plenum** – qandayda bir shólkemge saylaǵan basshı organları yaki sud aǵzalarınıń jıynalısı. Máselen, Ózbekistan Respublikası Joqarǵı sudı plenumi.

**Korrupciya** – hámeldegi shaxs tárepinen óz lawazımın, tolıq huqıqlarına qıyanet etiw yaki óz lawazımınan mámleket hám jámiyet máplerine qarsı paydalanıw, para alıw hám beriw.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Ekinshi jáhán urısı SSSR ushın qanday juwmaqlandı?
2. KPSStiń XX sezdinde Stalin shaxsına sıyınıwdıń joq etiliwi sociallıq sanaǵa qanday tásir kórsetti?
3. «Jıllılıq» dáwirinde SSSR ekonomikalıq rawajlanıwında qanday jańa tendenciyalar payda boldı?
4. «Turǵınlıq» dáwiriniń sovet mámleketi tariyxındaǵı rolin qalay bahalaw múmkin?
5. Sovet basshıların qayta qurıwdı baslawǵa ne májbúr etti?
6. Ne ushın sovet jámiyetin demokratiyalastırıw SSSRdıń tarqalıwına alıp keldi?

## Óz betinshe jumıs



«SSSRdıń bólshekleniwi» kartası tiykarında ǵárezsizlikti daǵaza etkenligine qarap mámleketler izbe-izliginiń dizimin jasań.



«Yadro urısı» hám «Psixologiyalıq urıs» túsiniklerin salıstırmalı talqılaw tiykarında házirgi kúndegi xabar kórinislerin sızılma kórinisinde dápterińizge jazıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Shuhrat Ergashevtıń «Erkinlik qáler kewil» kıtabınıń «Turǵınlıq hám rawajlanıw» dep atalǵan bólimin oqıń hám teksti tiykarında eki bólimli kúndelik dúziń.

## 21-TEMA. 1946–1991-YILLARDA ULLI BRITANIYA HÁM FRANCIYA

**Ullı Britaniya.** Ullı Britaniya ekonomikalıq hám siyasiy tárepten hálsizlengen halda urıstan shıqtı. Sawda flotınıń úlken bólimi joǵaltıldı, koloniya hám dominionlardaǵı abıroyına da zıyan etti. Mámlekettiń AQSHqa ǵárezligi áste-aqırın artıp bardı. Keń sociallıq ózgerisler baǵdarlamasın daǵazalaǵan leyboristler partiyası urıstan keyingi dáslepki saylawlarda jeńip shıqtı. Óz baǵdarlamasın turmısqa engizip, húkimet ekonomikalıq hám sociallıq tarawlarda bir qatar reformalardı ámelge asırdı. Biraq, leyboristler reforması kútilgen nátiyje bermedi. Mámlekettiń finanslıq awhalı awırlıǵınsha qaldı. Usınday ekonomikalıq hám finanslıq awır shárayatta mámleket «Marshall rejesi»ne qatnasıwǵa qarar etti. **1949-jıl** Ullı Britaniya NATOǵa aǵza boldı.



**Ekinshi jáhan urısı Ullı Britaniya ushın qanday nátiyjeler menen juwmaqlandı?**



Margaret Tetcher.

1951-jılı ótkerilgen saylawlarda konservatorlar jeńiske eristi. U.Cherchill jáne bas wázir lawazımın iyeledi. Konservatorlar Ullı Britaniyani 13 jıl basqardı. Bul dáwirde ekonomikanıń turaqlı ósiw pátlerine erisiwdiń ilajı bolmadı.

Nátiyjede 1964-jılı hákimiyatqa kelgen leyboristler bir qatar reformalardı ámelge asırdı. Bul xalıqtıń turmıs shárayatına keri tásir kórsetti. 1970-jıllar Ullı Britaniya ekonomikalıq jaǵdayınıń keskinlesiwi menen kirip keldi. Jáhan ekonomikasında onıń roli páseyiwin dawam etti.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1979-jılǵı parlament saylawları keskin siyasiy gúreslerde ótti. Saylawshılar konservatorlarǵa dawıs berdi. **Margaret Tetcher** bas wázir boldı. Ishki siyasatta tiykarǵı itibar jeke isbilermenlikti rawajlandırıwǵa qaratıldı. Ekonomikaǵa mámlekettiń aralasıwın azaytıwǵa qaray batırlıq penen qademler taslandı. Salıqlar azaydı. Inflyatciyaǵa qarsı gúres bas wazıypa etip belgilendi.



**1949-yil ...** **1951-yil ...**
**1979-yil ...** **Margaret Tetcher ...**

1979 – 1990-jıllar Ullı Britaniya tariyxında **«Tetcher dáwiri»** atın aldı. Bul dáwirde M.Tetcher húkimetti Evropada eń kóp jumıs orınların jarattı. Ulıwma 1980-jıllar Britaniya ekonomikasında tereń sistema ózgerisleri júz berdi. Mámleket sektorı qısqartıldı, onıń nátiyjeligi arttırıldı.

1990-jılı M.Tetcher bas wázir lawazımınan otstavkaǵa shıqtı. Onıń ornına burın finans ministiri bolǵan J.Meyjor keldi. J.Meyjor húkimeti neokonservatizm kursın dawam ettirdi.




**1951-jılı ótkerilgen saylawlarda konservatorlar jeńiske eristi U.Cherchill jane bas wázir lawazımın iyeledi.**

**1990-jılı M.Tetcher hám bas wázir lawazımınan otstavkaǵa shıqtı.**

**Sırtqı siyasatta** Ullı Britaniya AQSHqa tayandı, óziniń NATO daǵı qatnasıwın jedellestirdi, AQSHtıń Hindiqıtaydaǵı dushpanlıq siyasatın, Qubla Afrika hám Qubla Rodeziyadaǵı rasalıq rejimlerin qollap-quwatladı. 1969-jılı Arqa Irlandiya mashqalası jáne keskinlesti hám Ullı Britaniya ol jerge ásker kiritti. Britaniya imperiyasınıń qaldıqların saqlap qalıwǵa umtılıp, **1982-jılı** Folklend atawları ushın Argentina menen urıs alıp bardı. Bul urısta «imperiyashıllıq oyları»n kórgizbe etken Ullı Britaniya jeńiske eristi.

**Franciya.** Ekinshi jáhán urısı Franciyaǵa júdá úlken zıyan jetkerdi. 1945-jılı sanaat hám awıl xojalıǵı ónimlerin óndiriw kólemi urıstan aldıńǵı dárejesiniń yarımına da jetpedi. Finans sisteması izden shıqqan edi. Xalıqtıń tiykarǵı bóliminiń materiallıq awhalı keskin qıyınlastı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Qubla Atlantikadağı Folklend atawları

**Ekinshi jáhán urısı Franciya ushın qanday nátiyjeler menen juwmaqlanǵan edi?**

**Tórtinshi respublika.** 1946-jılı Franciyanıń jańa konstituciyası kúshke kirdi. Bul Evropadağı eń demokratiyalıq konstituciyalardan biri boldı. Basqa Batıs mámleketleri sıyaqlı Franciya da «Marshall rejesi»ne qosıldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Xojalıq úlken tezlik penen tiklendi. 1950-jılları ekonomikalıq ósiw baslandı. Tórtinshi respublika jıllarında sanaattıń zamanagóy tarawları payda boldı. Biraq ishki siyasiy hám ekonomikalıq rawajlanıwdıń quramalılıǵı siyasiy hám sociallıq jaǵdaydıń keskinlesiwine alıp keldi. **1958-jılı** Franciya da náwbettegi siyasiy krizis baslandı. Hákimiyatqa kelgen Sharl de Goll Milliy májilisti tarqatıp jiberdi. Tórtinshi respublikada tamamlandı.


Sharl de Goll.

**Besinshi respublika.** 1958-jıl sentyabrde referendum ótkerilip, onda francuzlar Sh.de Goll basshılıǵında islep shıǵılǵan konstituciyanı maqulladı. **1958-jıl 21-dekabrde** Sh. de Goll Franciya prezidenti etip saylandı.

Franciyanıń ullılıǵın tiklewge umtılǵan Sh. de Goll kúshli ekonomika hám ǵárezsiz sırtqı siyasatqa iye bolǵan mámleketti payda etiwge kiristi. Koloniyallıq endi ótmish ekenligin túsingen prezident 1960-jılı Franciyanıń Afrkadaǵı derlik barlıq koloniyalarına ǵárezsizlik berdi.

1960-jıllar aqırında Franciya ekonomikasın modernizaciya etiw dawam etti. Franciya sanaat hám awıl xojalıǵı ónimleriniń iri eksport etiwshisine aylandı. Francuz miynetkeshleriniń materallıq parawanlıǵı da bir qansha jaqsılandı.

Biraq 1960-jıllar aqırında Besinshi respublikada krizis baslandı. Mámleketti qattı tártipke salıw siyasatı francuz jámiyetiniń kóplegen qatlamlarınıń narazılǵın keltirdi. 1968-jıl mayda Parij studentleriniń demonstraciyası baslandı. Prezident baslaması menen ótkerilgen referendumda saylawshılardıń kópshiligi prezidentti qollap-quwatlamadı. Sh. de Goll otstavkaǵa shıǵıwǵa májbúr boldı.

1970-jıllar aqırında Franciya ekonomikası júdá quramalı jaǵdayda edi. Usınday shárayatta socialist **Fransua Mitteran** Franciya prezidenti etip saylandı. Sol kúshler birge islesiwindegi baǵdarlamasında kópshilik francuzlar máplerine sáykes bolǵan áhmiyetli sociallıq-ekonomikalıq reformalar názerde tutıldı. Biraq infylyaciyanı toqtatıwdıń ilajı bolmadı. Jumıssızlıq ósip bardı. Bul siyasat kishi ózgerisler menen 1992-jılǵa shekem saqlanıp qaldı.




**1958-jıl Franciyada náwbettegi siyasiy krizis baslandı.**
**1968-jıl mayda Parij studentleriniń demonstraciyası baslandı.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Sırtqı siyasat.** Xalıqaralıq qanasıqlarda Franciya Sh. de Goll tárepinen belgilep berilgen sırtqı siyasat kursı dawam ettirildi. Franciya Evropada qáwipsizlik hám birge islesiw boyınsha Xelsinki keńesin ótkeriwde úlken rol oynadı. Evropa ekonomikalıq sherikligi (EESH) sheńberinde Batıs Evropa mámleketleri menen jedel birge islesti. Atlantika baǵdarındaǵı dástúrler kúsheydi. AQSH penen baylanıslar jedellesti.



**Neokoncervatizm** – AQSHtıń áskeriy hám ekonomikalıq qúdiretinen dushpan rejimlerge qarsı hám olarda demokratiyalıq sistemanı ornatıw ushın paydalanıw tárepdarları bolǵan bir topar koncervativ siyasatshılar ideologiyası.

**Eksport** – ónim, xızmet yaki kapitaldı óz mámleketlerinen sırtqa shıǵarıw.

**Referendum** – ulıwma xalıqlıq sorawı, mámleket áhmiyetindegi áhmiyetli máseleni sheshiwde ótkeriletuǵın ulıwma xalıqlıq dawıs beriw.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Ekinshi jáhán urısı Ullı Britaniya ushın qanday nátiyjeler menen juwmaqlandı?
2. 1970-jıllarda Ulli Britanya ekonomikasındaǵı páseyiw nelerde kórindi?
3. Ulli Britanyada húkimetti konservatorlar basqarǵan jıllarda qanday sociallıq-ekonomikalıq ózgerisler júz berdi?
4. Franciyanıń urıstan keyingi awhalı hám rawajlanıw jónelisleri haqqında aytıp beriń?
5. Franciyada Tórtinshi respublikanıń tarqalıp ketiwine qanday jaǵdaylar sebep boldı?
6. Franciyada Besinshi respublikanıń payda bolıwı hám mámlekettiń sociallıq hám de ekonomikalıq jaǵdayınıń turaqlasıwında Sh. de Golldıń jetekshilik roli qanday áhmiyetke iye boldı?
7. XX ásirdiń 80-90-jıllarında Franciya sırtqı siyasatı haqqında nelerdi bilesiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Óz betinshe jumıs

«Qubla Atlantikaǵı Folklend atawları» kartasına tariyxıy waqıyalıq benen baylanıstırıp túsinik jazıń.

Internet qurılmasında Folklend atawlarına virtual sayaxat shólkemlestiriń hám temada úyrenilgen materiallar tiykarında tariyxıy waqıyalardı talqılań.

kutubxona.com. saytınan Shıńǵıs Aytmatov hám Muxtar Shaxanovtıń «Shoqqıda qalǵan awshınıń aqıwzarı» kitabınıń 2-bólimin oqıń hám de Margaret Tetcher tárepinen aytılǵan pikirlerdi ajıratıp dápterińizge jazıń.

## 22-TEMA. 1946 – 1991-YILLARDA GERMANIYA HÁM ITALIYA

**Germaniya Federativ Respublikası** Ekinshi jáhán urısı nemis xalqına júda úlken músiybet keltirdi. Germaniya ǵárezsiz mámleket sıpatında bar bolmay qaldı.

Germaniya urıstan aldıńǵı aymaǵınıń bir bóliminen ayırıldı, okkupaciya zonalarına bólip taslandı.



Konrad Adenauer.

**1949-jıl mayda** AQSH, Ullı Britaniya hám Franciya okkupaciya zonalarında Germaniya Federativ Respublikasi (GFR) shólkemlestirildi. Ol Batıs Germaniyanı demokratiyalıq, federativ mámleket dep daǵaza etti. Germaniyanıń kózge kóringen siyasiy ǵayratkeri Konrad Adenauer kansler etip saylandı. Ol Germaniya Federativ Respublikası dúzilgenligin daǵaza etti.

**1949-jıl 7-oktyabrde** sovetler okkupaciya zonası bolǵan shıǵıs bóliminde Germaniya Demokratiyalıq Respublikası (GDR) shólke-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mlestirildi. Shıǵıs Berlin bul mámlekettiń paytaxtı dep daǵaza etildi. Germaniyanıń eki mámleketke bóliniwi derlik yarım ásir dawam etti.




Germaniyanıń okkupaciya zonalariǵa bóliniwi.

GFRde 1950–1960-jılları ekonomika tez pát penen rawajlandı. Áskeriy qárejetlerdiń kemligi, «Marshall rejesi» boyınsha Amerikanıń mol-kól járdeminde, arzan shet el jumısshı kúshinen ónimli paydalanıw, jańa úskenelerdiń alıp keliniwi mámleket xojalıǵınıń tez pát penen tikleniwin támiyinledi. GFR barlıq qarızlarınan qutılıp, bir qansha úlken altın-valyuta fondın da jarattı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

GFR siyasiy qarsılaslarınıń qarama-qarsılıqların jeńip, 1955-jıl NATOǵa aǵza boldı, Parij wádelesiwiniń kúshke kiriwi sebepli GFR ushın okkupaciya dáwiri tamamlandı.



**1949-jıl mayda ...**
**GFRda 1950 – 1960-jılları ...**
**1949-jıl 7 oktyabrde ...**
**1955-jılı ...**




Germaniya Federativ Respublikası.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Shıǵıstan kóship kelip atırǵanlar aǵımı hám kansler K. Adenauerdiń qolaylı ekonomikalıq siyasatı, GFRdıń «Marshall rejesi» sheńberinde alǵan salmaqlı finanslıq «dárman»ı menen qosılıp soǵan alıp keldi, 1955-jıllarda-aq misli kórilmegen rawajlanıwǵa erisildi. Germaniya eń qısqa tariyxıy múddette urıs qaldırǵan jaralardı dúzete aldı. Pútkil 1960–1970-jıllar ekonomikanıń jedel ósiw dáwiri bolıp, **«nemis ekonomikalıq ájaybatı»** atın aldı.

1980-jıllar basında siyasiy kúshlerde ózgeris júz berdi. 1982-jılı xristian-demokrat **Gelmut Kol** GFR kansleri etip saylandı. Onıń dáwirinde salıqlar qısqartıldı hám mámleket qárejetleri tártipke salındı, mámlekettiń bizneske aralasıwın azaytıw, básekilikti xoshemetlew boyınsha is-ilajlar ámelge asırıldı.

1989-jılı GDRda revolyuciya baslanıp ketti, eki mámleketti ajıratıp turǵan, «suwıq urıs» simvolı bolǵan bólgan Berlin diywalı buzıp taslandı. Germaniyanıń eki bólimin birlestiriw boyınsha sóylesiwler tabıslı juwmaqlandı. **1990-jıl 3-oktyabr** kúni jalǵız Germaniya mámleketi shólkemlestirilgenligi daǵazalandı. 1990-jıl dekabrde bolıp ótken ńáwbetten tısqarı saylawlarda jáne G.Kol basshılıǵındaǵı koaliciya jeńiske eristi.




**1982-jılda xristian-demokrat Gelmut Kol GFR kansleri etip saylandı.**

**1989-jılda GDRda revolyuciya baslanıp, Berlin diywalı buzıp taslandı.**

**Italiya Respublikası.** Fashistlik rejim hám Ekinshi jáhán urısı xalıqqa júdá úlken músiybetler keltirdi. Júz mıńlaǵan adamlar nabıt boldı, millionlaǵan xalıq baspanasız qaldı. Puldıń qádirsizleniwi júdá joqarı dárejege jetti.



**Ekinshi jáhán urısı Italiya ushın qanday nátiyjeler menen juwmaqlanǵan edi?**

**1948-jıl 1-yanvardan** Italiyanıń jańa konstituciyası kúshke kirdi. Húkimet Batıstıń jetekshi mámleketleri menen awqamlas bolıwǵa umtılıdı. Italiya «Marshall rejesi»ne qosıldı, NATOǵa aǵza boldı, onıń aymaǵında AQSHtıń áskeriy bazaları jaylastırıldı. Italiya húkimeti Evropa integraciyası



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ideyasın jedel turmısqa endirip bardı. **1957-jılı** Evropa ekonomikalıq sherikligi (EESH) dúziw haqqında Rim shárnamasına qol qoyıldı.

Urıstan keyingi on jıllıqta Italiya Batıstıń basqa mámleketleri sıyaqlı jedel ekonomikalıq ósiw dáwirin bastan keshirdi. Biraq bul process uzaq dawam etpedi.

1950–1960-jıllardağı jedel rawajlanıwğa qaramastan, jumısshılar háreketi dáslepki dárejesinde qaldı, bazıda hátte jedellesti de. Is taslaw háreketi boyınsha Italiya basqa mámleketlerden bir qansha alğa ilgerledi.

1974-jılı Italiyada tereń ekonomikalıq krizis baslandı. Óndiristiń ósiwi derlik tolıq toqtadı, jumıssızlar sanı kóbeydi, sırtqı sawda da deficit asıp ketti. Bazar bahası kóterilip ketti. Bulardıń hámmesi ásirese xalıqtıń kem dáramatlı bólimi ushın júdá awır boldı.



**1948-jıl 1 yanvar ...**
**1950 – 1960-jıllarda ...**
**1957-jılda ...**
**1974-jılda ...**

1980-jıllarğa kelip koaliciyalıq húkimet dúzildi. Biraq ol turaqlı emes edi hám húkimettiń tez-tez almasıwı Italiyanıń ózine tán dástúrine aylanıdı. Italiyada mámleket institutlarınıń tereń krizisi, sonday-aq mafiya sistemalarınıń xızmeti menen de baylanıslı edi. Mámleket sistemasındağı korrupciyalasqan elementler menen qosılıp ketken mafiya Italiyada úlken kúshke aylandı. Mafiya xalıqqa qorqınısh saldı, onı qorqıttı, talawshılıq hám óltirdi, pul óndirdi, bárqulla pul tólep turğan baylardıń qol qatılmaslığın támiyinledi. Kim mafiya menen kelispese bárqulla quwdalawğa alındı, óltirildi. 1980– 1990-jıllar baslarında Italiyada mafiyağa qarsı gúres dáwir boldı.




**1957-jılı Evropa ekonomikalıq sherikligi (EESH) dúziw haqqındağı Rim shártnamasına qol qoyıldı.**

**1980-jıllağa kelip Italiyada koaliciyalıq húkimet dúzildi.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Kansler** – Germaniya hám Avstriyada húkimet baslıǵı, bas wázir usılay ataladı.

**Deficit** – jetispewshilik, qandayda bir nárseniń jetispewshiligi. Máselen, shetke tovar satıw – eksportqa salıstırǵanda shetten tovar alıp kiriw – importtıń asıp ketiwi sırqı sawda deficiti dep ataladı.

**Mafiya** – zorlıq, qorqıtıw, terror, óltiriwshilik, buzaqılıq usılları menen ekonomikalıq hám siyasiy maqsetlerge erisiw ushın du'ziletuǵın jasırın uyım; uyımlasqan jınayatshılıq shólkemi.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Urıstan keyingi Germaniyanıń awhalı haqqında aytıp beriń.
2. GFRda K.Adenauer siyasatı hám «Marshall rejesi» mámleket ekonomikasınıń tikleniwi hám ósiwinde qanday rol oynadı?
3. Berlin diywalınıń qulawı hám Germaniyanıń birlesiwi haqqında nelerdi bilesiz?
4. 1950– 1960-jıllardaǵı Italiyanıń rawajlanıwı haqqında aytıp beriń. Bul dáwirde Italiyanıń rawajlanıwı Germaniyanıń usı dáwirdegi rawajlanıwınan nesi menen ózgeshelenedi?
5. 1970-jılları Italiyadaǵı siyasiy turaqsızlıqtıń sebepleri nede edi?
6. XX ásir aqırı – XXI ásir baslarındaǵı Italiya rawajlanıwınıń ózine tán tárepleri nelerden ibarat?

## Óz betinshe jumıs



Kartadan paydalanıp Germaniya Federativ Respublikası hám Germaniya Demokrativlik Respublikası aymaǵına kiriwshi jerlerdi dápterińizge jazıń.



«Berlin diywalınıń qulawı» temasında kishi oqıw joybarın tayarlań hám dógerek shınıǵıwında prezentaciya etiwge tayarlıq kórin'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

facebook.com saytıınan Zarif Sultannıń «Berlin diywalına sızıqlar (Tamamlanbaǵan qosıq)» qosıǵın ko'shirip alıń hám oqıń hám de «Insert» sızılması járdeminde qosıq tekstin talqılań

## 23-TEMA. 1946 – 1991-JILLARDA YAPONIYA HÁM AZIYANIŃ JAŃA INDUSTRIAL MÁMLEKETLERI

Ekinshi jáhán urısında Yaponiya jeńiliske ushıradı. Urısta 6,5 mln yaponlar nabıt boldı, Yaponiya óziniń barlıq koloniyalarınan ayırıldı. Mámleket AQSH tárepinen okkupaciya etilip, hákimiyat general **Duglas Makartur** basshılıǵındaǵı AQSH okkupatsion áskeleriniń shtabına ótti. 1952-jılǵa shekem Yaponiya húkimeti usı shtab tárepinen qadaǵalandı, mámleketti modernizaciya etiw boyınsha reje hám baslamalarda usı shtabqa tiyisli edi.

**Ekinshi jáhán urısı Yaponiya ushın qanday nátiyjeler menen juwmaqlanǵan edi?**

Yaponiyada demokratiyalıq processlerdi baslaǵan Amerikalılar eki maqsetti:birinshiden, Yaponiyanıń demokratiyalıq mámleketke aylanıwı hám hesh qashan basqalarǵa qáwip salmaslıǵın; ekinshiden, yaponlarda óziniń mıń jıllıq jawınger dástúrine iye bolǵan jawıngerlik ruwxın sındırıwdı ńazerde tuttı.

**«Yaponsha milliy ruwx» túsinigine táriyip beriń.**

Usı jılları AQSHtıń ekonomikalıq járdemi de toqtawsız ósip bardı. Yaponiyada miynet qatnasıqların demokratiyalastırıw maqsetinde **1946-jılı** kásiplik awqamları haqqında nızam qabıl etti. Aziyadaǵıday oylaw, miynet dástúriyligine iye bolǵan yaponlardı batıstaǵı-day miynet usıllarına



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kónliktiriw ańsat bolmadı. Amerikalılar yaponlardı zamanagóy biznes usulları menen tanıstırıp bardı. **1950-jıldan** kadrlar tayarlawdıń Amerika standartları engizildi. Yapon ónimleriniń sıpatın asırıwǵa úlken itibar qaratıldı. **Edvards Deming** hám basqa da Amerikalı belgili ekonomistler óz bayanatları menen shıqtı. Yaponiya ekonomikasın basqarıwdıń mámleketlik sisteması jaratıldı. Bul is-ılajlar 1950 – 1960-jılları Yaponiyanıń tolıq ekonomikalıq tikleniwine alıp keldi.

**Yaponiyada demokratiyanıń payda bolıwı.** Usı payıtlarda demokratiyalıq reformalarda alıp barıldı. Siyasiy hám diniy erkinlikler haqqında derektiva qabıl etildi. Baspasózde cenzura biykar etildi, barlıq siyasiy tutqınlar azat etildi, burınǵı militaristlik jámáát shókemleri tarqatıp jiberildi. Siyasiy partiyalardı qayta dúziw processi baslandı. Amerikalılar yaponlardı demokratiya shárayatında jasawǵa úyretti.

**Yaponiya ekonomikalıq ájaybatı.** Pútkil dúnyada **«yapon ekonomikalıq ájaybatı»** dep ekonomikanıń júdá jedel – jılına 11 % ten rawajlanıw dáwirine aytıladı. Bul dáwir 1956 – 1970-jıllardı óz ishine aladı. Onda ásirese sanaattıń ósiw pátleri júdá joqarı bolıp, bul tiykarınan awır sanaat hám ximiya óndirisin rawajlandırıw esabınan júz berdi. 1960-jıllardıń aqırına kelip, Yaponiya jalpı ishki ónimleriniń kólemi boyınsha dúnyada AQSHtan keyin ekinshi orınǵa shıǵıp aldı. Yaponiya óz jetiskenliklerin Tokioda bolıp ótken **«EKSPO–70»** kórgizbesinde tabıslı kórsete aldı.

**Postindustrial modeldiń dúziliwi.** Yapon «ekonomikalıq ájaybatı» arzan neftke tiykarlanǵan bolıp, 1970-jıllardaǵı neft krizisi Yaponiyanı óz ekonomikalıq sistemasın keskin ózgertiwge májbúr etti. Sanaatta ilim talap óndiris tarawlarına tiykarǵı itibar qaratıldı. Ónim bahasınıń tiykarǵı bólimi ilimiy jańalıqlar, xızmetkerlerdiń texnikalıq kónlikpeleri, dizayn, nou-xau hám usı sıyaqlılardı shólkemlestirdi. 1980-jıllardan Yaponiyada **26 texnopolisler** shólkemlestirildi. Usı jılları Yaponiya jáhán bazarına jańa túrdegi ónimler – mikroprocessorlar, personal kompyuterler, sanaat robotları hám tez ózgeriwsheń óndiris sistemaları menen shıqtı. Mámlekette postindustrial ekonomikalıq model dúzildi hám ol postindustrial civilizaciyaǵa tiykar boldı.

**Aziyanıń industrial mámleketleri.** XX ásirdiń 60 – 80-jıllarında Aziyanıń bir qatar mámleketleri jedel modernizaciyalawdı ámelge asırıw arqalı rawajlanıwdıń joqarı pátlerin támiyinlewge eristi. Máselen, Qubla Koreya,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Tayvan, Singapur, Gonkong sıyaqlı mámleketlerdi «Aziya jolbarısları», «jańa industrial mámleketler» dep atay basladı.



**1956 – 1970-jılları ...**
**1970-jıllarda ...**
**1946- jılda ...**
**1980-jıllarda ...**



Koreya Respublikası.

XX ásirdiń ekinshi yarımında «jańa industrial mámleketler» Aziya kontinentinde turaqlı sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwdıń tımsalına aylandı. Bir áwladtıń kóz aldında mámleket qalaqlıqtan rawajlanıwdıń joqarı dárejesine eristi. Oǵan Qubla Koreya ayqın mısal bolıwı múmkin.

Júdá kambaǵal bolǵan Qubla Koreyada 1970-jıllarda awır sanaat, eń birinshi, metallurgiya, mashinasazlıq, ximiya sanaatı rawajlandırıldı. Elektronika sanaatı jedel alǵa ilgerledi. Dáslep lampalı radiopriyomnikler, aq-qara televizorlardan baslanǵan Qubla Koreya, keyin magnitofonlar, reńli televizorlar, kompyuterler, mikrosxemalar, keyin ala videomagnitofonlar, lazerli proigrivateller, mikrotolqınlı peshler hám keyin personal IBM ler islep shıǵarıwǵa ótti.

Sırtqı sawda da usıǵan uqsaǵan ózgerisler júz berdi. Qubla Koreya polat, teńiz kemeleri, avtomobiller, úy-ruzger elektronikası hám usı sıyaqlı ónimlerdi eksport etiw boyınsha dúnya liderleri qatarınan orın iyeledi. 1990-jıllarǵa kelip Qubla Koreya ekonomikalıq rawajlanǵan industrial mámleket sıpatında dúzildi hám postindustrial rawajlanıw elementlerine iye bolıp, jáhán ekonomikasında áhmiyetli orındı iyeledi.




**1946-jılda Yaponiyada miynet qatnasıqların demokratiyalastırıw maqsetinde kásiplik awqamları haqqında nızam qabıl etildi.**

**1970-jıllardan Qubla Koreyada awır sanaat, eń birinshi, metallurgiya, mashinasazlıq, ximiya sanaatı rawajlandırıldı.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Koreya Respublikası.

**Tayland, Malayziya, Indoneziya, Filippin** Yaponiya modeli tiykarında kapitalistlik rawajlanıw jolınan rawajlanıp atırǵan hám onda joqarı nátiyjelerge erisip atırǵan ekinshi tolqın mámleketleri bolıp esaplanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Aziyadaǵı jańa industrial mámleketleriniń barlıǵın parlament demokratiyası hám kóppartiyalılıq sisteması, jeke múlkke tiykarlanǵan isbilermenlikti hám erkin bazardı dúziw, rawajlanǵan mámleketlerdiń járdemine tayanıw hám sırtqı investiciyalar ushın qolaylı sharayat jaratıw sıyaqlı ulıwmalıq tareplerdi birlestirip turadı.



**Derektiva** – joqarı shólkemniń oǵan boysınıwshı shólkemlerge beretuǵın kórsetpesi, orınlanıwı lazım bolǵan hújjet.

**Militarizm** – jámiyette áskeriy qatlam hám áskeriy ruwxtıń ústemligine, áskeriy kúshke tayanıwshı siyasiy sistema. Bul sistemada mámleket qárejetleriniń úlken bólimi áskeriy maqsetlerge baǵdarlanadı.

**Texnopolis** – texnologiyalıq jańalıqlardı nátiyjeli qollanıw maqsetinde shólkemlestirilgen erkin ekonomikalıq aymaq. Xızmetiniń tiykarın ilmiy izertlewler quraydı.

**Investiciya** – ekonomikanıń qandayda bir tarawǵa uzaq múddetli kapitaldıń kirgiziliwi.

**Dizayn** – Joybarlaw, sızıw, oylap tabıw. Dizayn – bul joybarlaw oylawınıń hám dóretiwshiliginiń birigiwine tiykarlanǵan xızmet túri.

**Nou-xau** – qandayda bir túrdegi óndiristi shólkemlestiriw ushın zárúr bolǵan texnikalıq biznes hám basqa da bilimler toplamı. Bul atama hújjetler almasıwın, jumısshılardı oqıtıw, qánigelerdiń qatnası názerde tutılǵan xalıqaralıq kelisim hám shártnamalarda qollanıladı.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Urıstan keyingi Yaponiyanıń awhalına ulıwma táriyp beriń
2. Yaponiyada demokratiyalıq processti baslaǵan Amerikalılar óz aldılarına qanday máqsetlerdi qoyǵan edi?
3. Yaponiya ekonomikasın reformalastırıwda D.Makkartur basshılıǵındaǵı Amerika hákimshiligi qanday rol oynadı?
4. Yaponiya «Ekonomika ájaybatı»nıń tiykarǵı sebepleri nelerden ibarat edi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

5. 1970-jıllarda Yaponiya ekonomikası dus kelgen mashqalalar nelerden ibarat edi?

6. Yaponiyada postindustrial ekonomikalıq modeldiń dúziliwine qanday sebepler túrtki boldı?

7. Aziyanıń «Jańa industrial mámleketleri» ataması qashan payda bolǵan?

8. Aziyanıń «Jańa industrial mámleketleri»n qanday ulıwmalıq tárepleri birlestirip turadı?

## Óz betinshe jumıs



Koreya Respublikası kartası menen tanısıń hám hákimshilik-aymaqları birlikleriniń atların dápterińizge jazıń hám de olardı yadta saqlawǵa háreket etiń.



Internet qurılmasında Yapon atawlarına virtual sayaxat shólkemlestiriń hám temada úyrenilgen materiallar tiykarında tariyxıy waqıyalardı talıqlań.



Yapon jazıwshısı Yasusi Inoueniń «Batıs úlkesi haqqındaǵı eske túsiriwler» kitabınıń «Batıs úlkesi haqqındaǵı birinshi eske túsiriwler» bólimin oqıń hám de Ózbekistannıń Tashkent, Samarqand, Buxara sıyaqlı qalaları haqqındaǵı maǵlıwmatlardı qısqasha konspekt etiń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 24-TEMA. 1946 – 1991-JILLARDA QITAY XALIQ RESPUBLIKASI

Ekinshi jáhán urısı jıllarında Qıtayda rásmiy hákimiyat Chan Kayshi basshılıǵındaǵı Gomindan partiyası (Milliy partiya)na tiyisli edi. 1945-jılı mámleket aymaǵı hám xalıqtıń úlken bólimi gomindanshı Chan Kayshi húkimeti tárepinen qadaǵalawda boldı.



**Qıtayda Gomindan partiyası qashan dúzilgen edi?**

Chan Kayshi húkimeti BMSHin dúziwde jedel qatnastı hám ullı mámleket sıpatında Qáwipsizlik Keńesiniń bes turaqlı aǵzalarınıń biri boldı. 1945-jıl avgustta SSSR hám AQSH qatnasında Qıtayda Kommunistlik partiyası menen Gomindan ortasında sóylesiwler bolıp, ózara dushpanlıq háreketlerdi toqtatıwǵa kelisildi.

**Puqaralar urısı.** Biraq dúnyada «suwıq urıs» baslanıp ketken, SSSR hám AQSH endi Qıtayda waqıyalardıń tınısh rawajlanıwınan mápdar emes edi. Bul waqıtqa kelip kommunistler menen gomindanshılar ortasındaǵı múnásibetlerde keskinlesip bardı. Heshkim kútpegen halda **1946-jılı iyunda** Qıtayda puqaralar urısı qaytadan baslandı.

AQSH tárepinen qollap-quwatlanǵan Chan Kayshi armiyası 1947-jılı kommunistlerdiń paytaxtı Yanan qalasın iyelep aldı. Biraq bul puqaralar urısında gomindanshılardıń aqırǵı jeńisi boldı.

Húkimet tárepinen qadaǵalawǵa alınǵan aymaqlarda AQSH járdemine qaramastan socialıq-ekonomikalıq awhal barǵan sayın keskinlesip bardı. Uzaq urıs sebepli ekonomika izden shıqtı, jumıssızlar sanı úzliksiz artıp bardı, adamlar narazılıq bildire basladı. Bir qatar aymaqlarda kóterilisler baslandı.



Mao Szedun – Qıtay xalqı kósemi.

Usı waqıtta Mao Szedun basshılıǵındaǵı kommunistler qadaǵalap turǵan aymaqlarǵa SSSR júdá úlken járdem kórsetti. SSSRdıń ekonomikalıq járdemi hám qurالı menen Xalıq-azatlıq armiyası qayta dúzildi, armiyada qatań tártip ornatıldı. Bul háreketler urıs táǵdirin keskin ózgertiw imkanıyatin berdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1947-jıl iyulda Xalıq-azatlıq armiyası hújimge ótti. Bir neshe hújimler nátiyjesinde Arqa hám Oraylıq Qıtaydıń keń aymaqları kommunistler qadaǵalawına ótti. Gomindan armiyasında tolıq túskinlik baslandı. Gomindan rejimi ekonomikalıq hám finanslıq apatshılıq jaǵasında turǵan edi. AQSH onı saqlap qalıwǵa háreket etti.

Biraq tezarada kommunistler pútkil Qıtaydı iyelep aldı. 1949-jıl sentyabrde Pekinde Milliy siyasiy másláhát konferenciyası ashıldı. **1-oktyabr kúni** Qıtay Xalıq Respublikası daǵaza etildi.

**1952-jıl dekabrde** Qıtay Kommunistlik partiyası Oraylıq Komiteti mámlekette «socializm qurıw» haqqında qarar qabıl etti. Onda mámleketti industriyalastırıw, óndiris qatnasıqların qayta qurıw, siyasiy demokratiyanı rawajlandırıw kózde tutıldı. Bul wazıypalardı orınlaw uzaq múddetke, 15 jılǵa mólsherlengen bolıp, bul múddette olardıń ayrımları ámelge aspay qaldı.

1960-jılları Qıtaydı rawajlandırıwdıń **«Úlken sekiriw»,** 1970-jılları **«Mádeniy revolyuciya»** dep atalǵan júdá qarama-qarsı keletuǵın siyasatları ámelge asırılıp, olar Qıtayǵa hesh qanday ekonomikalıq hám siyasiy payda keltirmedi. Kerisinshe mámlekettiń awhalın awırlastırdı.



**1946-jıl iyunda ...** **1947-jılda ...**
**1949-jıl 1 oktabr ...** **1952-jıl dekabrde ...**

**Jańa reformalardıń baslanıwı.** Mao Szedun qaytıs bolǵannan soń hákimiyatqa kelgen Den Syaopin hám basqa pragmatikler 1970-jıllardıń aqırında Qıtayda reformalardıń jańa strategiyasın islep shıqtı. 1981-jıldan awıl xojalıǵın keń kólemde qayta qurıw baslandı. Nátiyjede Qıtay ózin azıq-awqat ónimleri menen támiyinlew mashqalasın sheship, ónimlerdi shetke eksport ete basladı.

Siyasiy rawajlanıwda kommunistlik rejimniń tiykarǵı tárepleri saqlanıp qalındı. 1989-jıl báhárde Pekin studentleriniń narazılıq demonstraciyasına basqa qalalardan millionlaǵan ziyalılar qosıldı. 1989-jıl mayda Pekinde ayrıqsha jaǵday daǵaza etildi. **Den Syaopin Tyanmin maydanındaǵı** demonstraciyanı kúsh penen tarqatıp jiberiwdi buyırdı. Studentlerge qarsı quralli kúshler paydalanıldı, júzlegen jaslar nabıt boldı, kóplegen adamlar qamaqqa alındı. AQSH Kongressi Qıtayǵa qarsı sankciya daǵazaladı. Biraq industrial mámleketler menen qatnasıqlardıń keskinlesiwi júz bermedi. Se-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bebi bul waqıtqa kelip Qıtay júdá úlken tásirge iye mámleketke aylanǵan edi. Bul waqıyalarǵa qaramastan, Qıtayda reformalar dawam ettirildi.

**Sırtqı siyasat.** Xalıqaralıq qatnasıqlarda Qıtay uzaq jıllar ózin ekinshi dárejeli mámleket sıpatında sezip keldi. Qıtay BMSH hám basqa da xalıqaralıq shólkemlerde óz ornına iye emes edi, onıń ornın Tayvanda jaylasqan Chan Kayshi basshılıǵındaǵı gomindanshılar iyelegen edi. Kóplegen Batıs mámleketleri menen normal qatnasıqlar joq edi.




Qıtay Xalıq Respublikası.




**1981-jıldan awıl xojalıǵın keń kólemde qayta qurıw baslandı.**

**1989-jıl mayda Pekinde ayrıqsha jaǵdaylar daǵaza etildi**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1970-jıllardan baslap jağday ózgerdi. Batıs mámleketleri menen diplomatiyalıq qatnasıqlar tiklendi, Tayvan ornına BMSHde óz ornın iyeledi. AQSH penen qatnasıqları jaqsılandı, tek SSSR menen quramalıǵınsha qaldı. 1980-jılları Qıtay yadro quralına iye bolǵan mámleketke aylandı hám xalıqaralıq qatnasıqlarda soǵan jarasa orın iyelewge umtıldı. 1980-jıllardıń ekinshi yarımında SSSR menen de qatnasıqları jaqsılandı.



**Pragmatik** – pragmatizm tárepdarı, filosofiyalıq sistema. Turmıslıq mániste pragmatik – bul turmısqa salıstırǵanda óz kózqarasları hám ámellerdi paydalı nátiyjelerge qarap dúziwshi kúsh.

**Strategiya** – húkimettiń óndiris, dáramat hám qárejet, byudjet, salıq, kapital kiritiw, baha, sociallıq qorǵaw baǵdarındaǵı uzaq múddetli, eń áhmiyetli is-ilajlar rejesi.

**Sankciya** – bul xalıqaralıq kelisim hám normalardı buzǵan bir topar jeke adamlar yaki pútin bir mámleketke qaray qollanılatuǵın sheklew sharası. Sankciya ekonomikalıq, áskeriy, siyasiy hám basqa túrde bolıwı múmkin.

**Ulken sekiriw** – 1960-jılları Qıtayda socialistlik ekonomikanı dúziw ushın qollanılǵan siyasat.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Qıtayda puqaralar urısınıń baslanıwına ne sebep boldı hám qanday juwmaqlandı?
2. Qıtayda ámelge asırılǵan «úlken sekiriw» siyasatınıń mánisi qanday?
3. Mádeniy revolyuciya hám onıń Qıtay ushın aqıbetleri nelerden ibarat boldı?
4. Qıtayda jańa reformalardıń baslanıwına qanday sebepler túrtki boldı?
5. XX-ásirdiń 80–90-jıllarında Qıtay sırtqı siyasatı tuwralı nelerdi bilesiz?
6. Qıtaydaǵı reformalar XXI ásir baslarına kelip qanday nátiyjelerge alıp keldi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Óz betinshe jumıs



Tema tekstinde ańlatılg'an tariyxıy waqıyalar júz bergen aymaqlardı Qıtay kartasında súwretlep kórsetiwge háreket etiń.



Ótkir Qoshimovtıń «Dápter jiyegindegi bitikler» kitabınan alıngan tómendegi qatardı oqıń hám dápterińizge tema menen baylanısqan halda esse jazıń: «Urıstıń jaqsısı bolmaydı Biraq eń qorqınıshlı urıs-puqaralar urısı. Sebebi, ol áwladtan -áwladqa «miyras» ótip, máńgi dawam etedi.

## 25-TEMA. 1946 – 1991-JILLARDA HINDSTAN HÁM PAKISTAN

Ekinshi jáhán urısınıń juwmaqlanıwı menen Hindstandağı hind hám musulman diniy toparları arasında kelispewshilikler jáne keskinlesti. Onıń ústine urıstan keyingi azıq-awqat krizisi Hindstandı derlik asharshılıq jağdayına alıp kelip, awhaldı júdá quramalastırdı. Bul jağday Ullı Britaniyanı tezirek Hindstannan shığıp ketiwine májbúr etti.



**Hindstan milliy ǵárezsizligi ushın gúresken qaysı watan súyiwshilerdi bilesiz?**

**Ǵárezsizliktiń dağazalanıwı.** 1946-jıl 9-dekabrde Shólkemlestiriwshi májilis ashıldı. Inglisler Hindstandı eki mámleketke–Hindstan hám Pakistan bóliw rejesin islep shıqtı. Xalıqtıń hind hám musılman diniy toparlarına tiyisligi, bóliniw ushın tiykar etip alındı.

**1947-jıl 15-avgust** kúni eki ǵárezsiz mámleket–Hindstan hám Pakistan dúzilgenligi dağazalandı. Hindstan húkimetin Javaharlal Neru, Pakistandiki bolsa Liikat Alixon basqardı.

Hindstannıń bóliniwi kóplegen mashqalalardı keltirip shıǵardı. Bóliniw payıtındağı qarama-qarsılıqlardı adamlardıń massalıq óltiriliwi uzaq jıllarğa Hindstan hám Pakistan ortasında ózara dushpanlıq sezimin payda etti.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Óz jurtın taslap, basqa aymaqlarǵa kóshiw de millionlaǵan adamlardıń turmısına keri tásir etti. Musulmanlardı qorǵawda ayıplanǵan **Maxatma Gandi** hind-fanatigi tárepinen óltirildi.

M.Gandidiń ólimi hindler ushın júdá úlken milliy joǵaltıw boldı. Bul joǵaltıwdan túskenlikke túsken xalıqtı biraz jılawladı, oylap kóriwge, qan tógiwdi toqtatıwǵa májbúr etti.




Hindstan hám Pakistan.

**Ekonomikalıq rawajlanıw.** Koloniallıqtıń ekonomikalıq qaldıqların jeńip ótiw ańsat bolmadı. Húkimet keń reformalar alıp bardı. Ekonomikanıń



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

barlıq tarawları erkin bazar siyasatına qatnastırılıp, olardıń tiykarın jeke isbilermenlik hám jeke investiciyalar quradı.



**1946-jıl 9-dekabrde ...** **1947-jıl 15- avgust ...**
**Hindstan tariyxında M.Gandi xızmeti ...**

Eń úlken reforma agrar tarawında ótkerildi. Jer onda miynet etetuǵın diyqanlarǵa tarqatıldı. Jerdi ijaraǵa beriw, onnan payda alıwǵa tiykarlanǵan sistema biykar etildi. Biraq miynet ónimdarlıǵı aspadı, hasıldarlıq júdá áste ósti, azıq-awqat mashqalası jáne uzaq waqıt saqlanıp qaldı.

1950-jıllardıń ekinshi yarımı – 1960-jıllar Hindstanda jedel industriyalastırıw baslandı. Mámleketke qaraslı iri sanaat kárxanaları qurıldı. Biraq ekonomikalıq ósiw nátiyjeleri xalıqtıń ósiw pátleri aldında júdá tómen bolıp, jalpı milliy ónimlerdiń yarımınan kóbi ishki tutınıwǵa sarıplanatuǵın edi. Nátiyjede 1960-jılları densawlıqtı saqlaw, bilimlendiriw, ilim hám mádeniyat tarawlarında erisilgen jetiskenliklerge, ekonomikadaǵı ózgerislerge qaramastan, xalıqtıń jasaw dárejesi, turmıs mádeniyatı tómenliginshe qaldı.

**Zamanagóy siyasiy sistemanıń dúziliwi.** XX ásirde ǵárezsizlikke erisken Aziya hám Afrika mámleketleri ishinde Hindstan áhmiyetli parlament demokratiyasın dúzgen birden-bir mámleket boldı. **1949-jılı** Hindstannıń jańa Konstituciyası qabıl etildi. Konstituciya tiykarǵı demokratiyalıq erkinlikler, insan huqıqları, kastalar teńligin, hákimiyattıń bóliniwi principlerin daǵazaladı.

**1960–1970-jıllardaǵı krizis.** **1965-jıl** Hindstan menen Pakistanda baslanǵan urıs Hindstannıń ishki siyasiy turaqlılıǵına keri tásir kórsetti. Urıstı toqtatıw ushın **1966-jılı** Tashkentte Hindstan hám Pakistan ortasında sóylesiwler bolıp ótti. Sóylesiwler ńátiyjeli juwmaqlanıp, **Tashkent deklaraciyası** qabıl etildi.



**1950-jıllardıń ekinshi yarımı – 1960-jıllar Hindstanda ...**
**1965-jıl ...** **1966-jıl ...**

Usı dáwirde ekonomikalıq qıyınshılıqlar da artıp bardı. 1966–1967-jılları ekonomikada turǵınlıq júz berdi. Keyingi jıllarda da sanaattıń ósiwi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

tómen dárejede boldı. Mámlekette ashlıq bárqulla qáwip salıp turdı. 1960-jılları agrar reforma ótkerildi. Biraq ol áwhaldı sezilerli dárejede de jaqsılanbadı. Hind diyqanları ele de ashlıq dárejesinde kún keshirdi.

Usınday jaǵdayda bas wázir Indira Gandi 1970-jılları bir qatar áhmiyetli reformalardı ámelge asırdı. Olar tiykarınan ekonomikaǵa mámlekettiń aralasıwın azaytıwǵa qaratılǵan edi. Nátiyjeler jaman bolmadı. Sanaat hám awıl xojalıǵınıń jıllıq ósimi keskin astı. 1980-jıllar ortalarında mámleket ǵálle menen ózin-ózi támiyinley basladı. Shet el investiciyaları da kóbeydi.

Biraq 1990-jıllar basında Hindstannıń ekonomikalıq awhalı jáne keskinlesti. Ekonomikalıq ósiw derlik toqtadı, inflyaciya kúsheydi, jumıssızlıq ósti.



Indira Gandi.

**Sırtqı siyasatta.** 1950-jılları **«J.Neru kursı»** dúzildi. Bul ullı mámleketler ortasındaǵı qarama-qarsılıqlardan shette turıw siyasatı edi. J.Neru Qosılmawshılıq háreketiniń baslamashılarınan biri boldı. Qosılmawshılıq háreketi Hindstannıń pútkil XX ásirdegi sırtqı siyasatın belgilep berdi.

**Pakistan.** Islam dini Pakistan ushın milletti birlestiriwshi háreketegi kúsh bolıp keldi. Biraq ǵárezsizlikten keyin mámleket quramalı siyasiy processlerdi basınan keshirdi. Diniy hám aymaqlıq qarama-qarsılıqlardan turaqlı siyasiy sistemanıń dúziliwine, ekonomikanıń rawajlanıwına kesent berdi. Pakistanda miynetkeshlerdiń awhalı awırlıǵınsha qaldı.

**1977-jılı** áskeriy awdarıspaq júz berdi – hákimiyatqa general **Ziyo ul-Haq** keldi. Ol parlametti tarqatıp jiberdi, premer-ministrdi wazıypasınan azat etti hám erkin saylawlar támiyinlendi. **1988-jılǵı** saylawlar nátiyjesinde



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

hákimiyatqa **Benazir Bxutto** basshılığındağı Pakistan xalıq partiyası keldi. B.Bxutto mámlekettiń bas wáziri boldı. Ziyo ul-Haq dáwirinde qamaqqa alıngan barlıq siyasiy ǵayratkerlerge amniciya berildi.




**1947-jıl 15-avgust kúni eki ǵárezsiz mámleket – Hindstan hám Pakistan dúzilgenligi daǵaza etildi.**

**1966-jılı Hindstan hám Pakistan ortasında Tashkent deklaraciyası qabıl etildi.**

**1977-jılı Pakistanda áskeriy awdarıspaq júz berdi.**

1990-jılı Pakistan prezidenti B.Bxutto húkimetin korrupciyada ayıplap, bas wázirdi lawazımınan azat etti, jańa saylaw ótkizdi hám onda B.Bxutto jeńiliske ushıradı.



**Amniciya** – húkimettin joqarı organı tárepinen jinayat islegenlerge qaray qollanılatuǵın jınayiy jazadan belgili bólimin yaki tolıq azat etiw usılı.

**Kurs** – siyasıy baǵdar, jol.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Urıstan keyin ne ushın Hindstandı ǵárezsiz hám bir mámleket tárizde saqlap qalıwdıń ilajı bolmadı.
2. Hindstannıń bóliniwi qanday mashqalalardı keltirip shıǵardı?
3. Qanday hárekettegi kúshler Hindstanda zamanagóy siyasiy sistemanıń dúziliwine sebep boldı?
4. Pakistan ǵárezsizlikke eriskennen soń 1950 – 1960-jılları qanday siyasiy jaǵday payda boldı?
5. Pakistanda 1977-jılǵı áskeriy awdarıspaq qanday nátiyje menen juwmaqlandı?

## Óz betinshe jumıs



Kartadan paydalanıp Hindstan hám Pakistanǵa tiyisli aymaqlardı dápterińizge ajıratıp jazıń hám aymaqlıq bóliniwge óz múnásibetińizdi bildiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



XX a'sirdiń 60-jıllarınan baslap Ózbekistanda belgili bolǵan Hind kinoları dizimin dúziń hám «Meniń súyikli kinom» temasında esse jazıń.



n.ziyouz.com saytınan Sharof Rashidovtıń «Kashmir qosıǵı» qıssasın kóshirip alıń hám oqıń hám de kishi oqıw jobasın tayarlap, dógerek shınıǵıwlarında prezentaciya ótkerin'.

## 26-TEMA. 1946 – 1991-JÍLLARDA TURKIYA, IRAN HÁM AWǴANSTAN

**1946–1980-jılları Turkiya.** Turkiya prezidenti Ismet Inyonyu ekinshi jáhán urısınan keyin Ata túrktiń jolın dawam ettirdi, mámlekette bir partiya diktaturası saqlanıp qaldı.



**Usmaniy túrkler mámleketi haqqında nelerdi bilesiz?**

«Suwıq urıs» jıllarında Turkiya Batıs mámleketleri menen birge boldı. Ullı Britaniya, keyin AQSH Turkiyaǵa finanslıq hám ekonomikalıq járdem kórsetti. Turkiya «Marshall rejesi»ne kiritildi, NATOǵa aǵza boldı.



Turǵut Ózol.

Batıs mámleketleri menen birge islesiwge, olardıń járdemine qaramastan, 1980-jıllarǵa shekem Turkiyada ekonomikalıq ósiw pátleri tómen boldı. Demokratiyalıq processler ásten rawajlanıp, siyasatta armiyanıń roli joqarılıǵansha qaldı. Bul 1960–1970-jıllarda bir qatar áskeriy awdarıspaqlarǵa alıp keldi.

1980-jıl sentyabrde general **Kenan Evren** náwbettegi áskeriy awdarıspaq jasap, jáne áskerler húkimetti qolǵa aldı. Júdá qattı,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

hátte qorqınıshlı usıllar menen bolsa da, mámlekette tártip ornatıldı. **1982-jıl noyabrde** ótkerilgen referendum jańa konstituciyanı tastıyıqladı.




Turkiya hám Iran.

1983-jılı Turkiya bas wáziri bolǵan **Turǵut Ózol** Turkiyada XX ásirdiń aqırlarında ámelge asırılǵan reformalarda júdá úlken rol oynadı. Ol Turkiyada tezlik penen ekonomikalıq reformalardı baslap jiberdi. Ekonomikada mámlekettiń roli páseydi, mámleket sektorın keń menshiklestiriw baslandı, eksporttı xoshemetlew haqqında, erkin ekonomikalıq zonalardı dúziw haqqında nızamlar qabıl etildi.

Nátiyjede Turkiya jedel rawajlanıw jolına tústi. Ekonomikada mámleket sektorınıń ústinligi urıstan keyingi Turkiyanıń xarakterli tárepi edi. Tek ǵana T.Ózol reformaları oǵan shek qoydı, mámlekette siyasiy jaǵdaydıń da unamlı tárepke ózgerisi júz berdi. **1989-jılǵı** saylawlarda T.Wzol Turkiya Respublikası prezidenti etip saylandı. 1990-jıldan bas wázir lawazımın basqa bir tájiriybeli siyasatshı Sulaymon Demirel iyeledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Sırtqı siyasatta** Turkiya uzaq jıllardan berli Evropa Awqamına kiriw ushın háreket etip kelmekte. Turkiyanıń ekonomikalıq hám siyasiy tárepten Evropa menen baylanısqanlıǵı, NATOnıń aǵzası bolǵanlıǵına qaramastan, ele Evropa Awqamına qabıl etilmedi.

**1980-jıl sentyabrde ...**
**T. Ózol xızmeti ...**

**1983-jılda Turkiya ...**
**S. Demirel xızmeti ...**

**Iran.** 1946- jılı inglis hám sovet áskerleri Irannan alıp shıǵıldı. 1950-jıllardıń birinshi yarımında Iran siyasatı tiykarınan mámleket neft sanaatın nacionalizaciya etiwge baǵıshlandı.

**Safaviyler haqqında nelerdi bilesiz?**

Iran shaxı Muhammad Riza Pahlaviy zamanagóy, oqımıslı adam edi. Ol mámlekette korrupciyaǵa qarsı, ekonomikanı modernizaciya etiw ushın bir qatar is-ilajlardı ámelge asırdı. 1963-jıl referendum ótkerilip, onda shax mámlekette reformalar ótkeriw usınısın kiritti. Referendumda xalıq shax usınısın qollap-quwatladı. Bul reformalar ulıwmalıq at penen «aq revolyuciya» dep ataldı. «Aq revolyuciya»nıń on jılında Iran ekonomikalıq ósiw dárejesi boyınsha dúnyada eń joqarǵı kórsetkishlerge eristi. Irannıń neftten alatuǵın dáramatları da keskin ósti. Sanaattıń mashinasazlıq, stanoksazlıq hám basqa da tarawları jedel rawajlandı.


Muhammad Rizo Pahlaviy.

**Shax húkimetiniń awdarılıwı.** Shax reformaları nátiyjesinde mámlekettiń zamanagóylesiwi Irandaǵı dindar fanatiklerdi qattı táshwishke saldı. Olar shaxqa qarsı úgit-násiyat alıp bardı. Bul úgit-násiyat dindarlar basshılıǵındaǵı xalıq kóterilislerine alıp keldi. Aqıbetinde 1979-jıl fevralda húkimet otstavkaǵa shıqtı. Shax rejimi awdarıldı, Iran Islam Respulikası dep daǵazalandı. Dindar adamlardan dúzilgen Keńes jańa konstituciyanı islep shıǵıwǵa kiristi. Tezlik penen ádetlerdiń diniy normaları engizildi: alkogoldan paydalanıw, muzıka, oyın, kino, shaxmat oyını,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kitaplar qadaǵan etildi, barlıq kino teatrlar jabıldı. Hayallar islam dástúrleri boyınsha kiyiniwge, párenjege oranıp júriwge májbúr etildi.

Batıs mámleketleri tárepinen Iranǵa qarsı sankciyalar daǵazalandı. Mámlekettiń ekonomikalıq awhalı awırlasıp bardı. Usınday jaǵdayda 1980-jılı Irak áskerleri Iranǵa bastırıp kirdi. Baslanǵan Iran-Irak urısı 1988-jılǵa shekem dawam etti. Iranda azıq-awqat qıyınshılıǵı baslanıp, kartochka sisteması engizildi, ekonomikanıń tómenlewi júz berdi. Pútkil dúnyada Iran xalıqaralıq terrorizm hám islam fundamentalizmi oshaǵı dep qaralatuǵın boldı. Usınday jaǵdayda revolyuciya jetekshisi, Iran Islam Respublikasınıń diniy basshısı Oyatilloh Ruhulloh Humayniy 1989-jılı qaytıs boldı.

1990-jılları ekonomika turaqlasıp, JIÓnıń ósiw pátleri jedellesti. Usı jılları islam radikalizmi de biraz páseydi.



**1963-jıl ...** **1979-jıl ...**
**Iran – Irak urısı hám onıń nátiyjeleri ...**

**Awǵanstan.** Awǵanstan shaxı **Muhammad Zohirshoh** ilimli adam bolıp, awǵan jámiyetin jaqsı biler edi hám modernizaciyalawdıń áhmiyetliligin tereń sezindi.



**Awǵanstan húkimdarı Ahmadxan qashan hákimiyat basına kelgen edi?**

Bul dáwirde Awǵanstanǵa SSSR, Franciya, Qıtay járdem kórsete basladı, nemisler, yaponlar, hindler birge islesiwindegi kárxanalar qurıldı. Biraq sociallıq turmısta ózgerisler ásten keshti, keskin reformalar ámelge asırılmadı. Usıǵan qaramastan, bul ózgerisler shaxtı awdarıp taslaw tárepdarların jedellestirip jiberdi. Nátiyjede **1973-jılı** shax taxttan awdarıldı. **Muhammad Dovud** prezident dep daǵazalandı.

M.Dovud bir qatar reformalardı ámelge asırdı. Biraq awǵan xalqınıń júdá kem bólimine ǵana tásir etti. Eń áhmiyetli is-ilajlardıń biri sawatsızlıqtı saplastırıw boyınsha mámleket basqarmasın dúziw boldı. Mámleket bilimlendiriwdi tolıq óz qadaǵalawına aldı, barlıq mektepler hám oqıw jurtları bilimlendiriw wázirligi ıxtiyarına ótkerildi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**1977-jılı** jańa Konstituciya qabıl etilip, onda M.Dovud ómirlik prezident dep dağazalandı. Biraq M.Dovud armiya ústinen óz húkimdarlığın ornata almadı.



**1973-jılda ...**
**1977-jılda ...**
**1978-jılda 27 aprel ...**
**1979-jıl dekabr ...**

1978-jıl 27-aprelde Awğanstan áskeriy-háwa kúshleriniń áskeriy basshısı polkovnik Abdul Qodir basshılığındağı áskeriyler mámleketlik awdarıspaqtı ámelge asırıp, M.Dovudtı hákimiyattan shetletti. Revolyuciyalıq keńes dúzilip, ol ózin Awğanstandağı joqarı hákimiyat dep dağazalandı. Keńeske **Nur Muhammad Taraqiy** basshılıq etti.




Awğanstan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Hákimiyatqa kelgen topar ishinde de birlik joq edi. Nátiyjede N.M.Taraqiy óltirildi. Hákimiyattı **Hafizullo Amin** óz qolına aldı. Ol SSSRǵa múrájáát etip, Awǵanstanǵa sovet áskerlerin kirgiziwdi soradı.

Usınday sharayatta **1979-yil dekabrde** Awǵanstanǵa sovet áskerleri kirgizildi. H.Amin óltirildi. Mámlekette awhal awırlasıp, derlik asharshılıq baslandı. Millionlaǵan adamlar mámleketti tárk etip, qońsı mámleketlerde qashaqqa aylandı. Hákimiyatta turǵan Awǵanstan xalıq demokratiyalıq partiyasına (AXDP) qarsı bolǵan jawınger mujohidler mámlekettiń úlken bólimin qadaǵalawǵa aldı.




**1983-jılda Turǵut Ózol Turkiya bas wáziri boldı.**
**1963-jılda Iranda referendum ótkerilip, onda shax mámlekette reformalar ótkeriw usınısın kirgizdi.**
**1979-jıl dekabrde Awǵanstanǵa sovet áskerleri kirgizildi.**

1986-jılı hákimiyatqa **Muhammad Najibulla** keldi. Ol qáwipsizlik xızmetiniń baslıǵı bolıp, qatań hám batır adam edi. Onıń siyasatı bir qansha ńátiyjeli boldı. **1989- jılı** SSSR óz áskerlerin alıp shıǵıp ketti, AQSH hám Pakistan bolsa kóterisshilerge qural jetkerip beriwdi toqtatdı. M.Najibulla hákimiyattı saqlap qaldı, biraq bul uzaqqa sozılmadı. 1991-jıl aqırına kelip SSSR tarqatılǵannan soń M.Najibulla húkimeti awır awhalda qaldı.



**Terrorizm** – tınısh xalıqtı qıynaw, qorqıtıw, fizikalıq joq etiwge tiykarlanǵan siyasat.

**Fundamentalizm** – eskirip qalǵan túsiniklerdi sın tárizde qayta ko'rip shıǵıwǵa keskin qarsı shıǵıwshı, dástúriy qádiryatlardı tiklew ushın gúresiwshi júdá koncervativ diniy aǵım.

**Islam radikalizmi** – diniy-siyasiy ideologiya hám ámeliy xızmet bolıp, ol musulman xalıq jasaytuǵın mámleketlerdiń ishki hám olar qatnasında xalıq aralıq mashqalalardı, sonday-aq mámleketler aralıq qatnasıqlardı sháriyat tiykarında sheshiw ushın sharayat jasawǵa baǵdarlanǵan.

**Mujohid** – jihodta qatnasıwshı musulman.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Turkiyada 1945 – 1980-jıllarda ámelge asırılǵan reformalar qanday nátiyjelerge alıp keldi?
2. Turkiyani jedel rawajlanıw jolına túsirgen T. Ózol reformaları haqqında aytıp beriń. Bul reformalar qanday nátiyjelerge alıp keldi?
3. Irandaǵı «Aq revolyuciya» qanday maqsetlerdi názerde tutqan edi hám ol qanday nátiyjelerge alıp keldi?
4. 1979-jılı Iranda shax rejiminiń awdarılıwı hám Iran Islam Respublikasınıń dúziliwine qanday faktorlar sebep boldı?
5. Iran-Irak urısı qanday nátiyjeler menen tamamlandı?
6. Awǵanstanda 1979-jılı ámelge asırılǵan «revolyuciya» awǵan jámiyetinde qanday ózgerislerdi alıp keldi?
7. Awǵanstannan sovet áskerleri alıp shıǵılǵannan soń mámlekette qanday processler júz berdi? Mamlekettiń tınısh rawajlanıw jolına ótiwi qanday keshpekte?

## Óz betinshe jumıs



«Awǵanstan» kartasınan paydalanıp oǵan shegaralas mámleketlerdiń atların dápterińizge kóshirip jazıń hám yadlań.



Internet qurılmasında Turkiyaǵa virtual sayaxat shólkemlestiriw hám temada úyrengen materiallar tiykarında tariyxıy waqıyalardı talqılań.



n.ziyouz.com saytınan Aziz Nesinniń «Ajayıp balalar» romanın kóshirip alıń hám oqıń hám de kishi oqıw jobasın tayarlap, dógerek shınıǵıwlarında prezentaciya ótkeriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 27-TEMA. 1946–1991-JILLARDA LATIN AMERIKASI MÁMLEKETLERI

Ekinshi jáhán urısınan keyin Latın Amerikası mámleketlerinde ekonomikalıq reformalar ótkeriw ushın qolay sharayat payda boldı: olar júdá úlken valyuta fondına iye boldı, jáhán sawdasında úlesi astı. Bul jaǵday Latın Amerikası mámleketlerinde massalıq, biraq avtoritar rejimlerdiń dúziliwi ushın qolay ortalıq jarattı.



**Ekinshi jáhán urısına Latın Amerikasınıń qatnası haqqında nelerdi bilesiz?**

1970-jıllar aqırı–1980-jıllar basında Latın Amerikası mámleketlerinde diktatorlıq rejimlerge qarsı gúres jedellesti. Bul 1979-jılı Nikaraguada revolyuciyaǵa, Salvador hám Gvatemalada kóterisshiler háreketiniń kúsheyiwine alıp keldi. Qubla Amerika mámleketleri – Ekvador, Peru, Boliviya, Argentina, Braziliya hám Urugvayda áskeriy rejimler puqaralıq húkimetler menen almastırıldı.

XX ásirde Latın Amerikası mámleketleri ushın ulıwmalıq bolǵan modernizaciyalawdıń úsh – revolyuciyalıq, neokonservativ hám reformalıq variantları ayqın kózge taslanadı. Bul variantlardı úsh mámleket mısalında kórip shıǵamız.

**Kuba–modernizaciyalasıwınıń revolyuciyalıq variantı.** 1950-jıllar aqırında Karib teńizindegi kishkene ataw – Kubada júz bergen waqıyalar pútkil dúnyanıń itibarın ózine qarattı. Kuba jámiyetti modernizaciya etiwdiń revolyuciyalıq jolın tańladı.



Fidel Kastro.

**1959-jıl 1-yanvar** kúni Fidel Kastro basshılıǵındaǵı qozǵalańshılar Kuba paytaxtı Gavana qalasına kirip keldi, revolyuciya jeńiske eristi. F.Kastro húkimeti tek ǵana keskin sıpat ózgerisi Kubanı qalaqlıqtan alıp shıǵadı, jámiyetti rawajlanıwdıń zamanagóy dárejesine kóteredi, dep oylap keskin sociallıq-ekonomikalıq siyasattı ámelge asırdı.

AQSHtıń Kubadaǵı jańa húkimetke dushpanlarsha múnásibeti anıq bolǵannan keyin, F.Kastro húkimeti SSSR menen kelisiw arqalı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mámlekettiń qorǵanıw qúdiretin bekkemley basladı. Bul **1962-jılǵı Karib krizisine** alıp keldi.



**1970-jıllar aqırı–1980-jıllar baslarında ...**
**1979-jılda ... 1962-jılda ...**

Kuba dáslepki dáwirde jámiyet turmısınıń derlik barlıq poziciyaların modernizaciya etiwde úlken ńatiyjelerge eristi. Tolıq agrar mámleket bolǵan Kubanı agrar-industrial mámleketke aylandırıw kursı tańlandı.

Biraq 1980-jıllarda jámiyetti modernizaciya etiwdiń Kuba variantında da belgili bir kemshilikler kózge taslana basladı. Ekonomikanıń ósiw pátleri, xalıqtıń jasaw dárejesi tómenledi. SSSRdıń bólshekleniwi Kuba ushın júdá úlken soqqı boldı. 1990-jıllarda kópshilik F.Kastro rejiminiń qulawın boljaǵan edi. Biraq bul rejim saqlanıp qaldı.

**Chili – modernizaciyasınıń neokoncervativ variantı.** Ekinshi jáhán urısınan keyingi ótken waqıt dawamında Latın Amerikası mámleketleri jámiyetti modernizaciya etiwdiń optimal variantın izledi. 1960-jılları Chilide húkimet mámleketti modernizaciyalawǵa háreket etti. Bunda ol aldıńǵı mámleketlerde sınawdan ótken reformalıq sistemalarǵa tayandı.

Biraq baslanǵan reformalar barǵan sayın jámiyettegi bóliniwdi kúsheytti, mámleket turmısınıń sociallıq-siyasiy tarawlarda keskinlikti júzege keltirdi. Náwbettegi prezident saylawlarınan aldın Xalıq birligi blogi shólkemlestirilip, oǵan kommunistler, socialistler, radikallar Xalıq xızmeti jeke háreketi kirdi. **1970-jılı** usı blok kandidatı **Salvador Alende** Chili prezidenti etip saylandı.



Augusto Pinochet.

S.Alende húkimeti tereń reformalardı ámelge asırıwǵa kiristi. Biraq jámiyet máplerine tásir etetuǵın, ádettegi turmıs tárizi, dástúriy sociallıq baylanıslardı buzatuǵın hár qanday is-ilaj sıyaqlı S.Alende húkimeti baslaǵan reformalarda da mámlekette túrli qatnaslardı, qarsılıqlardı keltirip shıǵardı. **1973-jılı** mámleket awdarıspaǵı ámelge **asırılıp, hákimiyatqa general Augusto Pinochet** basshılıǵındaǵı áskeriy xunta keldi. Chilide qamal jaǵdayı daǵazalandı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Konstituciya hám derlik barlıq demokratiyalıq erkinlikler biykar etildi.

Pinochet húkimeti tańlaǵan modernizaciyalawdıń neokoncervativ variantı úlken sociallıq mashqalalarǵa alıp keldi. Dáslep is haqı, ásirese reformalardıń dáslepki jıllarında, sezilerli dárejede kemeydi, jumıssızlıq keskin ósti.



**1960-jılları Chili de ...**
**1973-jılda ...** **1970-jılda ...**

Neokoncervativ modernizaciyalawdıń bunday qarama-qarsılıqlı nátiyjeleri mámlekettegi ulıwma siyasiy ortalıqqa da tásir kórsetti. 1989-jılı ótkerilgen prezidentlik saylawlarda Xristian-demokratiyalıq partiya jetekshisi P.Eylvin jeńip shıqtı. Diktatura dáwiri tamamlandı.

**Meksika – modernizaciyalawdıń reformalıq variantı.** 1958-jılı Meksika sanaat ónimleriniń ulıwma kólemi boyınsha Latın Amerikasında birinshi orınǵa shıqtı. Mámlekettiń ńátiyjeli ekonomikalıq rawajlanıwında mámleket sektorı tiykarǵı rol oynadı.

Latın Amerikasında úlken shawqımǵa sebep bolǵan Kuba revolyuciyası Meksika basshıların da sociallıq tarawǵa qatań itibar qaratıwǵa májbúr etti. Biraq modernizaciyalawdıń Kuba variantın qabıl etpesten, Meksika usı payıtta Chili variantına da júdá isenimsizlik penen qaradı. Meksikada húkimran sheńberindegiler rawajlanıwdıń liberal-reformalıq jolınan sheginbedi.




**1959-jıl 1-yanvar kúni F.Kastro basshılıǵında qozǵalańshılardıń revolyuciyası jeńiske eristi.**

**1970-jılı xalıq frontı kandidatı Salvador Alende Chili prezidenti etip saylandı.**

**1958-jılda Meksika sanaat ónimleriniń ulıwma kólemi boyınsha Latın Amerikasında birinshi orınǵa shıqtı.**

1980-jılları jáhán ekonomikalıq krizisi Meksika ushın úlken sınaw boldı. Krizis jeńip ótilgen bolsa da, jumıssızlıq, sırtqı qarız keskin astı, sırtqı dúnyada, birinshi náwbette AQSHqa ǵárezlilik te kúsheydi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Áskeriy rejim** – mámleket basqarıw forması bolıp, onda pu'tkil hákimiyat áskeriylerge tiyisli boladı. Ádette áskeriy rejimler áskeriy awdarıspaq arqalı ornatıladı.

**Agrar-industrial mámleket** – tiykarǵı baylıǵın awıl xojalıq ónimleri quraytuǵın, sanaatı awıl xojalıq ónimleri hám tábiyiy baylıqlardı qayta islewge baǵdarlanǵan mámleket.

**Áskeriy xunta** – mámleket awdarıspaǵı arqalı mámleketke kelgen, ádette zorlıq hám diktatorlıq usılları menen mámleketti basqaratuǵın áskeriyler hákimiyatı.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. 1950 – 1980-jıllardıń birinshi yarımında Latın Amerikası mámleketlerinde júz bergen tiykarǵı siyasiy ózgerisler haqqında aytıp beriń.
2. Modernizaciyalastırıwdın Kubaǵa tán bolǵan revolyuciyalıq jolı qanday keskin ózgerislerdi názerde tutadı?
3. Modernizaciyalawdıń Kuba variantı ózin aqladı ma? 1980-jıllarda bul varianttıń qanday kemshilikleri kózge taslandı?
4. Chilide S.Alende húkimetiniń reformaları málim jetiskenliklerge qaramastan ne ushın ǵalabalaspadı?
5. Pinochet diktaturası dáwirindegi reformalar Chilidiń keyingi rawajlanıwında qanday orındı iyeledi?
6. Meksikada modernizaciyalastırıwdıń reformalıq variantı Kuba hám Chili variantlarınan nesi menen ajıraladı?
7. XXI ásirde Latın Amerikası mámleketleri jáhán siyasatında úlken tásirge iye bolmaǵanlıǵınıń sebepleri nede?

## Óz betinshe jumıs



1963-jıl Kuba basshısı Fidel Kastronıń Ózbekistanǵa saparı haqqındaǵı maǵlıwmatlardı izlep tabıń hám «Sharof Rashidov hám Fidel Kastro» temasında prezentaciya tayarlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Internet qurılmasında Latın Amerikası mámleketlerine virtual sayaxat shólkemlestiriń hám temada úyrenilgen materiallar tiykarında tariyxıy waqıyalardı talqılań.

ziyouz.uz saytidan Alvaro Yunkeniń «Mug'allim ushın roza gúli» gúrrińin kóshirip alıń hám oqıń hám de mashqalalar haqqında jazılǵan basqa da gúrrińler menen salıstırıp, talqılawdı dápterińizge jazıń.

## 28-TEMA. 1946–1991-JILLARDA AFRIKA MÁMLEKETLERI

**Ekinshi jáhán urısı hám onıń aqıbetleri.** Ekinshi jáhán urısınan keyin Afrikada milliy-azatlıq háreketiniń xarakteri ózgerdi. **1945-jılı** Manchester qalasında **V Panafrika kongressi** boldı. Ol Afrika xalıqları gúresinde sıpat tárepinen jańa dáwir baslanǵanlıǵın kórsetti. Bul kongresste dáslepkilerine qaraǵanda júdá kóp Afrika shólkemleri qatnastı. Kongresste koloniallıqqa hám imperializmge qarsı ruwx ústem boldı. Afrikanıń barlıq aymaqları hám mámleketlerindegi awhal dodalandı. Kongress pútkil kontinentke hám barlıq iri aymaqlarda hám de mámleketlerge qaratılǵan jańa revolyuciyalıq talaplardı alǵa qoydı.

**Ekinshi jáhán urısında Afrika xalıqlarınıń qatnası haqqında nelerdi bilesiz?**

Kóplegen Afrika mámleketleri ushın urıstan keyingi jıllar siyasiy partiyalardı dúziw hám koloniallıq rejimlerdi qulatıw ushın gúres dáwiri boldı. Afrikalılar sanasında koloniallıq túsinigi Evropanıń húkim etiwshiligine tolıq baylanıslı edi. Usı sebepli ǵárezsizlik ushın gúres kóbinese barlıq evropalı nárselerden bas tartıwǵa aylanıp ketti. Bul haqqında Batıs Afrikalı shayır **Bernar Dade** bılayınsha jazǵan edi:



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Men galstuk tağıwdı jaqtırmayman.*
*Moynıma ájayıp shınjır tağaman,*
*Ádepsiz Evropanıń qullıq shınjırı.*
*Men saat tağıwdı jaqtırmayman.*
*Qolıma zulımdı tağıp júremen,*
*Evropannıń biymáni zulımın.*

Metropoliyalar da áste-aqırın húkim etiwshiliktiń burıngı usıllarınan waz keship bardı.

**«Afrika jılı».** Koloniallıqtan azat bolıw processiniń eń joqarı shegi 1960-jılğa tuwra keldi. Ol tariyxta «Afrika jılı» sıpatında kirdi. Usı jılları jáhán kartasında 17 jańa Afrika mámleketleri payda boldı. Olardıń kópshiligi francuz hám inglis koloniyaları edi. Afrikanıń eń úlken mámleketleri Nigeriya hám Kongo óz ğárezsizliklerin dağazaladı. Koloniallıq dáwirinde ekige bólinip ketken Somali birlesip, ğárezsiz Somali Demokratiyalıq Respublikası atın aldı.

«Afrika jılı» kontinenttegi jağdaydı ózgertip jiberdi. Basqa mámleketlerde de koloniallıq sistemaniń qulawı anıq bolıp qaldı. Keyingi jıllarda Ullı Britaniyağa qaraslı derlik barlıq mámleketler óz ğárezsizligin dağazaladı. 1975-jılı Portugaliyada revolyuciya júz bergennen keyin onıń koloniyaları da ğárezsiz mámleketler sıpatında shólkemlesti.

Usı tárizde, 1990-jıllarğa kelip, Sahrayı Kabirden qublada 40 tan ziyat siyasiy ğárezsiz mámleketler shólkemlesti. Olardıń kópshiligi ózlerin Respublika dep dağazaladı.

**Afrika mámleketleri mashqalaları.** Koloniallıq rejiminiń awdarılıwı hám siyasiy hákimiyattıń afrikalılarğa ótiwin pútkil Afrika júdá úlken jetiskenlik dep esapladı. Olar ózleriniń úlken úmitlerin ğárezsizlik penen baylanıstırdı. Derlik birden turmısı túpten jaqsılanadı degen isenim keń tarqalğan edi. Bul quwanıshlı úmitlerge xalıqtıń úlken bólimi sıyaqlı ańsatlıq penen bolmasa da, hár qalay afrikalı liderlerdiń de kópshiligi isener edi.

Turmıs haqıyqattan da jaqsılanıp bardı. Afrikalılar mámleket apparatlarınıń barlıq buwınların, armiya, politciyanı ózleri dúze basladı. Afrikalılar mádeniyatınıń rawajlanıwı ushın keń imkaniyatlar payda boldı. BMSH hám basqa da xalıqaralıq shólkemler ishinde teń huqıq penen qatnasıw, jańa mámleketler hám olar puqaralarınıń ózligin kórsete alıwında úlken rol oynadı. Jas mámleketler dúnyanıń kóplegen mám-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

leketlerinen, BMSHniń qánigelestirilgen organlarınan, xalıqaralıq fondlar hám banklerden sezilerli járdem ala basladı.

«Suwıq urıs» shárayatında qarama-qarsı bloklar ortasında Afrika mámleketlerine tásir kórsetiw ushın gúres baslandı. Ǵárezsizlikke erisken mámleketlerdiń bir bólimi socialistlik mámleketler, eń dáslep Sovet Awqamına erip, «kapitalistlik emes rawajlanıw jolı»n tańladı. Kópshilik jaǵdaylarda kapitalistlik emes rawajlanıw jolın tańlaǵan mámleketlerde múshkil jaǵdaylar payda boldı, ǵárezsizlik ushın gúresken keshegi liderler hám húkimran partiyalar hákimiyatqa kelgennen keyin, zalım diktatorlarǵa aylandı, puqaralar urısları bolsa kóplegen qan tógiliwlerge alıp keldi. Biraq kapitalistlik joldı tańlaǵan bir qatar mámleketlerde de usınday derlik birdey mashqalalar payda boldı.



**«Afrika jılı» ... 1975-jılda ...**
**Afrika mámleketleri mashqalaları bul ...**

Kóplegen Afrika mámleketleri ǵárezsizlik daǵaza etkennen keyin de dúnyanıń eń kámbaǵal mámleketlerinen bolıp qala berdi. Ǵárezsiz mámleketti qurıw júdá quramalı process bolıp shıqtı. Qıyınshılıqlardıń kópshiligi ótmishtegi koloniallıq penen, jáne bir bólimi bolsa kolonialılıqtan burıńǵı dástúrlerine baylanıslı edi. Koloniallıq sisteması awdarılǵannan keyin koloniallıq basqarıw sisteması da biykar etildi hám hákimiyatqa jańa, mámleketti basqarıw tájiriybesine iye bolmaǵan adamlardıń keliwi de awhaldı bir qansha quramalastırdı. Bir qatar Afrika mámleketlerinde kóp sanlı, tájiriybesiz hám nátiyjesiz, qulaǵına shekem korrupciyaǵa batıp qalǵan, mámleket baylıǵın talan-taraj qılıwshı hám usı tiykarda birin-biri qollap-quwatlawshı byurokratiyalıq apparat payda boldı. Bunday shárayatta birden bir tártip hám kúshke iye bolǵan shólkem armiya bolıp qaldı. Nátiyjede toqtawsız áskeriy awdarıspaqlar júz berdi. Hákimiyatqa kelgen diktatorlar sheksiz baylıqtı iyelep aldı. Ekonomikanıń jaman is júritiliwi narkotikler islep shıǵarıw hám tarqatıw, nızamsız ráwishte altın hám almaz qazıp alıw hám hátte adam sawdası sıyaqlı unamsız jaǵdaylardıń keń tarqalıwına alıp keldi.

Mámleket shegaralarınıń júdá jasalmalılıǵı da Afrika mámleketleriniń qáliplesiwin júdá qıyınlastırdı. Shegaralar koloniallıq dáwirinen miyras qalǵan bolıp, ǵárezsiz mámleketler shólkemlesiwinde de xalıqtıń etnik derekleri esapqa alınbaǵan edi. Bul jaǵday bárqulla etnik qarama-qarsılıqlardı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

keltirip shıǵardı hám millionlaǵan qashaqlardıń payda bolıwına alıp keldi. Mámleketler ara hám bir mámleket sheńberindegi etnik qarama-qarsılıqlar Afrika ushın haqıyqıy apatshılıqqa aylandı.




Afrika mámleketleri.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kambaǵallıqtan, urıs hám genocidten, sanattıń joqlıǵı sebepli jumıssızlıq hám ilajsızlıqtan qutılıw ushın millionlaǵan afrikalılar óz kontinentin taslap ketti. Házir Ullı Britaniya, Franciya sıyaqlı Evropa mámleketlerinde millionlaǵan afrikalılar jasamaqta. Legal emes emigrantlarda kóp bolǵanlıǵı ushın olardıń anıq sanın heshkim bilmeydi. Kóplegen afrikalılar óz watanlarına qaytıw ushın emes, Evropada óz huqıqların qorǵaw ushın gúrespekte.




**1990-jıllarǵa kelip, Sahrayı Kabirden qublada 40 tan artıq siyasiy ǵárezsiz ma'mlekeler payda boldı.**

**1975-jılda Portugaliyada revolyuciya júz bergennen soń onıń koloniyaları da ǵárezsiz mámleketler sıpatında shólkemlesti.**

Mámleketler hám etnoslar ortasındaǵı kóplegen qarama-qarsılıqlarǵa qaramastan, barlıq afrikalılar kontinenti aqırǵı koloniallıq rejimi – Qubla Afriika Respublikasındaǵı aparteid sistemasın qaralawǵa tilekles edi.



**Armiya** – mámlekettiń quralllı kúshleri. Onıń tiykarǵı wazıypası mámleketti sırtqı dushpanlardan qorǵaw.

**Politciya** – bir qatar mámleketlerde mámleket basqarıw organı bolıp, tiykarǵı wazıypası bar bolg'an sistemanı qorǵaw hám jámáátshilik tártipti saqlawdan ibarat.

**Genocid** – xalıqtıń ayrım toparların yaki barlıq xalıqlardı siyasiy, rasalıq, milliy, etnik yaki diniy belgileri tiykarında qırǵın etiw.

**Aparteid**, apartxeyd (apartheid – bólek-bólek jasaw) – rasalıq kemsitiwshiliktiń eń jawız kórinisi.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Birinshi jáhán urısı, urıstan keyingi Panafrika kongressi Afrika xalıqları koloniallıqqa qarsı gúrestiń xarakteriniń ózgeriwine qanday tásir kórsetedi?
2. Kontinenttiń ǵárezsizlikke erisiw simvolı bolǵan 1950-jıllar aqırındaǵı dáslepki ǵárezsiz mámleketler hám «Afrika jılı» haqqında aytıp beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

3. Ǵárezsizlikke erisken kóplegen Afrika mámleketleri ne ushın «kapitalistik emes rawajlanıw» jolın tańladı?

4. Afrika mámleketleri ǵárezsizlikke eriskennen keyin qanday mashqalalarǵa dus keldi?

5. Afrika mámleketlerinde etnik mashqalalarınıń bárqulla payda bolıwına ǵárezsizlikten burın qanday faktorlar sebep boldı?

6. Aparteid qanday sistema Genotsid ne?

7. Afrika xalıqları aldında XX ásirdiń 90-jılları qanday mashqalalar bar edi?

## Óz betinshe jumıs



«Afrika mámleketleri» kartası menen tanısıń hám tema tekstindegi waqıyalar menen baylanısta tu'sinik jazıń.



Tema teksti tiykarında «Afrika» temasında bes qatarlı qosıq «Sinkveyn» dúziń hám da'pterińizge jazıń.



ziyouz.com saytidan Ernest Xemingueydiń «Shal hám teńiz» gúrrińin kóshirip alıń hám oqıń hám de kishi oqıw joybarın tayarlap, dógerek shınıǵıwlarına talqılaw ótkeriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 29-TEMA. XX ÁSIRDIŃ EKINSHI YARÍMÍNDA ILIM HÁM MÁDENIYATTÍŃ RAWAJLANÍWÍ

**Ilimiy-texnikalıq revolyuciya hám onıń nátiyjeleri.** Sońǵı júz jıl dawamında ilimniń rawajlanıwı XX ásirdiń ekinshi yarımında ilimiy-texnikalıq revolyuciyaǵa alıp keldi. Bul revolyuciyanıń tiykarǵı belgileri tábiyiy hám sentetik materiallardan tovarlardı massalıq islep shıǵarıw, mashinalardan keń paydalanıw, óndiristiń konveerli liniyaların, zavod-avtomatların hám sanaat robotların jaratıw boldı. Ilimiy-texnikalıq revolyuciya jáhán ekonomikasın kapitalizmniń postindustrial dáwirine alıp shıqtı.

Ekinshi jáhán urısınan keyin baslanıp ketken «suwıq urıs», AQSH hám SSSR ortasındaǵı qurallanıw jarısı kosmos tarawına da kóshti. **1957-jılı 4-oktyabr** kúni Sovet Awqamında dúnyada birinshi Jerdiń jasalma joldası ushırıldı. Akademik **S.P.Korolyov** basshılıǵındaǵı topar tárepinen Ayǵa kosmoslıq keme ushırıw boyınsha izertlewler alıp barıldı. Olar nátiyjesinde **1961-jıl 12-aprel** kúni dúnyada birinshi márte **Yuriy Gagarin** «Vostok» kosmos kemesinde kosmosqa párwaz etti. Kosmonavtika dáwiri baslanıp, ol kosmos haqqındaǵı bilimlerdi keńeytti.



**Dúnyada birinshi temir jol qashan hám qaysı mámlekette oylap tabılǵan edi?**

**Anıq pánlerdegi oylap tabılıwlar.** Bul jılları anıq pánler erisken eń úlken jetiskenliklerden biri lazerdiń oylap tabılıwı boldı. Bul ashılıw XX ásir fizika ilimindegi yeń ayqın ashılıwlardıń biri sıpatında tán alınǵan. 1960-jılı sovet fizikleri N.G.Basov, A.M.Proxorov hám Amerikalı alım Ch.Tauns lazyer – (bul inglisshe Light Amplification bu Stimulated Emission of Radiation – májbúriy nurlanıw nátiyjesinde jaqtılıqtıń kúsheytiliwi ibarasınıń bas háriplerinen alınǵan) – nurdıń pútkilley jańa túrin jarattı. Bul úsh alımǵa fizika tarawında **Nobel sıylıǵı** berildi.

Jańa texnika hám texnologiyalardan paydalanıw menen baylanıslı jáne bir jańalıq kompyuterdiń oylap tabılıwı boldı. Kompyuter (inglisshe compyuter – «esaplaǵısh») dáslep málimlemeni qayta islew hám esaplaw ushın jaratıldı, elektron esaplaw mashinası – EEM dep júritildi hám júdá úlken kólemge iye edi. 1959-jılı Amerikalı injenerler D.Kilbi hám R.Noys tárepinen **yarım ótkizgishli integral mikrosxemalar** dıń



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jaratılıwı kompyuter hám basqa ásbaplar kóleminiń keskin qısqarıwına, xızmet tarawın keskin keńeytiwge alıp keldi. Integral mikrosxemalardıń jaratılıwın alımlar XX ásirdiń sońǵı 50 jıl ishinde islengen yeń belgili oylap tabılıw dep ataldı.



Insaniyat tariyxında birinshi bolıp kosmosqa párwaz etken insan Yuriy Gagarin

Házir derlik hámmemiz paydalanatuǵın uyalı telefonlar da XX asirdiń oylap tabılıwı.Shveciyanıń Televyerket kompaniyasi 1940-jıllardıń aqırındaaq uyalı telefonlardı jaratıw ústinde jumıs baslaǵan yedi. Shvedler tárepinen usınıs yetilgen birinshi massalıq uyalı telefon baylanısı MTS – Mobil telefon sistem (mobil telefon sisteması) dep ataldı. 1970–1980-jılları **Ericsson, Pxilips** hám basqa da kóplegen belgili kompaniyalar tárepinen uyalı telefon apparatlarınıń jańa túrleri jaratıldı. Usı jılları zamanagóy kóriniske jaqın apparatlar payda boldı. Massachuset texnologiya institutı xızmetkerleri uzaq aralıqtan turıp kompyuter arqalı baylanıs ornatıw múmkinligin tiykarladı hám internettiń jaratılıwına jaqınlastırdı. 1969-jılı internettiń ótmishtegi kórinisi ARPANET jaratıldı. **1972-jılı E-mail** (elektron pochta) payda boldı.



**1957-jılda ... 1961-jılda ...**
**Yarım ótkizgishli integral mikrosxemalar oylap tabıwshıları bul ...**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Kórkem óner.** XX ásirdiń ekinshi Kórkem ónerde iskusstvoda abstrakcionizm (abstrakciya-qıyalıy) bağdarı keń eń jaydırıldı. Abstrakcionizm fotografiyanıń rawajlanıwına ózine tán juwap tárizde payda boldı. Abstrakcionizm wákilleri endi súwretleniwde háreketti, sezimlerdi ańlatıwğa umtılar, olardıń pikirinshe, tap usı tárepleri fotografiyada sáwlelendirip kórsetiwdiń ilajı joq edi.

Abstrakcionizmge qarama-qarsı ráwishte ***pop-art*** (massalıq kórkem óner) payda boldı hám tezarada Evropağa tarqaldı. Pop-art ıqlasbentleriniń, dúndağı hár qanday buyım óziniń dáslepki tutınıwshılıq áhmiyetin joğaltıp, kórkem, estetikalıq sıpat payda etiwi múmkin.

Kórkem ónerdiń bul bağdarlarında dúnya kórinisindegi logika hám anıqlılıqtıń joqlığı kórkem ónerdegi modernizm basqıshı óz imkániyatların juwmaqlap atırğanlığınıń kórsetpesi edi. Endi Batıs hám Shığıs kórkem óneri, ótmish hám zamanagóy stiller, folklor hám massalıq mádeniyat elementlerin ózinde jámlegen **postmodernizm** stili payda boldı.

**Ádebiyat.** Urıstan keyin bir qatar jazıwshılardıń romanları urıstı kórkem usıllar menen ańlawğa bağıshlandı. Bul dáwirde kópshilik shığarmalar antifashistlik, patsifistlik ruwxta jazılğan bolsa, 1960-jıllardan keyin realizm jámiyetindegi jańa eń áhmiyetli mashqalalardı sáwlelendiriw quralına aylandı. Olarda insan hám tábiyat ortasındağı úzliksiz baylanıslılıq, tábiyattağı joğaltıwlar insan hám jámiyettiń de tómenlewine alıp keliwi haqqında júdá tásirli kórkem obrazlar arqalı anıq ańlatıldı.




**XX ásirdiń ekinshi yarımında ilimniń rawajlanıwı ilimiy-texnikalıq revolyuciyağa alıp keldi.**

**1969-jıl Internettiń ótmishtegi kórinisi ARPANET jaratıldı.**

**1972-jılı E-mail (elertron pochta) payda boldı.**

Bayan etiwdiń realistlik forması XX ásirdiń jańa ádebiy jónelisi– massalıq ádebiyat ta ózine jol taptı. Bul ádebiyat massalıq oqıwshığa mólsherlenip, anıq ólshemler tiykarında jazılğan, kórkemlik tárepten onshelli joqarı bolmağan, ideologiyalıq tárepten bar tártiplerdi qollap-quwatlawğa bağdarlanğan shığarmalar. Bul-bazardıń barlıq nızamların basshılıqqa alatuğın, qariydarlardıń túrli qatlamlarına mólsherlengen ádebiy tovar. Bul óziniń ashıq kommerciyalıq xarakteri, kewilashar



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

funkciyası hám waqıyalar rawajlanıwınıń aldınnan belgili bolǵanlıǵı menen XX ásir birinshi yarımındaǵı ádebiyattan keri tárepleri menen ózgeshelik etedi. Bul shıǵarmalardıń kórkemlik bahası haqqında anıq pikir júritip bolmaydı, olardı oqıw aqıldı hám shın kewilden beriliwdi talap etpeydi, olar házirgi tezlik zamanında waqıt ótkeriwdiń bir túri bolıp qalǵan.



**Konveyer** – (convey – uzatıw) – shashılıwshı, bólekli yaki danalı júklerdiń ornın ózgertiriwge mólsherlengen toqtawsız isletip, uzatıp turıwshı mashina.

**Postmodenizm** – mádeniyatta modernizmniń tiykarǵı principlerinen bas tartıwshı hám ótmishtegi stil hám baǵdarlardan bazı da mısqılılıq penen paydalanıwshı XX ásirdiń ekinshi yarımına tiyisli jónelis.

**Patcifizm** (pacificus – tınıshlıq súyer) – zorlıq etiwdi saplastırıw ushın oǵan qarsı gúres ideologiyası. Patcifistik háreket, tınıshlıq ushın –urısqa qarsı sociallıq háreket bolıp, tiykarınan tınısh qurallar menen, urıstıń ǵayrı etikalıq xarakterin ashkaralawshı qarsılıq háreketi.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Kapitalizmniń postindustrial dáwirinde ilimiy-texnikalıq rawajlanıwı qanday basqıshlardı óz ishine aladı?
2. «Suwıq urıs» dáwirindegi jarıs massalıq qırǵın qurallarınıń qanday jańa túrlerin jaratılıwǵa hám kosmostı iyelew ushın qanday izertlewler alıp barıwǵa sebep boldı?
3. Zamanagóy EEM ler, kompyuterler hám uyalı baylanıs tarmaqlarınıń jaratılıwında integral mikrosxemalardıń oylap tabılıwı qanday rol oynadı?
4. Internet tarmaqlarınıń payda bolıwına qanday teoriya tiykar boldı?
5. Abstrakcionizm ne hám oǵan qanday túsinik beriw múmkin?
6. XX ásir ádebiyat hám iskusstvosındaǵı qánday baǵdarlarǵa túsinik bere alasız? Ádebiyat hám iskusstvonıń sociallıq turmısqa tásiri nelerde kórinedi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Óz betinshe jumıs



«Kosmosqa sayaxat» temasında prezentaciya tayarlań hám videorolik kórinisinde dógerek shınıǵıwlarında kórsetiń.



Internet qurılmasında XX ásirde ilim-pán hám texnika rawajlanıwına baylanıslı materiallardı izlep tabıń hám de oqıw joybarın tayarlań.



ziyouz.com saytınan «Jáhán ádebiyatı» jurnalında basıp shıǵarılǵan kórkem-tariyxıy shıg'armalardı koshirip alıń hám demalıs dáwirinde olardı oqıp shıǵıń hám de «Demalıs hám oqıw» temasında oqıw portfoliyesin tayarlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAZMUNÍ

Kirisiw ........................................................ 3
1-tema. 1918-1939-jıllarda xalıqaralıq qatnaslar ........................................................ 4
2-tema. 1918-1939-jıllarda ilimiy-texnikalıq rawajlanıwdıń tezlesiwi, ilim-pándegi jetiskenlikler ........................................................ 8
3-tema. 1918-1939-jıllarda Ullı Britaniya ........................................................ 12
4-tema. 1918-1939-jıllarda Franciya ........................................................ 16
5-tema. 1918-1939-jıllarda Amerika Qurama Shtatları ........................................................ 20
6-tema. 1918-1939-jıllarda Germaniya ........................................................ 25
7 – 8-temalar. 1918-1939-jıllarda SSSR ........................................................ 30
9-tema. 1918-1939-jıllarda Italiya hám Ispaniya ........................................................ 37
10-tema. 1918-1939-jıllarda LatınAmerikası mámleketleri ........................................................ 42
11-tema. 1918-1939-jıllarda Yaponiya ........................................................ 47
12-tema. 1918-1939-jıllarda Qıtay hám Hindstan ........................................................ 51
13-tema. 1918-1939-jıllarda Turkiya hám Iran ........................................................ 57
14-tema. 1918-1939-jıllarda Afrika mámleketleri ........................................................ 62
15-16-temalar. Ekinshi jahán urısı hám onıń juwmaqlanıwı ........................................................ 67
17-tema. Ekinshi jáhán urısınan keyingi xalıqaralıq qatnasıqlar: «suwıq urıs»tıń baslanıwı ........................................................ 76
18-tema. 1946-1991-jıllarda Amerika Qurama Shtatları ........................................................ 81
19-20-temalar: 1946-1991-jıllarda Sovet Awqamı ........................................................ 87
21-tema. 1946-1991-jıllarda Ullı Britaniya hám Franciya ........................................................ 94
22-tema. 1946-1991-jıllarda Germaniya hám Italiya ........................................................ 99
23-tema. 1946-1991-jıllarda Yaponiya hám Aziyanıń jańa industrial mámleketleri ........................................................ 105
24-tema. 1946-1991-jıllarda Qıtay Xalıq Respublikası ........................................................ 111
25-tema. 1946-1991-jıllarda Hindstan hám Pakistan ........................................................ 115
26-tema. 1946-1991-jıllarda Turkiya, Iran hám Awǵanstan ........................................................ 120
27-tema. 1946-1991-jıllarda Latın Amerikası mámleketleri ........................................................ 127
28-tema. 1946-1991-jıllarda Afrika mámleketleri ........................................................ 131
29-tema. XX ásirdiń ekinshi yarımında ilim hám mádeniyattıń rawajlanıwı ........................................................ 137

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Shuhrat Ergashev, Begzod Xodjayev,**
**Jamshid Abdullayev**

# JAHON TARIXI

**(1918 – 1991-yillar)**

O'rta ta'lim muassasalarining 10-sinfi va o'rta maxsus, kasb-hunar ta'limi muassasalarining o'quvchilari uchun darslik

Birinchi nashr

*(qoraqalpoq tilida)*

«TURON-IQBOL»
Toshkent, 100182. H. Boyqaro ko'chasi, 51- uy.
Toshkent – 2017

Awdarmashı S. Yusupov
Redaktorı P. Kalxorazova
Kórkem redaktorı E. Abdikayrova
Tex redaktorı T. Smirnova
Korrektor S. Alimboyeva
Kompyuterde tayarlaǵan A. Muhammadiyev

Baspa licenziyası AI№223, 16.11.2012
Basıwǵa 20-sentyabr 2017-jılda ruxsat etildi. Bishimi 70×90 $^{1}/_{16}$.
Ofset baspa. «Palatino Linotype» garniturası. Shártli b.t 10,53. Esap baspa t. 9,95. Nusqası 10 444. Buyırtpa 17-620

Ózbekistan Baspasóz hám xabar agentligíniń «Ózbekistan» baspa-foligrafiyalıq dóretiwshilik úyiniń baspaxasında basıldı. 100011, Tashkent, Nawayı kóshesi, 30.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ijaraǵa berigen sabaqlıq jaǵdayın kórsetiwshi keste.**

| № | Oqıwshınıń atı, familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı | Sabaqlıqtı tapsırǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | | | |
| 2. | | | | | | |
| 3. | | | | | | |
| 4. | | | | | | |
| 5. | | | | | | |
| 6. | | | | | | |

**Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı:**

| | |
|---|---|
| **Jańa** | Sabaqlıqtıń birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jaǵdayı |
| **Jaqsı** | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, betleri almastırılmaǵan, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| **Qanaatlandırarlı** | Muqabası jelingen, birqansha sızılıp, shetleri qayırılǵan, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen alınıp qalıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlandırarlı qálpine keltirilgen. Alınǵan betlerı qayta jelimlengen, ayrım betleri sızılǵan. |
| **Qanaatlandırarsız** | Muqabası sızılǵan, jırtılǵan, tiykarǵı bóliminen ajıralǵan yamasa pútkilley joq, qanaatlandırarsız qálpine keltirilgen. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslaǵan. Sabaqlıqtı qayta tiklew múmkin emes. |

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE